Дагъистаналъул адабият

# Гьудуллъи

ISSN 0235-0130

16+

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГІИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ

6 / 2016
ноябрь - декабрь





**МухӀамад Сулиманов** - магӀарулазул цӀар рагӀарав хъвадарухъан.

# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:** Министерство по печати и информации РД

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**6**

**2016**

**ноябрь - декабрь**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов
ПатIимат ГIабдурахIманова,
ТубхIат Зургьалова - *жавабияй секретарь,*
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов.

## НОМЕРАЛДА РУГО:


### ЦIИЯЛ АСАРАЛ

**М.АхIмадов**. ШагIирги БетIергьанги *(поэма)*....................................................3

### МУХIАМАД ГУНАШЕВ ГЬАВУРАЛДАСА - 80 СОН

**М.Гунашев**. *КучIдул*.......................................................................................9

### ВАЦЛЪИЯЛЪУЛ АДАБИЯТАЛДАСА

**М.-Р.Расулов**. РечIчIе, хIайван (хабар).............................................................14

### РАКIАЛДЕЩВЕЙ

**М.ТIагьир**. *КучIдул*..........................................................................................23
**ГI.Шейхов.** *КучIдул*..........................................................................................27
**М.Пазлудинов**.*КучIдул*....................................................................................31
**Ш.Дибиров**.*КучIдул*.........................................................................................35
**А.Амиров**. *КучIдул*..........................................................................................39

### БАКЬАГЬЕЧIИСА ЧIАНКIА ГЬАВУРАЛДАСА – 150 СОН

**П.МухIамадова**. Вацги яцги *(пьеса)*...................................................................42

### ДУНЯЛГИ ДИНГИ

ГIурусазул классик – исламалде нухда..............................................................52

### ЮБИЛЕЙ

**М.Саидов.** Дагъистаналъул халкъазул руссинарурал асарал........................ 58

### ПРОЗА

**Хъ. Султанбегова.** Лъабго борчIараб сордо *(къисаялъул кесек)*.....................65

### ЦIАЛДОЛЕЗУЛ КУЧIДУЛ

**Ш.Къурбанов.**.......................................................................................................71
**ГI.ХIайбулаева**.....................................................................................................73

### ЛЪАЛИЩ НИЛЪЕДА

Божизе захIматаб, амма......................................................................................74

### ГЬАБГИ, ДОБГИ, ДОБЦОЯБГИ

Генераласул махсара.............................................................................................77



Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ. РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрац. номер ПИ №ТУ05-00373 от 23.12. 2016 г. Выданный управлением Роскомнадзора по республике Дагестан.

**Типография: Издательский дом "Дагестан"**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 61

**ДРУЖБА №6 2016 г.**
ноябрь - декабрь
*На аварском языке*

Выход в свет 29.12.2016 г. Тираж 596 экз.
Заказ №1201 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан "Редакция республиканских литературных журналов "Соколенок" и "Литературный Дагестан".*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# ЦІИЯЛ АСАРАЛ

**МухIамад АХIМАДОВ**



## ШАГIИРГИ БЕТIЕРГЬАНГИ

*Дудейин, дир Аллагь,дица ахIулеб…*
*Инхоса ГIали-ХIажи*

### ШАГIИР

**Огь, БетIергьан Аллагь, гьаб дунялалда**
**Цо дуда гуреб дир рагIи рагIичIо.**
**ДугIаялде дир кечI буссараб мехалъ,**
**Рохелги талихIги бугеблъи лъана.**
**Хирияв БетIергьан, ритIухълъи дица**
**ГьетIарал нухазда балагьанщинаб,**
**ЩвечIо гьеб кодобе… Дида ритIухълъи**
**Ракьалда батичIо, зобазда гуреб.**

### ЖАВАБ

**Кидаго кватIула гIадамил лъимер,**
**ЛъикIлъи гьабизеги, лъай босизеги,**
**Лъимерлъиялдаго дица гьурщулел**
**Гьуинал зобазул тIагIам лъазеги.**
**ТIадал какал тола, кIалал кколаро,**
**Рохалил хазина – мажгит кIочона.**
**Магжида хъахIрасал раккараб мехалъ**
**Раккула руккелал ракIбухIаразул.**

## ШАГIИР

**Хирияв БетIергьан, ракIбухIиялъул
АхIиялъ гьавула гIадан гIаданлъун.
ГIадамазда гьоркьоб дуца кьураб бакI,
Рокьи дуде цIунун, кьола гьесие.
Дунги гьевго вуго, батIалъи гьечIо,
ТIад лъун мунагьазул гьиргун вачIунев
Мунилан гьардолеб гьинал рекIеца
Гьабураб дир тавбу тоге гIадада.**

## ЖАВАБ

**Тавбу тоге дуца, мунагь таниги,
Энибги анибги гьеб къваригIуна.
Къваридаб векалда, беццав чи гIадин,
ГIадамазда гьоркьов, вуго, хутIуге!
Дица шагIирасе ихтияр кьечIо,
Мехалги ихалги гуккун хьвадизе.
Къудраталъул къатIра дица кьурасе
Рес гьечIо вукIине бетIергьечIевлъун.**

## ШАГIИР

**Кини таралдаса, кинабго рахъалъ
Хъван балеб батана рекIеде гIазу.
ГIазабазул цIурал цIорол нухазда
ЦIар дур ахIулаго, ана цевехун.
ХутIана кидаго гIумру хинлъизе
Хирияб дур цIарги, дуда божиги:
Вижана ракьалда дуде вуссине,
Ина ракьалдаса духье вуссине.**

## ЖАВАБ

**Сапаралда вуго ракьалда инсан,
Сапар лъугIулеб мех лъазе рес гьечIев.
Гьединлъидал хIадур рукIине ккола,
РекIел кIутIиялъул кIул бортизегIан.
Амма гIемерисез пикру гьабула
Бугин ракьалъул нух лъугIел гьечIеблъун:
Дуниял – гьеб буго гьоболасул рукъ,
Гьоболасул рокъов гьоболлъун вукIа.**

### ШАГIИР

Гьалбалги, БетIергьан, батIиял руго,
Буголъи хачалел, хвел кIочон тарал.
КIварго гьабуларо гьез зобалазул,
Заназухъги руго гьел релъа-рохун.
Дур балъголъиялъул щуб тIад рещтIарал
ШигIраби щвечIев дун пашманго вуго.
Гьез абулеб буго, анин гьаб гIумру,
ДугIаялъе кватIун, какал гьоркьор тун.

### ЖАВАБ

Тавбу кIочон тоге, рекIел бухIиялъ
АхIизе кколеб цIар цIвабзазда гьикъе.
Гьукъараб жибго тун, бикъараб рихун
Вахунеб борхалъи буго хIалаллъи.
ХIалалаб гIумруялъ хIал кьола даим
ХIалихьалъи чIвазе, чороклъи ине,
Чияда нахъасан какдари тезе,
Каранда жахIтадул жужахI лъугIизе.

### ШАГIИР

ГIадамазда гьоркьов вуго, БетIергьан,
БатIиял гIадамал кин ралагьилел?
Гьел хисизаризе кIвечIо кочIода,
КечI хвезе гьабуна гьез дир гIумрудул.
Дица ритIухълъидул бакъан бачиндал,
Бакъ чIегIер гьабулеб хиянат кьуна.
Хиялалгун ният бацIцIад гьабидал,
РоцIараб дуниял кьерхинабуна.

### ЖАВАБ

Дуе гIадамал щай? Гьезул гIемерал
Жалго жидецаго хвезе гьарула.
ХвелгьечIолъи лъазе бокьун батани,
Батизе гьечIо гьеб гIадамазда гъорлъ.
Гьеб дуда батила божилъиялъулъ,
Божа мун дудаго, дир лагъ вугилан.
Лагъасул ярагъги дугIа бугилан,
РагIи дугIаялъе хIажатаб бугин.

**ШАГIИР**

Дуе как балаго канлъи бихьарав,
Хьулаз гьинал ракIалъ дуде вухьарав;
Даимав БетIергьан, гьарула дуда
Дир мунагьаздаса тIасалъугьайин.
Гьел гIемер рукIана цIадирабазда,
ЦIайдал, дир гIумрудуй гIазабал кьезе.
ГIузрабазда гьоркьоб кьураб бацIцIалъи
БацIцIана кочIолъе, канлъи гIадинан.

**ЖАВАБ**

ГIемерал мунагьал гьарунаниги,
ГьабичIо кидаго дуца цо мунагь:
Мун мискинзабазул гьудул вукIана,
Гьардухъабазда тIад мун велъанхъичIо.
Дуда лъана лъазе кколеб ритIухълъи,
Дуда мунго лъана, дуда бичIчIана:
Бечелъи сверула мискинлъиялде,
Мисикнлъи сверула бечелъиялде.

**ШАГIИР**

Хирияв БетIергьан, дуе рецц буго,
Рехун течIо дуца дун киданиги.
Квешаб гIамал гьабун, ракI гIадал гьабун,
ГIадамазе квешлъи гьабизе течIо.
Дуца кьуна гьунар ватIан бокьизе,
ВатIаналъул мацIги цIваги цIунизе,
ХIехьела, БетIергьан, бокьараб тамихI,
ТалихIлъун лъугьараб дур цIар букIани.

**ЖАВАБ**

Мажгиталъул нуцIа рагьухъе буго,
Ругьунаб хIалалда жаниве лъугьа.
Как ахIулеб гIадин, кечI ахIе дуца,
КечI ахIулеб гIадин, как ахIе дуца.
Дица дуй гIадада кьун гьечIо гьунар,
Гьеб къарзалъе кьураб букIана духъе.
Дихъе тIадбуссине гьабизе ккола
Гьелъул хIикмалъиги, гьелъул ияхIги

### ШАГIИР

Аллагь, бекерулеб заманги буго,
Заназда рикIулел соналги руго.
Дагьлъулеб, мигьлъулеб гIумруги буго,
ГIумрудул гIазу бан бетIерги буго,
БетIергьан, гьечIо дир дирго замана,
Замана буго дир дуе как балеб.
ШигIруги, гIищкъуги – гIибадат буго,
ГIумруялъул къоял – тавбулъун руго.

### ЖАВАБ

Воре, киданиги тавбу кIочонге,
Тавбуялъулъ буго дуе хвасарлъи.
Берзул балагьиги, рекIел кIутIиги,
КIудиял мунагьаз гуккизе тоге.
ЛахIзатаб пайдаялъ пайда гьечIеблъун
Гьабизе бегьула тIолабго гIумру.
Мекъи бегьулеб квер къотIизе ккола,
Къотеналъ гIунн гIадин, гIадан кквелелде.

### ШАГIИР

Дун анкьида жанив анкьго батIияв,
Анкьго батIияб ракI каранда бугев.
ХIеренав, хIалимав, ритIухъав, лъикIав,
Лъилго квешлъиялда тIад рекъоларев.
Амма гьебго мехалъ ццидалав, квешав,
Квешлъиялъул щекъер кквезе хIинкъулев.
ХIакъал тIаде цIалев… ХIалимав Аллагь,
Гьелда лъолеб цIар щиб? – Дида лъаларо.

### ЖАВАБ

Дида лъала: – Гьелда цIар буго гIумру,
Дир цIар кIочарабго, чара къосунеб.
Чороклъи бацIцIалъи бугилан кколеб,
Кколаребщиналда аскIобе къалеб.
Жавабчилъи гьечIеб эркенлъиялъе
Жаваблъун лъугьуна жужахIалъул цIа
Жугьабазда малъе налъи тIубазе,
ТIад вугес дир хIухьел хIурупалъ лъезе.

## ШАГIИР

**Къудратав БетIергьан, къуват дур буго,**
**Къураб мехалъ дие бергьенлъи кьолеб.**
**Кьалул авлахъалде вахъунеб мехалъ**
**ХъахIаб байрахъалъул берцинлъи лъалеб.**
**БетIергьан, гьунарцин мунагьлъун буго,**
**Мун кIочон танани, дида гьеб лъала**
**Лъаялъ лъураб буго лъикIлъиялде кьо**
**ЛъикIлъиялъул нухда бала дица как.**

## ЖАВАБ

**Как бай, дугIа гьабе, дагIба жибго те,**
**РагIулъ тавбудул тIегь тIегьазе биччай.**
**Риччарал беразул букIуна магIна**
**МагIил пашманлъиялъ малъула гIакълу.**
**ГIадамал лъилъулеб цо сабаб буго –**
**Сабругун къо хIехьон, гIодоре риччай.**
**Чан нухалда такрар гьабунаниги,**
**Гьабулеб дугIадул къуват холаро.**

## ШАГIИР

**Дир хутIараб гIумру – какикьжо буго,**
**Как дуе балаго, талихI бикьулеб.**
**Как ахIулеб буго дица, кечI гIадин,**
**КечI ахIулеб буго дица, как гIадин.**
**Дун мажгиталъуве лъугьунев вуго**
**Лъухьизе рекIелъа рекIкIал мунагьал.**
**Дур цIаралъул цIобалъ цIунун вуго дун,**
**Дуниял балагьалъ чIвалеб мехалда.**

*Палестина, 2015 сон.*



# МухIамад Гунашев гьавуралдаса - 80 сон



*МагIарулазул машгьурав шагIир МухIамад Гунашев гьавуна 1936 соналда Унсоколо районалъул ЦIатIанихъ росулъ.*

*Гьоркьохъеб школалдаса хадуб МухIамадица лъугIизабуна ДагъистаналъулПачалихъалъулуниверситеталъулфилологиялъул факультет. Байбихьуда хIалтIана школалда учительлъун. Хадув вукIана Рилъаб районалъул «Коммунизмаялъул рогьел» газеталъул жавабияв секретарьлъун. Араб гIасруялъул лъабкъоабилел соназдаса байбихьун анцIила щугогIан соналъ нухмалъи гьабуна Унсоколо районалъул «Ахихъан» газеталъе. Хадубккун хIалтIана Хасавюрт районалъул Могилевское росдал гьоркьохъеб школалда учительлъун ва гьеб районалъул «НасихIат» газеталъул редакторасул заместительлъун.*

*1954 соналдаса байбихьун МухIамадил кучIдул рахъана магIарул районазулги республикаялъулги газетазда, журналазда, «ГIолохъаназул гьаракь», «ТIугьдузул квацIи» ва «Божилъи» абурал гIахьалал тIахьазда. 1974 соналда къватIибе биччана гьесул «МугIрузул бакънал» абураб тIехь. Хадубккун рахъана «Даимаб цIа», «ТIасарищарал асарал» абурал ва цогидалги тIахьал.*

*МухIамад Гунашев вукIана Россиялъул Хъвадарухъабазулги Журналистазулги союзазул член. Гьесие кьун рукIана Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан абураб хIурматияб цIарги ХъахIабросулъа МахIмудил цIаралда бугеб литературияб премияги.*

**ДИР БАЙРАХЪУЛАЛ**

**ХъахIав пачаясул**
**Чабхъадулаца**
**Шамил тIаса Гъунив**
**Сверун ккуравго,**
**Сурав босилелде**
**Гьесда абула**
**ТIаса бахъе, имам,**
**Гьеб ярагъилан.**

**Ссудулел ругъназул**
**БухIиги кIочон,**
**Шамилица гьезий**
**Жаваб гьабуна**
**Гьаб чияхъе кьезе**
**Борчараб гурин,**
**Чилъи цIуниялъе**
**Борчараб бугин.**

Биччай гьалъул къиса
Къойил рагIизе,
Къаникь вачинегIан
Борчун телин гьаб…
Жунгуталъул рохьоб
ЧIегIерал бандаз
ЧIвалин абун хIинкъи
Кьураб мехалда,
ЧIегIерал михъазул
БахIарчи МахIач
Багьадур гIадинан
КIалъана гьезда:
– ГъветI къотIаралъусан
ЧIорал кIанцIула,
ЧIваларин нужеца
Халкъалъул къуват.
ЧIваниги дун нужей
Азарго вугин,
Азарго нагIана
Бугин танани.
Аваразул гIащикъ
ХIасратав МахIмуд
ХIоцове ахIана
ХIинкъаби кьезе,
ХIурият беццарал
КучIдул хъванилан
ХъачIго гаргадана
Гьесда Нажмудин.
Цинги МахIмудица
Гьаракьги биччан
Гьал тIолго мгIрузда
РагIизабуна,
РикIкIен батулареб
БоцIул гурони
ГьечIин «Имамасе»
Сундулго ургъел.
БацIил кIалдиб гьелин
Гьес тIолабго халкъ
Хинлъилеб кIиго хинкI
Кьолев чи ккани…

ХинкIие хуриса
ТIорщел бачIинчIеб
Дол ракъул соназул
Мискинаб гIужалъ,
Цо устар анила
Унсоколоса
Америкаялде
Къайи бичизе.
Гьесул махщелалъул
Гьайбатлъи бихьун,
Меседил кверазул
Лебаллъи бихьун,
Фермерас гьарана
Гьанив чIайилан,
Дуй фирма рагьилин,
Бечелъи кьелин.
Борхатаб нодоги
БукIкIине гьабун,
Устар цин ургъана,
Цинги кIалъана:
Дун махщел бичизе
ВачIарав гьечIин,
Дун къайи бичизе
ВачIарав вугин.
Гьунар бичуларел,
Чилъи кьоларел,
Чияр мурадалъе
МутIигIлъуларел,
МагIарул яхIалъе
Къуркьи лъаларел,
Къадруял умумул
Рецц, нужей даим!
КъваригIани – гIакълу,
Къо ккани – гьунар,
Къойил буго дие
Нужер ишазулъ,
Гьаб нужер ракьалъул
Васлъун ватидал
Дун чIухIарав вуго
Дуниялалда

## С А Б Р У

*(халкъияб биценалдаса)*

Рагъда хIалбихьи бугев,
ХIинкъи рекIелъ бижичIев,
ХIажимурадил гьудул
ВукIана магIарулав.
МугIрул сиртал гIадинал

Кьунсрукь рижарал бераз
Кьер унаан чиясул
Кьварун гьев балагьани.
Кьурарал михъал хичун
Хвалчен гьес бахъарабго,

Хварал гIадин, ракьалда
Кьерулаан тушбаби.
Таманал чабхъеназда
Чанги хIайран гьаруна,
ХIажимурадго гIадин,
БахIарчиго вагъана.
Амма бахIарчийилан
Халкъалъ гьесда абичIо,
ХIажимурадил гIадин
ЦIарги машгьурлъун инчIо.
ЦIакъ ракIалда гьебги къан
Къоял арал игитас,
Суал кьуна цо нухалъ,
Жиндирго гьудуласе:
– Ле гьудул, ХIажимурад,
ХIикматаб жо буго цо,
Цадахъ гIумруялъ ругел
Нилъ кIияздаго гьоркьоб;
Гьабулеб гьунаралъе
Дун дудаса къун гьечIо,
КъвакIи ва бахIарчилъи
БукIана дирги чорхолъ.
Амма гIадамаз жеги,
ХIажимурад, дур гуреб
Дир щайзе бицунареб
БахIарчи вугин абун?
ХIажимурад гьимана,
ГIемераб жо бицинчIо:
– Цо-цо килищ хIанчIизе
ВачIайилан абуна.
Цоцазул кIалдир лъуна
КIиявго нартас килщал,
КIудияб бахIарчилъи
Лъил бугоян бихьизе.
Цояс гьаракь гьабуни,
Цадахъ кIиясго тезе,
Гьединаб къотIиялда
«Къецазде» байбихьана.
КъунцIун унеб хIалалда
ХIанчIана цинги килщал,
Кверазул рухI инедухъ
Ана цаби данде къан.
Дандияс, хIалги дагьлъун,
Гьаракь цебе гьабуна.
Гьеб мехалъ ХIажимурад
Гьесда гьадин кIалъана:
– Дуца гьабичIебани,
Дир унаан гьеб гьаракь,
Амма, гьудул, дидаса
Дагьав мун цеве ккана.
Гьеле гьединан, гьудул,
Дица кинабго хIалтIулъ
ХIал кигIан дагьлъаниги,
Дагьалъ сабру гьабула.
Гьелъ батизе ккола дун
БахIарчилъун вахъарав,
Бищунго хIинкъи гьечIев
ХIажимурад лъугьарав.

## ИГЬАЛИВ ГЬОБОЛЛЪУХЪ

Дида Игьалиб цо мина бихьана –
«Меседил гIадал нах» гIужие гьураб,
Минаялде лъураб болъоги лъана –
«ГIарцул гвангваралда» гулла речIчIараб.
РачIун балагьизе гьалбадерие
Гьайбатго къачIараб музейги гуро,
Мазгарул памятник цебе гьабурал
Гьаваялде арал гьундулги гуро.
ГьитIинабго тIохил тIуцаб рукъ буго,
ТIамур кье дихъеги цо кечI ахIизе,
Доб цебесеб кочIол къисматги рехсон,
Къварилъараб керен дагьаб чучизе.
Къеда хьарщи гьечIо гьал рукъзабазда,
Къайис къанщараб бакI халкъалда лъазе.
Хъвараб ишар гьечIо азбар сверухъе…

Хъван буго бидул лъалкI хъахIабросулъес.
Рокьи кканщиназул къадар кин хъвалеб,
КъотIун буго гьоркьоб рокьул кечI гьаниб;
Балай бергьанщинал данде кин щвелел,
Балаялъул тIармил тIун руго чIваби.
ТIогьол риидалги бакъ кинан щвелеб,
Бакъван буго гIищкъул гIолохъанаб гъветI.
ТIаса хасел унин цIер кин биунеб,
ЦIорон буго гьаниб цIадул цIураб ракI.
ЦIоралъул мугIрузде шигIру рагIулев
ШагIир гьаб тIокъода тIамун лъун вуго.
ТIолго сверухъльуда пасихIаб кIалзул
ХIохьел къотIун буго къадал ракьанда.
Карпаталъул кьалда кьеричIев поэт
Кьвагьараб танчие чучун ккун вуго.
Кьалул бартуда тIад таричIеб лага
Туртил молода лъун босун ун буго.
Батарабани нух маслихIаталда
Доб цо лахIзаталда гьаб минаялда,
Муил вокьулесда кьвагьи лъелалде
КьогIал мацIихъаби руцIинаризе.
МугIрул сабру анищ щвезе гьанибе
Магьдил МухIамад цо лъалхъизавизе,
Аваристаналъул пасихIлъиялда
Пири речIчIилелде гьев чIезавизе.
Гьедин анищазда, гIащикъав МахIмуд,
Дун гьоболлъухъ вуго жакъа Игьалив,
АхIулеб хутIараб дур хIасратаб кечI
Дида щибаб рокъоб рагIулеб буго.
Гьеб цIиял куркьбалгун боржунеб буго,
ЖахIдаги илбисги нахъеги кьабгIун;
Жеги борхалъуде бахунеб буго,
Берзул балаялъе эркелъиги кьун.

## ГЬ О Р Ч О

Гирун унеб буго гургинаб гьорчо,
Гогьал лъималаца кIкIалахъе биччан.
Гьеб хъархъалъ, хъитIазулъ речIчIулеб буго,
РичIчIилъун хъурила, я хъуриларо.
Унеб буго гьорчо гьурилъун боржун,
Жиндирго ахираб иш гьабулаго,
Ахирияб рукIун – кIкIалал тIиналда,
ТIокIаб лъоб рагIалде гьеб бахинаро.
РагIалда букIараб чанго гIасруялъ

Чан берцинаб хIанчIий чIчIеллъун ккараб гьеб,
ЧIухIдай тIадги рещтIун мугIрул цIудуца
ЦIвакизегIан гозо чанцIул лъухьараб.
Гьелъ тIабигIаталъе гьабураб хъулухъ
ТIаса гъоркье индал рекIелъ чIеладай?
Хъулухъалъул хIетIе хъущтIун унгеги,
Хъатиралъул гьорчо гирун унгеги.

## ХАСАВЮРТАЛЪУЛ ГИМН

Хъутабазул кIалтIу, мугIрузул каву,
Кавказалъул цагъур, цогояб хъизан,
Хъулухъги мурадги хехго тIубалеб
ТIолго миллатазул дармил годекIан.

ТIадмагIарухъ магъилъ тIор бачIел соназ,
ТIорщел гIураб цохIо дур Аксаялъул.
Аскар бакIаризе буюрухъ кьедал,
Бодуй васал гIурал дур Индиралъул.

Имамасул хвалчен паркъолел соназ,
Пачалихълъун чIараб мун къеркьеязулъ.
Къо-лъикI гьабулаго Дагъистаналъе
Дур къотIноб босараб дос ахираб квер.

Рорхатал мугIрузул махI тIибитIулел,
ТIугьдул лъала дида дур гIидраялда.
ГIурччинал бакълъазул бакънал рачунел
Мокъокъал дандчIвала дур базаразда.

Аваразул релъи, лъарагIазул чухI,
Чананазул кьурди ал дур бертабалъ.
Эбелалъул гIоди, гIаммаб пашманлъи,
ГIагаразул зигар дур кверкъабазда.

Киналго ракIазде рагьулеб каву,
КучIдул гьарзалъаги гьал дур къватIазда.
Къан кверал росулеб васазул майдан,
МагIирукъ дагьлъаги дур азбаразда.

# ВАЦЛЪИЯЛЪУЛ АДАБИЯТАЛДАСА

**МухIамад - Расул РАСУЛОВ**



Ункъого сон тIубана даргиязул цIар рагIарав хъвадарухъан МухIамад-Расул гьавуралдаса.

Дахадаев районалъул гIагараб Кубачи росдал гьоркьохъеб школалдаса хадуб МухIамад-Расулица лъугIизабуна Дагъистаналъул Пачалихъияб университет, гьединго Москваялъул М.Горькил цIаралда бугеб Литературияб институталъул тIадегIанал литературиял курсал.

ХIалтIана жидерго росдал школалда учительлъун, дарги мацIалда бахъулеб республикаялъул «Ленинил байрахъ» («Замана») газеталъул редакциялда, Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялъул редакторлъун, бетIерав редакторлъун, директорлъун, КПССалъул обкомалъул печаталъул секторалъул заведующийлъун, «Лачен» журналалъул бетIерав редакторлъун, хадубги Дагъгизалъул директорлъун.

МухIамад-Расулил тIоцересел асарал къватIире рачIана араб гIасруялъул кIикъоялда анцIабилел соназда. ТIоцебесеб – «Чанкур» абураб тIехь дарги мацIалда Дагъгизалъ бахъана 1962 соналда. Хадубккун даргиги гIурусги мацIазда МухIамад-Расулица къватIире риччана «Бертадаса хадуб», «Хартун ва Мадина», «Гулжанат», «ЧIегIераб кьегIер», «Рокьи ккезегIан цебесеб къоялъ», «Аварагасул эмен», «Судиял щал?», «Чияр рос», «Лъукъараб милъиршо», «Анкьго къиса», «Щиб нилъер букIине бугеб?» ва цогидалги тIахьал.

Хъвадарухъанасул къалмикьа къватIире ана литератураялъул суалал рорхараб чанго тIехьги, ГI.Батирайил цIаралда бугеб Даргиязул Пачалихъияб театралъул сценаялда рихьизарурал пьесабиги.

МухIамад-Расулие кьун буго Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан абураб хIурматияб цIар. Гьев ккола СССРалъул печаталъул отличник, С.Стальскиясул цIаралда бугеб Дагъистаналъул республикаялъулаб ва ГIумарил Батирайил цIаралда ругел премиязул лауреат.

Хъвадарухъанасда юбилейги баркулаго, гьесие гIемерал с順назул сахлъи щулияб гIумруги гьарулаго, кьолеб буго нижеца МухIамад-Расулил гьаб хабар.

## РЕЧIЧIЕ, ХIАЙВАН!

ХIамида шагIил тIагIелалги лъун, бархъалисев унев вукIана МахIачхъалаялъул базаралде. Гьесда ракIалда букIана лъикIаб хайир щоледухъ къайи-цIаги бичун, рокъобе, жиндирго кIудияб хъизаналъе хIажатабщинаб босизе.

Нахъа хутIана цоязда цоял релълъарал, рекIее рохел кьоларел тумазул ганчIилал мугIрул. Циндаго цебе рехун бачIана, бащадаб мегIер бахчулеб, тIад киса-кибего рохьги бижараб лабаллъи. Балагьараб мехалда гьеб релълъунаан, дагьалъ пунтIараб, гIубилаб-багIараб-гIурччинаб кьерал журараб тIансаялда.

Цодагьаб бакъвараб гIадаб, бетIер сверизабулеб харил махI чIвайдал, хIама нухдасан ссандехун сверана.

Цо лахIзаталъ бархъалисев вихха-хочун лъугьана. Гьесда цебеса хIама билана, ракьулъе тIерхьараб гIадин. Гьев гьимана, ракI гIодобе биччана. Жинцаго хIамитIаса къайиги нахъе босун, биччан букIана гьес хIама кваназе. Гьев, свакадго бералги къанщун, гIенеккун чIана рохьил шуршудиялъухъ. Рохьалъ, чIагояб жоялъ гIадин, цIалеб букIана хIухьел: тIанхазул хIеренаб шуршуди жубалеб букIана хIутI-хъумуралъулги хIанчIазулги гьаркьалгун.

Цо заманаялъ, лъаларо бархъалисев кьижунищ ккарав яги унго-унголъунги сверухъ сихIкъотIийищ лъугьарабали, рохьил сас къотIана, хIухьел ккураб гIадин. Цинги, свакадго ва къуваталда нахъеги цIазе лъугьана гьелъ хIухьел, къаси кватIараб сардилъ гIакдаца кинигин.

Цо кибалиго, чил-чили рагIулаан иццул. Бархъалисес тураараб бегараб гъветIалда тIасан гали тIамуна. Бегараб гъветI сверун лъадалъ лъедолел рукIана ракъварал, гIодоре ротарал тIанхал. Гьес, доб цояб рахъалде, тIасан гали тIамулаго, гьеб бекун ана, бархъалисесул хIетIе лъадалъе борчIана. Гьес хIалбихьана нахъехун гали тIамизе: валагьана сверухъе, гьимана. Гьев гIажаиблъизавуна живго хIинкъиялъги черхалда бараб гъаргъаралъги. Гьев цояб рахъалдехун вуссана: гIемер рикIкIада гьечIого, тIаде къулараб ганчIил тIох гIадаб тIалуялда гъоркь, къватIире рехарал бидурихьал гIадал кьалбазул жаккидул гъотIода гъоркь бахчун букIана ицц. Дора-гьанир, иццул рагIаллъабазда галабиги лъун, сверун рукIарал гIисинал чIинхазда кверални чIван, бархъалисев лъим гьекъезе иццде къулана. Гьесие кутакаб лазат щвана, цIороялъ цаби рекулеб гIадаб, хIалхьараб гьогьомиялъул, хIатIидаса ботIроде щвезегIан щвара – щвараб бакI лъалеб, цIорораб лъеца.

Лъим гьекъон лъугIарабго, гьев, цодагьалъ гIодоре ротарал тIанхаз кьер-кьераб тIансаялда релълъинабураб гIурдатIа бакIго гIодов чIана.

Хвалидаса гIадин, гьасдаса хIинкъараб гIункIкI лъутун ана ва жиндирго картIинибе борчIана.

Цо рахъалдасан рагIулеб букIана гIемер рикIкIад гьечIого чвахулеб лъарал, кьурда багъулеб дандерижиялъул гьаракь. Иццул чил-чилиги чвахулеб лъарал сасги мех-мехалда гьоркьоб къотIизабулеб букIана, бакъвараб гъветI къотIулеб гIаштIиялъул гьаракьалъ. РакIалде кколаан гьеб рагIулеб бугин дуниял рагIалдасанилан.

АскІобго жиндирго ругьунаб бакъан бачунеб букІана гарцІ.

Сундулго тІалаб-агъаз гьечІого букІараб нусиреч, хІалицаго бихьулеб гІарцул кун ккун, эхедехун бекерун ана.

Бархъалисев кІанцІун тІаде вахъана, гІадада араб заманаялъухъ ракІги бухІун.

Гьев рохьоса къватІиве лъугьана. Бакъухъ валагьана, ракІ гІодобе биччана. Къо гьанжего гьанже борчІун букІана къаде какил гІужалдаса. Гьев, къадекакги бан, иццухъ гІодов чІана. КвербацІцІ бичана, гьениса чедги хІанги, релъарал ханалги, перги босана. Чедги иццул лъадалъ ччун, кІудияб гьираялда кваназе лъугьана. Жеги киданиги, гьитІинаб къоялдаса херлъизегІан, гьесда кинабниги кванараб квен жакъагІан гьуинаб батичІо. РакІалде кколаан, гьедин чорхол хІалги тІабигІатги цолъараб лахІзат киданиги гІумруялда жаниб такрарлъиларин.

Амма, гьебго лахІзаталъ, гьел талихІал минутаз, гьев тІабигІатгун цолъараб мехалда, гьаб тІубараб дунялалдаго живги тІабигІатги гурони тІокІаб щибниги гьечІилан ракІалде ккараб лахІзаталъ, циндаго гьесул гІинда чІвана, цо гІажаибаб, ругьунаб гуреб гьаракь. Гьебго лахІзаталъ гъутІбузда гьоркьосан нухдехун валагьарав гьесда бихьана, цо сверелалдаса бачІунеб машина. Гьеб хехго аскІобе щвана ва лъалхъана. Доб заманаялъ машина мугІрузда букІана къанагІатаб жолъун. Бархъалисев, цин жиндирго беразда божичІого, гьелъухъ гьалгъан валагьун хутІана, цинги берал кІвекІана, бетІер кІибикІана. Машинаялъуса къватІиве лъугьун вачІана гьоркьохъеб ригьалъул, жаниб цІураб черхалъул бихьинчи. РакІчІараб рилълъиналда, ицц бугеб рахъалдехун валагьун, вилълъана гьев. Гьесул щибаб цебехун тІамулеб галиялъ бицунеб букІана гьев тІоцебесеб нухалда гьаниве щварав чи гуревлъи. ТІоцеве гьаниве щварав чи гьев вукІаравани кисаха гьесда лъазе букІараб гьотІода гьоркь чахІ-хералъ бахчараб ицц букІин.

Куц-мохъ гьесул букІана гІадатияб гуреб: гьурмал кьер букІана мугІрузулаб, тІад ретІараб ретІел букІана шагьаралъулаб. БецІхъахІилаб пиджак гьесда рекъечІого букІинчІин абизе бегьула, щаялиго гьелъул бищун гъоркьехун бугеб маргъал бан ва гьелъ гьеб гІодобехун цІалеб букІана. РакІалде кколаан, гьанже гуреб гьанже маргъал пиджакалдаса тІун инин ва гьесул кІудияб чехь къватІибе кІанцІун бачІинин. ХъахІаб гурдеялда тІад бан букІана галстук, чІегІерал лакалъул туфлаби тІад бакъул чІор чІванщинахъе кенчІолел рукІана. Гьеб киналъго бицунеб букІана гьев росулъ гІумру гьабулев гІадатияв захІматчи гуревлъи.

Бархъалисес, гьев вихьаравго, хехго кваналеб букІараб квен къулчІана, хутІараб перги чедги квербацІцІалда тІад лъуна ва тІаде вахъана.

– Ва! Гьале ракІалда букІинчІеб дандчІвай! – ян абуна гьоболас, данде вахъун вачІунев бархъалисесухъги валагьун.

Гьесда тІад букІараб басрияб махмаралъул, каранда чунтбиги ругеб, бакьулъа тІеренаб рачелги бараб гурдеялъги, кьер араб цІвакараб тІажуялъги тІаде вачІарасда бицунеб букІана, жинда цеве вукІин гІадатияв мискинчи ва гьесие кІудияб адаб-хІурмат гьабичІогоги тІубаleблъи.

Бархъалисев намуслъана, амма хIал лъазе течIо. ТIаде вачIарасухъе кверги кьолаго, абуна:

– Ассаламу гIалейкум, сагIат лъикIаб батаги!

– ВагIалайкум салам, вагIалайкум салам! Вохиялъ дида дуе салам кьезецин кIочана, – ян кIалъана гьев гIедегIун, бархъалисесул квербацIцIалде берги щвезабулаго.

– Шир-ва-ни! – бархъалисес хехго нахъе туркIана, гьесул тамахаб квералъукьа, гьесухъе кьун букIараб жиндирго квер.

– Апанди, – ян абуна гьоболас.

– Мун щиб росулъа?

– Бархъалиса.

– Бархъалиса? Дида щайха мун лъалев гьечIев.

– Ширвани? Дов дир инсуца гIемер бицунев ГIамиршейхил васищха мун? Вай дир Аллагь, вай дир Аллагь! Кинаб талихI! Кинаб талихI! ВачIа гьанивегIан, цо къвал базе дудаго! Цо баизе!

Апанди, нахъегIан къалев Ширванил хIисабги гьабичIого, жиндирго бакIаб къаркъала гьесде тIадеги шапизабун, къочаризе лъугьана.

Гьеб рекIее гIечIев Ширвани кьурун довехун вуссана ва Апанди дагьалъ хутIана гIодовречIчIизе.

Апанди рази-ракиго вукIана, ракIалде кколаан сунданиги гьев пашман гьавизе кIеварин гьеб лахIзаталъан. Разиго гьимулаго гьес Ширванил гъажалда квер кIутIана ва абуна:

– КингIаги, Ширвани, дуда дун ракIалда гьечIев? РакIалда бугищ мунги дунги… Дунги мунги… амма мун… – кутакалда велъанхъиялъ гьев тIеркIезе лъугьана, пиджакалъул доб бищунго гIодобехун букIараб маргъалцин бекана, ва пиджак рахъ-рахъалде рагьун ана.

– ВахI, вахI, вахI, – янги абулаго цебехун гали тIамуна, цо жо ракIалде щвезабулаго. – Унго мунищха дов Апанди кколев?! Дов Ибрагьимхалил вас? Кьея цо квер! – Ширваница Апандил квер данде къана.

ГIажаиблъизе жони букIана: гьез гIумру гьабулел къватIал мадугьалихъ рукIана. Цадахъ ана гьезул лъимерлъи. Лъебергоялдаса цIикIкIун соналъ цере Апандил эбел-эмен Владикавказалде гочана, гьелдаса нахъе гьел кIиялго цоцада рихьун рукIинчIо. Апандил эбел-эмен къанагIатго гурони щолароан гIагараб росулъе. Васасул хIакъалъулъ лъица бугониги цIехани, гьез жаваб кьолаан: «Нужедаго лъала гьев гьаниве щваравго ва гIемераб заманаялъ нужеда кIоченаро гьев». Гьедин абулаго, гьел цоцахъги ралагьун сихIирго гьимулаан, росуцоязе балъголъиялъул гIаламатги загьир гьабулаго.

Жеги гьитIинго Апандица гамачI речIчIун бетIер бекун букIана Ширванил. ТIоцебе гьеб лъарав Ширванил инсуца абуна Апандида:

– ХIалихьатал ва къадарал лъималаз босула кодобе гамачIги ханжарги. Мун бихьинчи гуро, гьадингояв вахьна вуго, – ян.

– Мунго вуго гьединав, дур васги вуго, – ян кьварун жаваб кьуна Апандица гьесие.

– Дир васас гIажалго босила гьединаб намус тIагIараб жо гьабизегIан. Гьесул яхIги буго, гIаданлъиги буго. Мунилан абуни… мун… ХIама гьотIоде бахине цебе ккела, дур гIадан лъугьиналде.

Гьеб рагIарав Апандил эмен кутакалда ццидахана ва гьес Ширванидеги гьесул инсудеги абичIеб рагIи хутIун батиларо. КIудиял чагIаз гьезда гьоркьоб маслихIат гьабичIебани, ракIчIараб жо, кIиябго хьизаналда гьоркьоб би гIодобе тIезе букIана.

Апандил эбел-эмен шагьаралде гочаралго, росуцоял гIодоре риччана, гьезда лъалеб букIана кинаб хехаб цциналъул чи Апандил эмен вугевали.

Доб мехалдаго гьес васасда абуна:

– Цо кIудияб ишги гьабун вусса росулъе, абухъего – чодаги рекIун. ГIадатияб чода гуревха – гьединал росулъ гIемер руго –маххул чодаги рекIун.

– Маххул чу букIунаро гури, дада, – ян гIажаиблъана Апанди.

– КIудияв гIуравго дудаго бичIчIила…

Гьале, гьанже лъебергоялдаса хадур сонал ингун, Апанди вачIунев вукIана росулъе живго бетIергьанаб маххул чода – «Победа» машинаялдаги рекIун.

Гьеб лъугьа-бахъин цебего кIочарав Ширвани кутакалда вохун вукIана ракIалдаго гьечIого дандчIварав Апандидаса. Аллагьас кьурал нигIматал кваназе гьев ахIулаго, гьес абуна:

– Пайда щибха, мун дандчIвалевлъи лъарабани, чIагIа босилаан гурищ цадахъ.

– ЧIагIа?! Гьеб кIущ буго! Нилъее рекъон ккела Франциялъулаб «чIагIа», живго Наполеонас гьекъараб, нилъеца рехила гьалъул цо-цо рюмка, дир гьудул Ширвани.

Гьев машинаялда аскIове ана.

Цо-кIиго минуталдасан гьев нахъвуссана кодоб ккун Франциялъулаб коньякалъул шишагун, шоколадалъул кьоногун, чIегIераб икраялъул банкагун, нахгун, батIи-батIиял цIурал бакьалгун, гIеч-пихъгун. Гьеб кинабго букIана Ширванида къанагIатго гурони бихьулареб ва жеги гьес къанагIатго гурони кваначIеб.

– Щай дуца гьебгощинаб босараб?

– Кваназе! – ян абуна гьес гьираялда ва нухда цадахъ росулел рюмкабазухъе коньяк тIезе лъугьана.

– Дуда росулъе нухцин гурищ кIочараб, Апанди?

– Гьале гьанже гьадин вачIана гури! Гьелъул хIакъалъулъ хадуб! РачIа борхизин нилъер дандчIвай баркун!

– Сахлъи!

– Гьа, рекIее гIунищ дуе коньяк! ГьечIищха цIакъаб! Киналго коньяказул коньяк буго гьаб!

– Гьекъезе бегьила…

– ТIокIаб абизе рагIигойищ дур гьечIеб?

– Цодагьалъ хIенсолеб буго…

– ХIамида хурмаялъул тIагIам киса гурин лъалеб, – ян абуна Апандица, довехунги вуссун, сасараб гьаракьалъ.

– Щибилая?

– Гьа, кIвар гьабуге. Гьадинго абуна. Дуда лъалебани, дун вохун вугев куц нилъер дандчIваялдаса.

– Кинаб гІумру-ишха дур бугеб? Хъизан? Лъимал? ЦІалулелищ? ХІалтІулелищ? Бицеха.

– РачІа гьекъезе! Кванай! Нахгун икра кванай. Лъицаха коньяк гьекъолеб тІаде перги кванан?

– Дур коньякалъул къвакІи гІураб гьечІо.

– Дуца бицунеб щиб?! Гьале шоколад! Гьал бананал кида дуца кванарал?

– Дагьалъ цере.

– Батила! Гьанир нилъер мугІрузда рижулел ратила гьал?

– Бананал гурелги чанги жо бижула нилъер гьаниб, мун росулъе щвечІел лъебергогІан соназ гьанир гІемерал хиса-басиял ккана.

– Унгойищ?

– Анкьго-микьго сональ цебе Африкаялдаса нилъер гьанибе бачІана кІиго хъизан. Гьел ккола бусурбаби. Бархъалире рачІун руго жидерго умумул ралагьизе. Гьез цадахъ росун рачІана бананазулги ананасалъулги хьонал.

– Те гьел гІантал махсараби, Ширвани! Киназдаго лъалеб жо буго бананалги ананасалги кир рижулелали...

– Гьез цадахъ росарал руго квач хІехьолел тайпаби.

– Гьа, бокьараб гьабейин гьезни, рачІа гьекъезе дур лъималазул рахъалъ! Гьел чан дур ругел?

– Анкьго.

– Дуца бицунеб щиб? Мун гІантлъунищ?

– КватІичІого микьабилебги букІина…

– Машааллагь! Машааллагь! Дир цохІо гурони гьечІо. Гьевги…

– Щайха дуца…

– Дида гІайиб гьечІо.

– Лъидаха бугеб?

– ЧІужуялъе рокьичІо.

– ГІурусайищ чІужу?

– Осетинай йиго.

– Гьезул гьединаб гІадатийищ бугеб?

– ГІадат гьечІо.

– Мун гьелдаса нахъе вегуларевищ гьелда аскІов?

– Гьа-гьа-гьа!

– Цинги кинха лъимал гьаруларел?

– Дуда бичІчІулеб гьечІо, гьанже заманаялда чанги батІи-батІиял дарабиги цогиябги буго гьелъие хІалтІизаризе бегьулел... РачІа гьекъезе.

– Мун кІудияв хІаким ватилаха нужер дова?

– Щай дуда гьедин ракІалде кколеб?

– Машинаги буго, тІад ханасул гІадаб ретІел-хьитги буго…

– БитІараб. Бархъали росулъ тІоцебе дица босана машина. Дир инсуца абухъе: дунго бетІергьанаб маххул чу! – ян велъанхъана Апанди.

– Инсул махщелалдалъунищ бечелъараав?

– Гьединав бархъалисев жеги вижун ватиларо.

– Щивха мун кколев? Дур иш-пиша?

– Дун ккола тукадул заведующий, Ширвани!

– ВахI…
– Дур хIалтIийищ гьаб? – ян гьикъана Апандица, шагIил тIагIелаз цIурал гьагьазде килищги битIун.
Ширваница бетIер гьанкIана.
– Щиб гъозул багьа?
– Щибалъул жинди-жиндир багьа буго.
– Кинабго цадахъ?
– Лъаларо, дица рикIкIинчIо.
– РикIкIе!
– Щай?
– КъваригIун буго.
– Росизехъинищ ругел?
– Уха.
– Дуе гьел щай?
– Гьеб дир иш буго.
– Гьел, ралагьун рихьахъе, гьедигIанго учузал гьечIо. Дица гIемер тIад кIвар кьун гьарурал, щулиял тIагIелал руго…
– Учузал-хириял, дие гьезул батIалъи гьечIо…
– Мун цIакъ бечедгойищ вугев?
– Дур къайи-цIа босизе гуребги, тIубараб росу босизеги рес буго дир.
– Ракьалда жеги гьединав чи вижичIо, Апанди. Вижизеги гьечIо.
– Абе багьа!
– Росдал багьа гьечIо!
– Дица росдал багьа гьикъулеб гьечIо, дур къайиялъул багьа?
Ширваница ракIалде ккараб багьа абуна.
Апандица беркъапичIого кьуна гьесухъе гIарац ва абуна:
– Гьанже нилъ цадахъ тIадруссине бегьила росулъе?
– Дун бегьуларо.
– Щай?
– Лъималазе къваригIараб-тараб босизе ккола базаралдаса.
– Щибго къваригIун гьечIо, – ян ханас гIадин квер хьвагIана Апандица.
– Щай гьеб къваригIунареб?
– Вилълъая, вилълъа.
Апандица кверги ккун Ширвани машинаялъухъе цIана. Гьес багажник рагьана. Гьенир рукIана батIи-батIиял гурдал, кIазал, шарфал, туфлаби – гIемераб ретIел-хьит.
– Гьаб дир лъималазейищ? Киса? Кин? – Ширвани вихха-хочун нахъегIан къана.
– Гьадингосеб жо! Дие гьеб буго – ралъадалъе цо къатIра, Ширвани.
– Баркала, амма дида кIоларо!
– Щай?
– Дир лъимал дие чиярал гьечIо, щай гьезие ретIел-хьит кьезе кколеб чияр чияс.
– ГIантал жал рицунге дие! ГьитIинаб мехалдасаго нахъе цадахъ гIурав гьудуласе дица щай сайгъат гьабизе бегьулареб. Дида квеш букIина дуца босичIони. Вилълъа, цо-цо рюмкаги рехилин, цинги нухда рахъина – рокъоре!
– Къайи-цIа цадахъ босулеребищ?

– Дуе гьелъул ургъел ккоге. Цо санагIалъи гьабила, – ян бер къинкIана Апандица Ширваниде.

Апанди щагIил къайиялде аскIове вилълъана, гьениса къватIире росана хъуби, тIарсал, парччаби ва цоги гьенир рукIарал тIагIелал. Гьес гьел тIиритIун гIурдатIа лъуна. Цинги гьев цо жо балагьулев гIадин машинаялъуве къулана. Циндаго Апандил хъатикь таманча паркъана. Гьес, кверальъ ишанги гьабун, Ширвани аскIове ахIана:

– РачIа хIалбихьизе, кинав нилъер гIужилав кьвагьдохъан вугевали.

Циндаго кьвагьи бахъана – парчи гъурана; цойги кьвагьи – гъурана хъаба…

Велъанхъулаго Апандица таманча бегьана Ширванихъе. Амма гьесул гьумер чIегIерлъун ана, гьев жиндирго къайи-цIаялда цеве гIодов чIана.

– РечIчIе, хIайван!

– Мун гIадаллъунищ?!

– Гьедин дуца гIужие гъезе гуро дица гьел гьарун рукIарал, гьабщинаб, къоги бихьун! ХIамил рачI!

– Дуда кIочонищ тараб гьаб лъил къайияли? Дуе батIалъи щиб – щиб дица гьазда гьабуниги?

– Ма, щокъроб къайги дуда гьаб гIарац! – Ширваница кодоб букIараб гIарцул гури Апандил гьурмалъ речIчIана. – КъваригIун гьечIо дие дур чорокаб гIарац!

Ширваница хутIараб къайи-цIа, цIодорго кодореги росун, гьагьазда жанир лъуна.

– Гьа-гьа-гьа! – ян велъанхъана Апанди. – Валлагь бегьана! Гьа, Ширвани, гIелин дуе, тIагIелалги дуего те. Дуего бокьараб гьабе гьезда – дица гьел дуе сайгъат гьарула. Амма гIарцул къимат гьабе, дуе гьеб жеги къваригIина. Дуеги дур лъималазеги…

– Ракь те гьаниса, хIалихьат! Дун гьардухъан гуро!

– Божа мун, дица ракI-ракIалъ кьолеб буго.

– Дур ракI гьечIо, хIама!

– Аллагьасе гIоло, дир махсаро гуро.

– Дур пикрабиги мунго гIадал учузал руго!

– Щибилая?! ГIела, Ширвани, дуца гIорхъи бахунге! Дир ракI хвезеги бегьулелъул.

– ХIамил магъакь буго  дур ракIхвей!

– Унго гьасухъ балагье! ТIубанго гIорхъолъа ана гури гьанже! Бакъвараб рухI гурони гьечIев мискинчи…

– Мун дир рухIалда хъваге, нахъе росе гьел чорокал кверал! ТIагIа дир берзукьа!

Ширваница цо гьитIинаб гамачI кодобе босана, цинги хIацIуги тIаде тун, добехун рехана: гьале мунги дур багьагиян абулеб кинигин.

КигIан Апанди рекъел гьабизе къеркьаниги, гьелъул хIасил ккечIо – Ширвани тIокIалъ къуркьизавизе кIвечIо.

***Буссинабуна***
***ПатIимат ГIабдурахIмановалъ.***

# РАКIАЛДЕЩВЕЙ

## АДАБИЯТАЛДА ТАНА ГЪАЗГИ ЛЪАЛКI

МагIарулазул адабияталъулги маданияталъулги хIисаб гъабулаго, гьелъул тарихалъухъ, нахъа тараб нухалъухъ балагьизе бачIуна мех-мехалда. РукIана гьеб цебетIеялъе, тIегьазабиялъе жидеца бергьун кIудияб хIалтIи гьабуралги, рукIана щибаб заманалда гьеб нилъер миллияб рухIияб къадалъ цо-цо, кIи-кIиниги жидер хасаб гамачI лъуралги хъвадарухъабиги, шагIирзабиги, журналисталги, культураялъулгун искусствоялъул махщалилалги. Гьезулги хIаракатчилъиялъ тIадеги берцинлъана, бечелъана нилъер адабиятги маданиятги. Рахъарал тIахьал гIемер гьечIониги, литератураялда жаниб тараб нух бицинегIан кIудияб батичIониги, ТIелекьа МухIамад-ТIагьирилги, МелъелтIаса ГIабас Шейховасулги, Сивухъа МухIамад Пазлудиновасулги, ГIалахъа Шамхал Дибировасулги, Кутишаса АхIмад Амировасулги цIарал лъикIго лъалаан магIарулазда. Лъалаан гьел иман-яхI бугел лъикIал гIолохъабиги, махщел-гьунар бугел шагIирзабиги, журналисталги хIисабалда. Гьезул гIемерисел гIолохъанго нилъедаса ратIалъана. Исана гьезул юбилеялъул сон ккола: МухIамад-ТIагьирил – 90, ГIабасил – 85, Пазлудиновасул – 80, Шамхалил – 70, АхIмадил – 70.

Щуялго гьел хIалтIана районазулги республикаялъулги газетазул редакциязда, рикIкIунаан лъикIал журналисталлъун, хъвалаан магIна бугел кучIдул, рахъана тIахьал. Щивасул букIана цогиял хIурматгун балагьулел, жидер хьвада-чIвадияз берцин гьарурал гIумруялъул нухал.

МухIамад-ТIагьир магIарулазда гьоркьов машгьурлъана «Сурат» абураб гьитIинабго кучIдузул тIехьалдалъун. Гьелда рахъун рукIана шагIирасул унго-унголъунги бацIцIадаб, хIасратаб рокьи ккарай Гъуниса ясалде гьарурал кучIдул. МухIамад-ТIагьирил гьеб битIккечIеб рокьул хIакъалъулъ дол соназда магIарулзда гьоркьоб бицен тIибитIун букIана. Рехсараб тIехьалде унел гурелги, шагIирас хъвана жеги гIемерал кучIдулги «АхIулгохI», «МахIмуд» абурал ва цогидалги поэмабиги, «ЗанатIаса Урижа» абураб пьесаги. МухIамад-ТIагьир гIемерал соназ хIалтIана Советский (Шамил) районалъул газеталъул редакциялда.

ГIабас Шейхов магIарулазда лъалаан поэт-сатирик хIисабалда. Гьес къватIибе биччараб ункъабго тIехьалда аслияб бакI кколеб буго сатираялъул кучIдуз. ТIекълъиялда тIад рекъоларев, сундулъго ритIухълъи балагьизе хIаракат бахъулев чи вукIанин ГIабасилан бицуна гьев лъалев вукIаралщиназ. ГI.Шейховги лъикIалан соназ хIалтIана Гумбет районалъул газеталъул редакциялда.

РакI гIатIидав, гIамал берцинав инсан – МухIамад Пазлудиновас жиндирго гIумру журналистикаялъе кьуна. «Чирахъ» ва «Божилъи» абурал тIахьазда рахъарал кучIдузухъ балагьидал, бихьула МухIамад

гІезегІанго гьунар бугев поэт вукІаравлъиги. ГьитІинав гІолохъанчи вукІана гьев Хунзахъ районалъул газеталде хІалтІизе лъугьараб мехалда. Къогоялдасаги цІикІкІарал соназ гьенивги хІалтІун, Пазлудинов гІумруялъул ахирал къоязде щвезегІан вукІана «БагІараб Байрахъ», («ХІакъикъат») газеталъул хасав мухбирлъун.

ШагІирасулги журналистасулги хІалтІи цадахъ бачунеб букІана чІагояб гІамал-тІабигІаталъул инсан, магІарулги гІурусги мацІазда хъвадаризе лъикІаб махщел жиндир букІарав Шамхал Дибировас. Гьес къватІибе биччана кучІдузул чанго тІехьги. Восун вукІана Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул членлъунги. Шамхал гІемерал соназ хІалтІана «БагІараб Байрахъ» газеталъул редакциялда. Ахираб анцІила щугогІан соналъ гьев вукІана «Гъизилюрталъул анкь» газеталъул редакторлъун.

АхІмад Амиров вукІана махщел камилав кочІохъан. Кьун букІана гьесие «Дагъистаналъул мустахІикъав артист» абураб хІурматияб цІарги. ГІемерал соназ кечІ-бакъаналъул ансамблаздаги вукІун, гІумруялъул ахираб анцІила щугониги соналъ АхІмад хІалтІана цин «БагІараб Байрахъ» газеталъул хасав мухбирлъун, хадубги Дагътелерадиокомпаниялъул авар редакциялъул «Заманалда цадахъ» передачаялъул редакторлъун. Хъвалаан А.Амировас кучІдулги. Гьел рахьана газетал-журналаздаги, гІахьалал тІахьаздаги. АхІмадги вукІана гьимун гурони чиясда кІалъаларев, ракІ аваданав инсан.

Нижеда лъикІаблъун бихьана, МухІамад-ТІагьирги, ГІабас Шейховги, МухІамад Пазлудиновги, Шамхал Дибировги, АхІмад Амировги цоги нухалда магІарулазда ракІалде щвезаризелъун, гьел БетІергьанас лъикІаб гьунар-махщел кьун букІарал шагІирзабазул цо– цо кучІдул журналалда рахъизе.

***М.ПатахІов***



**МухІамад - ТІАГЬИР**
**(1926-1986)**

## МАХІМУД

*(Поэмаялъул кесек)*

**Дагъистаналда къо къалъулеб буго,**
**Роол гвангъараб бакъ кенчІолеб буго.**
**Кибго гьаваялда накІкІул хІур гьечІо,**
**ХІораб цІцІел бер гІадин роцІун зоб буго.**

**Доба цебе магъилъ бугІа-ролъалда,**
**Гьал къояз тІор базе байбихьун буго.**

**Балиял хурдузулъ хириял тIугьдул,**
**Хинаб бакъудехун чучулел руго.**

**Чорхол анищ кколеб борхалъиялда,**
**Ургъел гьечIеб боцIи кваналеб буго.**
**Кеп щвараб никIкI, кIкIара зурзуриялда,**
**Гьезда тIавап гьабун свердулел руго.**

**Свин гьечIеб гьаракьгун хехаб мугIрул лъар,**
**Гъваридаб кIкIалахъан къокъунеб буго.**
**Къоялъул сабураб лазаталдасан,**
**Рохун хIанчIи, мокъокъ ахIдолел руго.**

**Ургъалабаз цIурав хъахIабросулъев**
**Рагъидул рагIалда гIодов чIун вуго.**
**ГIатIидал, чIегIерал beралги къанщун,**
**ГIищкъу ккаралъухъ гьав валагьун вуго.**

**Йиго гьасда цее сверсвелей Муи,**
**Сабураб рилълъада аскIойги ячIун.**
**ЧIегIерал гъалалги каранде гьурщун,**
**Канаб гьумер гьимун, гьесухъ ялагьун.**

**Буго гьасда цебе къо гIадин гвангъун,**
**Гьалъул доб тIогьолаб гьурмадул гъалип.**
**Гьинал ракI гIодарал багIарал кIутIби,**
**Балагьун гIорцIичIел чIегIерал берал.**

**Йиго гьасда цее гьоркьохъеб чорхол,**
**Чергеслъи рекъарай бакъ гIадай гьудул.**
**Балагьун вуссани, сабур тIагIунеб,**
**ТIад рогьел рещтIараб гIатIидаб нодо.**

**Доб гIурччинаб ссанда гIодорги рукIун,**
**КIизго гьарурал гара-чIвариял,**
**Къаникь тIурпизегIан къвал бан чучизе,**
**Квер босун гьабураб гьайбатаб къотIи.**

**Огь, гьас кьабуна зар цIилил каранда,**
**Къанщарал рагьана гIатIидал берал.**
**ГIинтIа базе гьабун лъуна бухари,**
**ТIаде вахъун рачлихъ цIацIана гурде.**

**ГIащикъал пикрабаз щущан гIакълугун,**
**ГIададаго гIадин цIана хъалиян.**
**ХъинтIун спичкаги тIад цузе гьабун,**
**ГьитIинал парчаби рехана кIкIуйдул.**

Нухда унев гIадин, гIедегIун гурев,
ГIодов виччан рокъов лъугьана жанив.
Рукъ гьасул гьитIинаб, тIад лъугъур бараб,
Лъим тIун мех-мехалда чIабар гьабулеб.

Бакьулъ хIуби чIвараб, хIур-кIуч гьарзаяб,
ХIатта, гIураб канлъи гьечIеб букIана.

Гьаниб жаниб буго тIамургин чагур
ТIандибаралъ чIчIваби рекъезарурал.
Рукъалъул бокIнида бусенги буго,
Басриябго юргъан тIад сукIун лъураб.

ТIалълилъа жагъалаб гъамасги буго,
Жанир, гьас гьарурал кучIдузул цIураб.
Киса, тIокIаб рокъоб гьечIоан щибго,
Щакъи-кагъат лъолеб картIу гурони.

ХъантIун гьас кодобе босана тIамур,
ТIаде къулун, гьелда кIутIана килщал.
Каранлъ бугеб ургъел чучана гьелде,
Чорхолъ бугеб бухIи бикьана гьелде.

КъватIиб авалалде рагIулеб буго,
ГIащикъасул кверзукь гIодулеб тIамур.
АскIоргIан ругезда бичIчIулеб буго,
Балай ккун соролес угьулеб хIухьел.

Унго, тIамуралъул данде гаргади,
РагIаби ричIчIила хIисаб гьабуни.
ХIасрат ккун кIутIулеб гьаркьил берцинлъи,
ХIинчI-гъед паналъила, лъай бугебани.

Гьедин МахIмудица таманаб мехалъ
Керен чIван гIодизе гьабуна тIамур.
Ва, тIадеги вахъун, къвалакь гьебги ккун,
Ана богорокъов – эбелалъухье.

– Эбел, квен батани, кваналаан дун,
Кисаха жакъа мун гьелде регIилей?

Кванил цIар бахъидал цIунцIрахарай гьай,
Бадиб магIу хулун, хаган хутIана.
Хирияв васасе кьезе рукIинчIел,
ХинкIазул хIисабаз хIатта гIодана.

– Вай дир чохьол лъимер, гьечIо гьаб рокъоб
ГIонкIкIол михъ хъахIлъизе ххараб я хинчIеб.

Гьезул хабар рагIун, херлъарав эмен,
УхIу-тухIуялда аскIой вачIана,
Васас хIалтIун тIощел балагьичIелъул,
Боркьараб ццим бахъун гьадин абуна:

– Рокьи кванай, дир вас, кучIдулги ретIе,
Кинабго бечелъи дур гьезулъ бугин.
Балайдул цIа баке, рокьул чед беже,
Цинги вакъарав мун гIорцIизе вугин.

Ургъел гьечIел васал, росдал тIохазда,
Расандаби гьарун свердулел руго.
Свак лъаларел лъимал, релъанхъилаго,
Цоцазда хадурго рортулел руго.

МахIмудица лъимал ахIана аскIор,
ХIалимго гьездехун бицана хабар.
Ва цинги магъилъе ана гьел ритIун,
ТIин-дингур бетIизе тIадкъялги кьун.

ГIемер мех баледде рачIана лъимал,
Бана гьесда цебе ункъо-щугояс,
Жидер къвал цIу-цIураб тIинги дингурги
ТIокIаб доб хурибги хутIичIин абун.

ГIемер тIинги квинчIо, щай-кин лъаларо,
Къвалакь кковухъего тIамурги босун,
МахIмуд, росдал къватI ккун, къокъунев вуго,
ГIачинух ккун тIаде вахунев вуго.

ГIурчичнхарилъ хIанчIи чIичIилилел руго,
Нухлулав сухъмахъ ккун вачIунев вуго.
ТIугьдулъ най, никIкI, кIкIара зузулеб буго,
МахIмуд мугIрул тIогьив рещтIунев вуго.

Гьаб мугIрул тIогьиса къотIула гIорхъи,
МахIмудил росдалги Муил росдалги.
Гьаб мугIрул тIогьисан бихьула дандбан,
Бекьдерил росуги Муил хурзалги.

## ГIабас ШЕЙХОВ
## (1931-1972)



### ЖАЙРАН

**Дида цо нухалда кьурул рагIалда,**
**Кьер меседил жайран бихьун букIана.**
**Рогьалил гIужалда гIазул мугIрузда**
**Дун валагьарав куц гьелъухъ ЦIумада.**

**Мун йикIана лъарахъ хIатIал чурулей,**
**Чабхил гIерекъалда тIадги гIодой чIун.**
**ГIажаибго хъахIал гьезухъ валагьун,**
**Гьанжеги вугилан ккола дун хаган.**

**Намусаб гьимиги, цо балагьиги,**
**Бадиб бакъ бугилан кколаан дуда.**
**ЧIегIерал бералги, гIанчIаб балайги,**
**КIвечIо гIорцIизегIан духъ валагьизе.**

**Гьанже ургьиб цо бакI буго бухIулеб,**
**Кодоса тIавусил тIинчI араб гIадин.**
**Каранда гьинал ракI буго бежулеб,**
**Жаниб гучаб вулкан бугеб кинигин.**

**Ракета кинигин, киб гьаб замана,**
**Зодиса бакъ бугин нахъе тIерхьунеб.**

**Спутник гIадинан щай унеб гIумру,**
**ГIолохъанлъи бугин кверал росулеб.**

**Амма моцIрол гIадин кесекги бекун,**
**Кидаго бихьичIо дида багIар бакъ.**
**ТIерхьунеб мехалъги, рогьалилъ гIадин,**
**ГIажаибго берцин буго гьеб зодоб.**

**Дида гьаб нухалъги кьурул рагIалда,**
**Кьер меседил жайран буго бихьулеб.**
**Доб мехалъ гIадинаб гIолилаб гуреб,**
**ГIумруялъул чамги замана бараб.**

Цинги дир ракIалде йиго мун щолей,
Чабхил иццухъ хъахIал хIатIал чурулей.
Сонал рахъаниги, рукIкIен рехичIей,
Замана аниги, берцинлъи хвечIей.

РачIа кIияцаго бералги къанщун,
Къокъун арал къояхъ лъикI халгьабизе.
Дир ботIрода хъахIаб рас батаниги,
Рогьалил гIужалъухъ цо ралагьизе.

### ГЬ А

Дица дирго чорхол сахлъи бикьанин,
Гьелда гIайиб чIваге, гIазизал лугбал.
ГIолохъанлъиялда дун барахщичIин,
Гьелъул цIогьорасда тIаса лъвлъва сонал.

Чияр улкабазде бомбаби райгун,
Дир рокъоб багъана рагъул квешаб сас.
Кирниги ракъиялъ гIадамал хвейгун,
Дир рекIелъ рещтIана бакIал ургъелал.

Дирго къуваталъухъ ужра гьечIого,
Алжиралъул ярагъ босана дица.
Берзул канлъиялъухъ мухъ цIехечIого,
Конгоялъул ругънал хисана дица.

Дица анкеталда, миллатги хисун,
Мексиканав вугин хъвала мех-мехалъ.
Визаго гьечIого, цо киналиго,
Афиналде рещтIун ватула дунго.

Дун негравлъун лълъуна Чикагаялъул,
Чарамул рахсал гьез тIутIулел къояз.
Чадалде ваккула, цIадал къатIралъун,
ЩIадахъ гIащикълъараб гьеб бихьарабго.

Дун вьетнамав вуго, керчал рохьазда,
Янкиязе сардилъ гъоркьчIел гьабулев.
Дун индусав вуго, хIатIида гIицIго,
ГIагараб ракьалда тIощел бекьулев.

Дица Ганаялъул партизаназулъ,
Панаяб кечI чамги ахIизе буго.
Ва Эквадоралъул карателазул
Каранлъ дир гуллий бакI хIадурун буго.

**Дица чияр цIумур бухизе гьечIо,**
**ЩIурмихъ гIинтIамураб Испаниялъе.**
**ГIарцухъ хиянатги босизе гьечIо,**
**Хиянаталъ кьураб Родезиялъе.**

**Дир рукълъун лъугьараб дуниялалъул,**
**Дун васлъун вукIина кIал къотIизегIан.**
**Эбеллъи гьабураб дир улкаялъе,**
**Дун налъукь хутIила хабалъ лъезегIан.**

## СОЛДАТАЗУЛ ЛЪУДБИ

**Рагъал лъугIаниги, сонал аниги,**
**ЧIегIер щай руччабаз бахъулеб гьечIеб?**
**Кьалул хандакъазухъ хер бижаниги,**
**Хараял щайзе гьез ретIулел гьечIел?**

**Нуж тIадруссинилан, кверalги росун,**
**Кинал окопазухъ гъапуллъун ккарал?**
**Ралагьун рукIаян хIайран нижги тун,**
**ХIулараб рузица щай тох гьарурал?**

**Нужехъ ралагьиялъ бетIер хъахIлъарал,**
**Лъудби руго гъасда жеги кьижичIел.**
**Гьанже тIаде щвелин хиял гьабулел,**
**Херал улбул руго берзул нур сварал.**

**Нуж рачIинин ккола хъахIал мугжулгун,**
**Рагъулаб формагун, орден, медальгун.**
**Гьединан батила гIемерал соназ,**
**НуцIби рахаларо херал чагIаца.**

**Рагъда тIагIаразухъ тIул-ракI бухIараз,**
**ТIаде борхизабе чIухIараб бетIер.**
**ТIулбикьарал вацал нахъе рачIинчIез,**
**Бахъун магIида бай чIегIераб партал.**

**РекIелъа тIун араб тIогьолги бицун,**
**ТIадмагIарухъ росулъ гаргадуге нуж.**
**ТIогьол байдабахъе нахъе руссинчIел,**
**Нужехъ балагьиялъ берал сваканин.**

**Зодихъ цIваби гIадин, цIарги нахъе тун,**
**ЩIел кIкIуйдулъ къанщарал щола ракIалде.**
**ЩIоралъул мугIрузда багIарбакъ гIадал,**
**Багьадурзабазе гьечIо даим хвел.**

## ГІАЙНАИЛ ДАРДАЛ

**Махил гъветІ гІадинай, чалухай диде,**
**Чи тІаде къалареб къо бачІун буго.**
**Чанил бурутІ гІадай беричай дихъе,**
**Доб мехалъ гІадин мун хьвадулев гьечІо.**
**Къилбар цІваялъ гІадин, канлъи кьолей дун,**
**Каранлъ ругъунги лъун щай дуца тарай?**
**ШагьримоцІ кинниги, цІар рагІарай дун,**
**ЦІибил барщулелъул, щайзе йиччарай?**
**Бакъ-моцІилан абун цІар лъураб мехалъ,**
**ЦІерлъун биана дир ургьиб гьинал ракІ.**
**ЦІоралъул бисилан мун гьедаравго,**
**Гьагаб бетІералда ккана цо гІайиб.**
**ТІеренал кІутІбуца баарал дасa,**
**Араб берзул канлъи кодобе щвечІо.**
**Кепка берциница къвал баралдаса,**
**Къулараб дир бетІер жеги борхичІо.**
**Берзул нур тІагІиндал, тІаде йорхула,**
**ТІохил рагІалде мун вахунарищан.**
**РекІел ияхІ хвейгун хиял гьабула,**
**ГьатІан къоялъ дихъе ваккуларищан.**
**Роол щуб кинигин, гІищкъуги цІунун,**
**Дун мун вачІиналъухъ халккун йикІинчІищ?**
**Харилъ тІегь кинниги, рокьиги хьихьун,**
**Мун тІадвуссинегІан ялагьун чІечІищ?**
**Лъимер гьабурабго гьоркьоб бакІги хун,**
**Хирияв гьудулас гьабун тараб жо.**
**ХъахІрас баккилелде, кьотІиги биххун,**
**Къадарав лаченас дун гуккарай куц.**
**ГьадигІан гІемерал гІадамазда гьорлъ,**
**Мун тІаса вищидал, щай рехун тарай?**
**ГІадамазе талихІ бикьулеб мехалъ,**
**Дун гьоркьой йиччазе ккараб такъсир щиб?**
**Дир гІолил ясазде аманат буго,**
**ГІищкъу гьабулелъул цІодор рукІаян.**
**ГІелцоялщиназде цо гьари буго,**
**Гьедарухъабазда божугейилан.**

**МухIамад ПАЗЛУДИНОВ**
**(1936-1988)**



## ВАТIАН

**Дуде гIищкъу бергьиналъ**
**ХIалхьолеб гьечIо, ватIан.**
**ХIасратаб назму буго**
**Даим ракIалъ ахIулеб.**

**Эбелаб ракь хиралъул**
**Рокьул цIун буго керен,**
**РакIалъ бачуна бакъан,**
**Камилаб ах рекIей гIун.**

**Дур цIаралда гурони**
**ЦIалебго гьечIо гьава,**
**Дуй хIалае гурони**
**ХIохьел гьечIо угьулеб.**

**ВатIаналъул тIолго нур,**
**Уна гьаб дир рекIелъан,**
**Гьелъ бакараб канлъул чIор**
**КунчIула дир бидулъе.**

**ВатIанги дунги цадахъ**
**Цо нух ккун цере унел,**
**Цоцаздаса ниж тIолеб**
**ТIалъи гьечIеб кибниги.**

**ВатIан букIинчIебани,**
**АхIделароан булбул;**
**ВатIан камурабани,**
**Раккилароан тIугьдул.**

**ВатIаналдаса бугеб**
**ЧIухIи бахчун кIоларо,**
**ВатIан гьечIезда гурхIун,**
**ХIалимлъи зигардула.**

**Гьаб гIумрудул цо лахIзат,**
**Гьебги дуе балеб гьа.**
**Цоги гьечIо дир мурад,**
**Дуй хъулухъ гьаби гуреб.**

**Дир цо тIамураб гали –**
**Къадруяб дуде рокьи.**
**Щибаб кверзул рагьари –**
**Мун тIегьазе, гвангъизе.**

**Ишал гIемерал руго**
**ГIагараб ВатIаналъул,**
**ГIумру гьалдолеб буго**
**Гьайбатаб дир ракьалда.**

**Мун дунялалъул къилба,**
**Къалъараб бакъ кибего.**
**Континентал ракълиде**
**АхIулеб гучаб сангар.**

**Дур араб нух лебалаб,**
**БукIинесеб гьайбатаб.**
**Мун гIадаб цоги гьечIо,**
**Мун дие цохIо буго.**

**ВатIан, дун дур гIадамалъ**
**ГIуцIарилев, кидаго.**
**Дур рорхатал гьундузе**
**Къед балев, хур бекьулев.**

**Дур хуриб цохIо тIорлъун**
**ЦIувазе ккананани,**
**ЦIавуцIина дун зодий**
**Дие гьеб рохел буго.**

Дур пастIабахъе цIадал
Цо къатралъун тIинкIила,
Гьелъ чIаголъи кьурав дун
ЧIухIаравлъун хутIила.

Дур къадру цIунулаго,
ЩIа дие хIинкъи гуро,
ЩIар ахIе, эбел ВатIан,
Рачел борчараб буго.

Дур амру борхулаго,
Аразда дун урхъула,
Ишан гьабе, гIагараб,
ГIумру кьела майилан.

Дур василан дие цIар
ГIададайищ кьун бугеб,
Шапакъат гьелде щвараб,
ЩибгIаги дие гьечIо.

## ЧIАХЪАГИ ЛЪИКIЛЪИ

Дун лъикIал гIадамазе
ГIумруялъ налъукь вуго,
ГIаданлъи бергьаразе
Божелалъ чIаго вуго.

Дун намус цIикIкIаразул
ЩIадухъ хинлъулев вуго,
РитIухълъи цIунулезул
Нухда хьвадулев вуго.

Диего гIоло гуро
Дун вижарав ракьалда,
Нужей гIоло, гIадамал,
Нужее рохалие.

Нужей хъулухъ гьабизе,
Нужер ракIал хинлъизе,
Нужер гIищкъу бикьизе,
Нужер гьими бикьизе.

Гьале, каранда квер чIван,
Къабул гьабе дир икрам,
Кида нуж кIочон толел,
Ният лъикIал гIадамал.

Сунцаго бецIиларо,
БецIунги лъугIиларо.
ЛъикIлъи сунца хисулеб,
Хириял дир гIадамал.

Чияр рохел гIащикъал,
Къварилъи кIибикьулел,
Рокьи рекIелъ камичIел,
Кумек гьабун хIалхьечIел;

ЛъикIлъи ккечIеб къо ани,
Къаси макьу щоларел,
Щваралда насиб бугеб,
Саламалъул квер цIурал.

Нужеда берчIварабго,
Билун тIагIуна квешлъи,
Кида нуж кIочон толел,
Гьайбатал дир гIадамал.

Нужер борхалъиялде
Бахунаро щибниги,
Бакъгицин рухIдаллъула
Гьеб кIудаб гьунаралда.

ЛъикIлъиялъ лъурал кьоял,
ЛъикIлъиялъ рарал гьундул,
ЛъикIлъиялъ бекьараб хур,
ЛъикIлъиялъ хьварал кучIдул.

* * *

Дир гьаб суал гуро, судалъе лъураб,
Суравал росизе жибго намус те.
Такъсиралъе тамихI ккола къотIизе,
Къимат кьезе гьанже ияхI биччанте.

Дир рахIат хвараб жо халкъалда гьоркьоб,
ГIадамалин абун рагIадал рукIин.
РекIел хIал хисараб, чучун бицани,
ЧагIийилан абун чухъаби дандчIвай.

Гьардухъаби рекIей, дир гьунарани,
Приказ бахъилаан нахъбуссунареб,
ХIалакъаб ботIрое, тIекъаб рилълъаде,
Босун цIар хъвагIалеб, хъвалаан хIукму.

ТIекъалда рекъолел, рецIел босулел,
ХIинкъун гьересияб рагIи бицунел,
Саламан кIалъазе кIутIби рагьичIел,
КIудиял чагIазе чIезе бакI кьечIел.

Бицунеб кьариял, кьолеб хIалакъал,
Нужер къо бухIизе хIал анищ дие.
Хъалиян цIан, гьекъон, заман чIамулел,
ЧIаразе лъикIан нуж гIадамазулъа.

* * *

РекIел гъансахъ хутIун хазина буго,
Хал гьабун бихьидал дун хIайранлъулеб.
ХIасратал къоязул гьайбатлъи лъала,
Дир анищ кканиги, квер гIунтIулареб.

КигIан хехго тараб тIогьол гIурдаллъи,
ГIазул хъахIлъи бугин нухда дандчIвалеб.
Дир гьурмада рукIкIел буго цIилъулеб,
ЦIидасан ракIалде щола лъимерлъи.

Свакай, лъалхъи гьечIеб гьаб гIумруялда
РекIеда къан буго араб замана.
РагьичIеб гьунарги лъугIичIеб кечIги,
Кквезе дихъе щвечIеб цIадулаб хIинчIги.

Унге мун гIедегIун, чIухIараб рии
ЧIа, дагьалъ кватIун щва, дихъе мун хасел.
Дида цадахъ ругин, цеве унаго,
Церехун анщинал гIумрудул къоял.

* * *

Жакъаги лъутана дидаса рокьи,
Кьалгийищ букIунеб нилъеда гьоркьоб.
Гьанжеги бахчана балаялъул нур,
Бердай кколеб, гьудул нилъ кIияздаго.

Унго, божилъидул рорхатал сиял,
РакIгьечIелги рохун, биххун инадай?
Аман кIиязулго журарал ракIал,
ЖахIда гьоркьоб хIалтIун ратIалъиладай?

Мекъи вуссарав дун, сверун арай мун,
ЦохIо цIаялъ руго рухIулел цадахъ.
Нилъги тун, пашмнго, унеб гIащикълъи,
ГIелин, тIадбуссаян кинан ахIделеб.

Рекъезин, хирияй, жакъаялдаса,
ЖужахI хIехьезе дир хIал гIолеб гьечIин.
Дунги мунги гурищ – лъимги полопги,
КIиялго нилъ цадахъ – бакъанги кечIги.

### ДУР РАГIАД

ТIегьараб гIурдада гIодойги йикIун,
ГIащикъго ахIана дуца дие кечI.
ХIеренал рагIаби дандеги кIутIун,
КIиязго рорхана гIищкъудул лълъарал.

Дидани кколаан нилъер багIарбакъ
Къалъараб кидаго ссун инарилан.
КIвечIо, рекIел гьудул, кинго божизе,
Замана батIияб тIаде щвелилан.

Щвараб гIурул гIадин нухалги рикьун,
Рокьул асирлъуда бугеб гьинал ракI,
Угьдула, угьдула, жеги цIидасан,
ТалихIаб гIужалъул гIащикъал бакънахъ.

Яс, добго гIурдаде их щванщинахъе,
Щола дун тIугьдузде тIаде къулизе,
Кун тIурал махха лльун гьезда гъорлъ щущан,
Дур кочIол рагIаби ратуларищан.

МагIулъун рогьалил щубги тIад кенчIон,
ТIугьдул зигардула мун ячIунарин.

**Шамхал ДИБИРОВ**
**(1946-2010)**



## КЪОКЪАБ ГIУМРУЯЛДА – ДИР КЪОКЪАЛ КУЧIДУЛ

* * *

**ТIадагьго, парпадун, роржунел руго**
**Расен меседилал пашманал тIамхал.**
**ТIадагьго, парпадун, лъугIулеб буго**
**БетIергьанас кьураб берцинаб гIумру.**

**ГIодиги, релъиги, рокьиги, кьалги,**
**Кьурабалъ багъулеб магIарул кечIги,**
**Корохъ цо гIаданалъ бакараб цIаги,**
**ЦIер гIадин, лъачIого, биунеб буго.**

**Батила гьелъулги цо хасаб магIна,**
**МагIарухъ раккила батIиял тIугьдул.**

* * *

**Дун хвараб цо къоялъ, къукъаби гьарун,**
**Къваридал маскаби гьурмадаги ххун,**
**Гьудулзаби дихъе рачIинеб лъала,**
**Рецц-бакъ гьабулаго, дун къаникь лъезе.**

**ЛъикIал гьудулзаби, дир рекIел вацал,**
**Цо-цоккун, кIи-кIиккун, лъаб-лъабккун рачIа;**
**ЧIаго дун вукIадго. Дун хвараб мехалъ,**
**Нуж рачIинчIониги, дий ургъел гьечIо.**

* * *

**МагIарухъ кечI гьукъараб букIана щакаб заман,**
**Шамилица буюрухъ кьуна кечI ахIугеян,**
**АхIизе гIиллабиги гIемерищха рукIарал,**
**Рагъул корониб къараб къваридаб ВатIаналда.**

**Гьанжеги цо-цо росулъ кечI гьукъулеб рагIула,**
**Рекъоларин кечI-бакъан бусурбанаб халкъалда.**

**Динги гIилладуй бачун, бече гIадал жагьилаз**
**Жидеего бокьухъе бекьулеб буго чIанда.**

**Дица, радал вахъиндал, цо чанго кечI ахIула,**
**АхIун хъизан-лъималгун лъикIаб сухIмат гьабула.**
**Гьеб ихтилат щуцIулго лъалхъизабизе ккола,**
**КечIги какги, къвалги бан, вацал гIадин рукIуна.**

*Къ. КъурбангIалиевасе*

**Къучраб росу бакьулъа бихьинчи КъурбангIали,**
**ГIадамазе кидаго кумекалъе ватула.**
**Таги мун БетIергьанас талихIаб гIумруялда,**
**ГIаданлъи, яхI-ничалъул щулияб хIуби гIадин.**

**ГIумру чвахулеб буго, чабхилъа ицц кинигин,**
**Кидаго абулаан ХIамзатил Расулица,**
**РекIел бечелъи гIадаб хазина тIокIаб гьечIин,**
**Гьеб хазина нижее бикьулев дуй баркала!**

*Фазу ГIалиевалде*

**Фазу, гьанже сардал халалъун руго,**
**Хех гьабун къокъунел къоялги руго.**
**Ратуларо аскIор Мусагун Расул,**
**Рохелгун къварилъи гьелгун бикьизе.**

**Фазу, меседалда хIарщ рекIунаро,**
**РекIелъе риччаге къватIул далилал.**
**Дур кIодолъи лъазе гIун гьечIо жеги**
**Жагьилаб, бакъвараб, бащдаб Дагъистан.**

*******
**Дица я гьекъоларо, я хъалиян цIаларо,**
**ЩIуял жалазда хадув векерулеб гIуж ана.**
**Амма, битIун бицани, буго дир цо гIунгутIи –**
**ГIемер гьерсал рицуна, нужги гьезда божула.**

*******
**Сахлъиги заманги цIунун хадуса**
**ХутIанщинаб жибго бачIуна данде.**

*******
**СихIкъотIи гIадинаб музыка гьечIо,**
**Гьаб, хъуялъ гIинкълъараб дуниялалъе.**

***

**Киналго загьруманал гьекъон хадуса лъана**
**Лъедаса къвакIараб жо дие бегьулареблъи.**

***

**Ахирисеб рокьул кьогIаб гьуинлъи**
**Гьайбатай дур кIутIбулъ батана дида.**

***

**Къо анагIан дагьлъулел гьудулзабиги руго,**
**Гьезухъе дунго ине заманги щолеб буго.**

***

**Дару гьечIеб унти гьечIо ракьалда,**
**Рокьиги, гIантлъиги рикIкIинчIонани.**

***

**Щивав чи, гIодулаго, вачIуна дунялалде,**
**Доб гIоди херлъарабго, уна ахираталде.**

***

**Огь, МухIамадсултан, мун гьечIеб дунял**
**Дие кIиго нухалъ гьитIинлъун буго.**

***

**Лъимал, гьарураб мехалъ,**
**цоцазда цIакъ релълъуна,**
**Цинги лъугьуна гьезул гIадамал яги хъурмал.**

***

**Какил кIиго ракагIат – ракI къварилъидал дару,**
**Рохалийгун ццидае сабру кьолеб баркаман.**

***

**Гьанже Расулиде хIапдолел руго,**
**ХIалтIиги, рукъзалги гьес кьурал чагIи.**

***

**Дир гьудулзабазул рекIел берцинлъи**
**Бицун бажарулел рагIаби гьечIо.**

***

**Цо чиясул гIумру кьеларо дица**
**Дунялада бугеб бечелъиялъухъ.**

***
**ГIабдулвахIид ХIажиев – ХIебда баккараб дир цIва,**
**ЦIоройгун ургъел уна, мун ракIалде щваравго.**

***
**Чанги хIаким вуго, хIехьгIан гьодорав,**
**Гъесул кьалбазул кьучI – хIарамаб гIарац.**

***
**Митрополит Кириллий киригун рецц щвелаан,**
**Кинабго гIурус уммат Исламалде бачани.**

***
**Бисмиллагьги бахъун, байбихьараб иш, –**
**Ишан ккун, речIчIараб чIор гIадинаб жо.**

***
**КучIдул хъвалел чагIи гIемер рукIана,**
**ГIадамазул рекIелъ Расул хутIана.**

***
**Дурго сахлъи чIвалел чIвадарухъабалъ**
**ЧIчIел босарав дуца гьанже гIарзал те.**

***
**Лъалаго хIарам даран гьабулев базарганас**
**Бараб какгун ккураб кIал гIададисеб жо буго.**

***
**Мискинчи циндаго бечелъун хадуб**
**Хола гьесул гIадлу гIарцул унтиялъ.**

***
**Мариян, дур цIаралъулъ цIаги, цIвабиги руго,**
**ЦIунаги мун Аллагьас дун гьечIеб мехалдаги.**

***
**Дун пашманго валагьунвуго гьал тIадчагIазухъ,**
**ТIагъралани руго гьезул, бутIрул киредай арал?**

***
**Чиясул гьитIинлъиги, чиясул кIодолъиги**
**КIалдиб бугеб мацIалда бараб батула чанги.**

***
**Гьаб гIумрудул магIна, къокъго абуни,**
**Аллагь разилъулев гIаданлъун вукIин.**

**АхIмад АМИРОВ**
**(1946-1998)**



## УМУМУЗУЛ НУХ

**Дир росулъе жанибе бачIунеб чIедераб нух,**
**ЧIахIиял ганчIал гIанлъун,лъураб буго умумуз.**
**Эбелалъ абулаан, бадиб магIуги хулун,**
**Хвел гьечIеб, кIочонареб ракIалдещвей бугин гьеб.**

**Бицунаан щакърахун, щивав чиясул къисмат**
**Сухъмахъалда бухьараб букIанин доб заманалъ.**
**ГIурччинлъи тIад цIиричIел цIвакарал тIалабазде**
**Баччанин гьаб нухдасан хурзал гьаризелъун ракь.**

**Гьагьалгун ун магъилъа мугъалъ босараб ганчIил**
**ЧIегIерракь тIибитIарал тIогьазда къадал ранин.**
**Гьаб нухдасан рагьанин гьез шагьаралде каву,**
**Культура, лъай – тIолабго тIегьанин сонал ингун.**

**Анин анисан ритIун ВатIан цIунизе васал,**
**Сахаватал ракIазулъ бергьенлъиялъул кьучIгун.**
**Эркенлъиялъул хабар босун вачIунев чапар**
**Чугун цадахъ росдаца восанин гьанив кодой.**

**Гьелдаса дир росулъе рахъана нухал гIемер,**
**ГIатIилъигун квегIенлъи – кинабго жиделъ бугел.**
**Амма умумузл нух, эбелгун дун хьвадараб,**
**Буго дие хирияб, хисиларо гIумруялъ.**

## ДИЦА АХIУЛА КЕЧI

**Поэтал гьечIони, гьечI дир гьаракь,**
**Гьаб Дагъистаналда гIорлъун чвахизе.**
**ГIумру бакъаналъул къварид букIуна,**
**РекIел рагIабазул магIна гьечIони.**

**Огь, дун вохулеб куц хинал гьурмазулъ**
**Гьуинал кучIдузул мухъал рихьигун,**
**Разилъулев куцха канал ракIазул**
**КIутIи гIадамазе кьезе рес щведал.**

Бакъанги каламги – кIиябго цадахъ
Цолъун бижараб кечI ккола цо хIикмат.
ТалихIалъул цIураб цогиги лахIзат
ЗахIмат буго дида лъалин абизе.

ШагIиргун гIодов чIун гIакълу дандбачIеб,
БечIараб букIуна кочIол хасият.
Сири чорхолъ балеб хIасил гьечIони,
ХIажалъиларо кечI ахIизе дие.

Дица ахIула кечI керен бухIулеб –
Рокьуда цIер чIвараб хасел бугезе.
Бичан тола гьаракь, цо гъаргъар балеб –
Рокьуе боркьараб рии бугезе.

## ЭБЕЛ, МУН ДУНГУН ЙИГО

1.

ГIагараб росулъе эбелалъухъе,
Йихьизе гIащикъал рекIел хьулалгун,
Хьонлъи мерхьун унеб сухъмахъалдасан,
Сапаралдаса дун вуго вуссунев.

Рагьдухъе щваравго, кидаго гIадин,
Каранде дунги къан къвал бан баизе.
Болъодухъ хIадруго йикIуней эбел
Азбаралда жакъа гьечIо ятулей.

Рагъида егарай гъаримай дуда,
Дида щибго рагIи кIвечIо абизе.
БичIчIана сахго мун егуларейлъи,
Бегана рекIеде кIудияб ургъел.

– Щиб дуе лъугьараб, щиб унтулеб бакI,
Абе, эбел, дица кумек гьабила.
ГьечIо щибго дие гьаб ракьалда тIад
Дудаса хирияб, дуда бащадаб.

– Дир унтуе дару духъе щвеларо,
Щваниги сахлъизе гьелъ гьайиларо.
Гьуинаб квенгицин чIамучIлъун буго,
ЧIегIерракьалъ буго дий каву рагьун.

Кидаго гIумруялъ лъимада аскIой,
Эбел йикIунаро, ракI къварилъуге.
Къалъараб дуниял тезе захIматаб,
Заман щвараб мехалъ щибха гьабилеб?..

2.

Ана сордо дица бер къапичIого,
Къулун эбелалъул гьурмаде тIаде.
Гьелъул пикрабазда гIунарав дида
Руччабазул гIоди рагIулеб буго.

«Дие гIумру кьурай гIазизай эбел,
Унейищха йигей жакъа дидаса?
Дида ккараб такъсир бице, дуниял,
«Бесдалав» цIаралъе мустахIикълъизе?»

3.

ГIагараб Кутиша, духъе щолаго,
Шагьра кIибикьулеб байданлъиялда,
Даимаб макьида кьижаразда гъорлъ
Дир эбелалъеги буго кьураб рукъ.

Дица гьанив щвейгун, росуцоязе
Цин салам кьелалде, хабадеги ун,
Эхетараб зани карандеги къан,
Къварилъи бикьула цебего гIадин.

Чангиял рокьана дие ракьалда
Рокьи эбелалде батана хасаб.
Хобги гьелда аскIоб бухъизе биччай,
Бокьараб бакIалда дун къанщаниги.

## ДУН ВИЖАРАВ ВУГО МАГIАРУЛАЗЕ

Дун вижарав вуго магIарулазе,
ГIагараб мацIалда кучIдул ахIизе.
Куркьбал дида гъуна гьезул рокьиялъ,
Гьаракь дие кьуна гьаб тIабигIаталъ.

Йохъ, бакьан гуро кечI, цо кочIохъанас,
Цогидасда релълъун ахIун биччараб.
Чилъун рикIкIунге дун, мугIрузда гIурав,
Дирго гьаркьил хаслъи хисизабуни.

Дир кечI – налъи буго гьаб тIалъиялъе,
ТIадмагIарулазул  намус-яхIалъе.
БахIарчилъи босун ракьулъе арал,
Умумузе чIварал заназда цебе.

Дун цоцIул гьавуна дуниялалда,
Дида лъала цоцIул хвезе вукIинги.
Хабалъеги цадахъ босила дица
Дагъистан, дур бакъан ва гIакъилаб кечI.

# БакьагьечIиса ЧIанкIа гьавуралдаса - 150 сон

**ПатIимат МУХIАМАДОВА**



*МухIамадова ПатIимат гьаюна Хунзахъ районалъул БакьагьечIиб росулъ. ЛъугIизабуна ДГУялъул филологияб факультет. ГьитIинго хъвалаан гьелъ кучIдул. Басмаялде рахъизе лъугьана гIолохъанаб гIужда «Росдал захIматчи», «БагIараб байрахъ» газетазда, «МагIарулай» журналалда, «Гъудуллъи» альманахалда. 1986 соналъ къватIире риччана «Чвахало», «ЧIагоял тIугьдул» абурал тIахьазда ПатIиматил кучIдул. Гьелъул цIиял кучIдул рахьана «БакьагьечIиб росдал адабияталъул иццъ» абураб тIехьалдаги.*

*ПатIимат хIалтIулей йиго МахIачхъалаялъул 42 школалда рахьдал мацIалъул мугIалимлъун. Гьей йиго РФялъул гIаммаб лъай кьеялъул хIурматияй хIалтIухъанги захIматалъул ветеранги.*

*БакьагьечIиса ЧIанкIалги, гьесул яц Хажалги хIакъалъулъ хъвараб буго П.МухIамадовалъул гьаб асар.*

### ВАЦГИ ЯЦГИ

***ТIоцебесеб бутIа***

**Борхалъи рекъараб къадруяб лага,**
**КъартI чорхолъ бессараб тIадагьаб рилълъин.**
**Рокьул дангъва чIвараб чIурканаб гьумер,**
**Гьимун ралагьулел чIегIерал берал.**

**КIалъайги рекъарав, къвакIи дурусав**
**ЧIанкIал гIумруялъул бицен гьабилин.**
**РетIараб ретIелги хьвада-чIвадиги,**
**Кинабго букIана гьесул батIияб.**

**АскIор рахъун чIарал ригьинарулеб,**
**Цо къуват букIана динияб чорхолъ.**
**Берзул чIорал речIчIун, ракIал хIеккунеб,**
**ХIеренлъи, тамаша, мугIалимасул.**

## ЛЪИМЕРЛЪИ

Лъимал. ЧIанкIа, вилълъаха нижгун васандизе къватIиве.

ЧIанкIа. ЦIалдон вахъаравго вачIина.

Вас. Вилълъа гьанжего, хадуб цIалиларищ, вилълъа нижгун хIазе.

ЧIанкIа. Рилълъаха.

Автор. Лъималазда гьоркьов ЧIанкIа вихьидал, росуцояс абун рагIула: «Гьагъав васасул берзул кунчIиги, хIатIил росиги батIиял руго. Цо чи лъугьина гъосул», – ян.

ЧIанкIа. Дун ана рокъове, цIалдезе ккола.

Автор. ЧIанкIа цIалана БуцIраса ИсхIакъил МухIамадида, МестIерухъа НурмухIамадида, ЧIикIаса ХIамзатхIажида ва цогидалги гIалимзабазда цеве.

МугIалим. Ассаламу гIалайкум!

МутагIилзаби. ВагIалейкум салам!

МугIалим. ГIодор чIая. Дица нужеда малъана цIализе, хъвазе, амма буго жеги нужеда лъазе кколеб жо. ГIенеккея цо кIваркьун. Нужеего бокьулареб жо гьабуге чидае. Щивасул чорхолъ буго рухI, гьолда бихьула кинабго: лъикIабги, квешабги. Бикъуге, хъамуге, хъубал ишал гьаруге, гьереси бицунге, нужго Аллагьасдаса рикIкIалъичIого рукIине. ЦIикIкIарасул адаб гьабе, гьитIинасде недегь рукIа. Нилъеца киналъулго жаваб кьезе ккола. БичIчIанищ нужеда?

МутагIилзаби. БичIчIана.

Автор. МугIалимасда ракIалде ккана гьазул лъай борцине.

МугIалим. Лъалищ, гьудулзаби, дун унтунги вуго, херлъунги вуго, нужеца дие кумек гьабизе ккола. ЦIали лъугIаниги, нуж цойги соналъ ине ккола дие гIарац бакIаризе.

Автор. ЧIанкIа хутIизегIан, киналго уна рекерун.

МугIалим. Щиб, ЧIанкIа, дуе, дие кумек гьабизейищ бокьун гьечIеб?

ЧIанкIа. Гуро, мугIалим, дуца абун букIана хIалалаб гуреб жо босизе бегьуларин. Нижер цIали лъугIана, сундухъ бакIарилеб мухь? Гъоз бокьун кьоларогури. Дуца абун букIана бокьун кьечIеб жо хIарамаб букIунин.

МугIалим. БитIун буго. Рецц буго ТIадегIанав Аллагьасе, цо мутагIиласдагIаги бичIчIун бугелъул дица малъараб. Баркала, дир гьудул ЧIанкIа, гьединав вукIине ккола чи, къуркьи гьечIев. (Квер босула.) Дица бицарабни нужеца босун гьечIин, гьав ЧIанкIаца абухъениги хьваде нуж жакъа къоялдаса.

## ХУНЗАХЪ БАЗАРАЛДА

**Щибаб базар къоялъ къайи гIемерал**
**Хунзахье рачIуна бича-хисизе,**
**ГIарцул чунтби цIурал, хIажат цIикIкIарал**
**ГIемерал рихьула хьвада-чIвадулел.**
**Гьунар цIикIкIаралги къец бокьулелги,**
**Цоцада рихьизе хьуллъун ругелги,**

**Гьобол вокьаралги кеп бокьулелги,**
**Киналго рачIуна тIаде Хунзахъе.**

Автор. Ралъад гIадин гьелчолеб буго базар. ГIадамазул хъуялъ тIалъиго цIун буго. Цо заманалдасан гIадамал ана цо рахъалде ва сихIкъотIи лъугьана. ТIамурги хъван ХъахIабросулъа МахIмуд кечI ахIулев вугоан. КечI ахIун бахъарабго киналго рахъ-рахъалде ана, амма хутIана кIиго чи: МахIмудги борхатаб, берцинаб лага-черхалъул, гьурмал куц рекъарав чиги.

ЧIанкIа. МахIмуд, дуца цIакъ берцинго ахIулеб буго кечI. Гьеб кечI лъица хъвараб?

МахIмуд. Гьеб кечI хъвана, гьудул, БакьагьечIиса ЧIанкIаца. Дие цIакъ рокьула гьесул кучIдул.

ЧIанкIа. Гьедин батани рачIаха лъай-хъвай гьабизин, дун вуго ЧIанкIа.

МахIмуд. Унго мунищха? Дун чанго нухалъ гьесун вукIана дургун лъай-хъвай гьабизе вачIине! ЦIакъ вохарав вуго мунгун дандчIваялдаса, кечI гуребги дие вихьаравго вокьана мун, баркала, дир гьудул, дур кучIдуз дир ракI гьогьомизе гьабула.

## КIИАБИЛЕБ БУТIА

Автор: **МугIруз сверун ккураб, гъутIбуз бацараб**
**КIахъиязул росу, росдал жамагIат.**
**Росу бакьулъ бугеб гьитIинаб мажгит,**
**Мажгиталъул дибир Тажудин ЧIанкIа.**

**Росдае хирияв, гIакълу камилав,**
**Киназулго ракIаз восарав инсан.**
**Мажгиталда аскIоб берцинаб мина,**
**Берзул нур босулей Гулишат гIураб.**

**Мажгиталъул гордухъ чIарав ЧIанкIада**
**Рагъида йихьула «зодил хIурулгIин».**
**«Унго, инсандай мун, сипат гуродай.**
**Дир сабру лъугIараб гIажаибаб рухI».**

ИсмагIил. Киве вахъарав, ЧIанкIа?

ЧIанкIа. Дуе кумек гьабизе, цIул бичIине вачIунев вуго дун.

ИсмагIил. Лъала, гьудул ЧIанкIа, лъала, щай мун вачIунев вугевали.

Гулишатил эбел. Гулишат, гьадав ИсмагIилида аскIов чIарав чорхол куц рекъарав вас щив?

Гулишат. БакьагьечIиса ЧIанкIа вуго, эбел.

Эбел. Гьадавищ дуца бицунев вукIарав гIалимчи– шагIир ЧIанкIа.

Гулишат. У, эбел, ЧIанкIа вуго гьев.

Автор. Гулишатил эбел, жиндирго бечелъияалдаса ракI пахруяй гIа-

дан йикIуна. Гьелъие бокьун батизе буго жиндирго тIокIлъи бихьизабизе.

Эбел. ЧIанкIа, дуца цIакъал кучIдул гьарулел рагIула, цо кечI дидеги хъвай, ЧIанкIа.

ИсмагIил. Дуде кечI гьабун лъугьунаро!

Эбел. Щиб, дун сурукъайищ йигей?

ИсмагIил. Гуро, мун чIухIарай йиго!

ЧIанкIа. ЛъикI буго, дица хъвала.

Автор. Цо къоялъ МахIмуд вачIана ЧIанкIахъе.

МахIмуд. Мун унтунцин гурищ вугев, цIакъ кьертIун бихьула? ЦIияб кечI хъвачIищ? Амма беразул кунчIи лъикIаб буго, гьудул дур.

ЧIанкIа. Валлагь хъвана кечI Гулишатиде. Ма, цIале.

Автор. МахIмудица жиндиего цIалула кечI. ЦIалулаго гьесда бичIчIула ЧIанкIал бацIцIадаб гIищкъу гьей гьайбатай ясалъухъ ккун букIин.

МахIмуд. Дуда кий гьей йихьарай? Гьадинаб кечI хъвазе ккани, цин гIищкъул цIаялъ вухIизе ккола чи.

ЧIанкIа. Гьаниве вачIа, дир гьудул, балагье гъоб рагъида чIун йигей хIурулгIиналъухъ. Алжаналда жанисан жакъа ячIун ятила.

МахIмуд. Жеги гьава гьури-бакъ гьалда хъван батиларо. ЧIанкIа, гьанже дун вичIчIанищ, гьудул, дуда?

ЧIанкIа. Валлагь вичIчIана.

МахIмуд. Дун гьанже ине кколеб бакI буго, ЧIанкIа, нилъ нахъойги рихьила къо-мех лъикI.

ЧIанкIа. Баркала, МахIмуд, дун духъ валагьун вукIина.

Автор. ЧIанкIалъ багъулеб букIана кIиго къуват: цо бацIцIадаб гIищкъу, анищал: берцинаб хъизам-рукъ, сверун расандулел хIалалал лъимал, гьезие лъай кьолев живгоги; цойги гIакълу – гьелъ абулеб букIана «гIедегIуге, гIадатазухъ балагье», – ян.

ЧIанкIа: **Берзуй гIадлу гьабун, гIодой валагьун,**
**КъотIносан унаан мунагь ккелилан.**
**Диналъ куцарав дун, квелъ бачIеб барти,**
**Кинаб къуваталъдай къорикье ккарав.**

Автор. Гьес бетIер борхана, ракIалде ккана Гулишатил жаваб жиндихъе щванин. Гьесда цее тIамула.

Гулишат: **ГIищкъул къуваталъин дунял гIуцIараб,**
**ГIажаиблъулев щай гIалимчи, ЧIанкIа.**
**БацIцIадаб гIищкъуялъ кIулал ричIула,**
**Кьуна дуца дихъе дур рекIел кIулал.**

Автор. Бакъанил гIуж, ясал лъадаре унеб мех. Гулишат йихьизе рес щолеб заман.

ЧIанкIа тириго вуго тIаде вахъунев. Гьас нуцIа рагьула, нахъойги къала, нуцIида мугъги чIван гIенеккун чIола. Гьасул берда цебе, мокъ-

окъ кинигин, Гулишатил сипат чIанилан ккана. Гьес циндаго нуцIа рагьула, хехго гали босун иццухе уна.

ЧIанкIа. Лъалхъе, Гулишат, гьикъизе бокьараб цо рагIи буго, хIинкъуге хирияй, кье дие жаваб. Дида цохIо кIалъай, дун нахъе ина.

Гулишат. Гьаб дир нухдаса мун нахъе а, ЧIанкIа, гIадамазул кIалъай лъаларищ дуда?

Росуцояв. ЧIанкIа, лъалхъе, рилълъа мажгиталде, абизе бокьараб жо буго дуда:

**Мунни цIаларав чи, чияр гIолил яс,**
**Долъий рогьо букIин кIочонищ тараб?**
**ДагIние цIарилан, цIедуй рогьоян**
**Абулеб рагIичIищ гьаб тIалъиялда.**
**Гьанже гIадамазул кIал кин букъилеб?**
**ГIайиб гьечIей долда тIанкI лъуна гури!**

## ГIАДАМАЗУЛ КIАЛЪАЙ

ПатIимат. Вабабай, дуда рагIанищ иццухъ ккараб жо, СагIидат?

СагIидат. РагIичIо, щиб гьениб ккараб? Бицеха хехго.

ПатIимат. Щибха ккелеб, ЧIанкIаги Гулишатги иццухъ рокьул накъиталда рукIун рагIула.

СагIидат. Батиларо, гIадамазул хабар гIемер букIуна, ЧIанкIаца гьединаб жо гьабиларо.

ПатIимат. Валлагьги букIун бугоха. Гьедин бицунеб буго жив-жив чияс, жинди-жиндир гъасда.

СагIидат. ЧIа, цо Зайнабида гьикъилин, росулъ ккараб лъугьа-бахъин бищун цебе долда лъала. Гьале Зайнаб ячIуней.

СагIидат. Зайнаб, дуда щибго рагIанищ росулъ?

Зайнаб. Валлагь рагIарабха, бечедав, чIухIарай ХIусенил яс сурана гури гьанже, иццухъ рокьи хIазе яхъун йикIун йиго ЧIанкIагун.

ХIалимат. ЮцIцIа, Зайнаб, мацIихъабаз бацIцIадаб гIищкъу азарил соназ чIвана. ЧIанкIае Гулишат йокьи рогьойищ бугеб, яги ясалда бугеб гIайиб щиб?

Автор. ЧIанкIаги херавги какдаса хадуб жеги мажгиталда ругоан. Циндаго хващи бахъана. ЧIанкIа тIаде вахъана. Ццидаца гьанкъулев вугев ХIусен, бахъун хвалченгун, хадуй цIан Гулишатгун цеве эхетун чIола.

Эмен. ГIалимчи, бице дур гIакълу киб араб,
ГIадамазул кIалдий дир яс рехизе?
Дуй дица гьабураб зарализ бугеб,
Дир хъизан-лъимаде рагIада рехизе?
Яги МахIмудил нух берцин бихьунищ,
Щолареб канаб бакъ каранде къазе?

ЧIанкIа. МугIрузда чанилги бергьуна рокьи,
Дирги рокьи ккезе бегьуларебищ?
Дица цIаланщинаб тIехьалда жаниб
Гьеб хIарамаб бугин батичIо дида.

Эмен. ХIарамлъи, хIалаллъи гьикъулеб гьечIо,
Дуй щолареб бакъухъ щай валагьулев?

ШаргIияб нух щайзе дуда кIочараб,
Щай ясалда цеве хъивихъун чIарав?

ЧIанкIа. Дида гIайиб ккана, мун тIаса лъугьа,
Яс мажгиталъуе щайзе ячарай?
Гьелда гIайиб гьечIо, дида гурони,
Дуй бокьараб гьабе, гьале дун цеве.

Эмен: Гьайги дуда цадахъ доб дуняллалде,
ЙитIизе вачIарав вуго дун гьанив.

Автор. ХIусеница хвалчен борхула, херав росуцояв гьоркьове лъугьуна.

Херав: Аллагьасул рокъоб би тIезехъинищ,
Гьединаб гIасилъи бегьулеб жойищ?
Гулишат, шал рехе инсуда цебе,
Хераб ботIродаса бахъараб тIагъур
Дицаги рехила лъалхъи гьабеян.

Автор. Дада! – янги абун Гулишатица
Гормендо рехула гьезда гьоркьобе.
Яс сукI-сукIун уна, гьурмал кьерги тIун.

Эмен. Гулишат, яхъа тIаде, гIураб гьунар гьабунин дуца, рукъ тун тIокIалъ къватIие яхъинаро мун!

Херав. Гьей лъавуда гьечIо, хал гьабе, ХIосен.

Эмен. Гулишат, Гулишат!

Херав. Гьай нилъедаса ун йиго.

Эмен. Гулишат, Гулишат, дуца гьабулеб щиб, рагье берал?!

Автор. Гулишат мажгиталдаса йосун уна. Гьеб къоялдаса захIматаб къо ЧIанкIал букIун батиларо.

ЧIанкIа. Дир гIищкъул карачел, къун араб тIалъи,
ТIокIалъ хIетIе чIезе хIарамлъана дий.
Дунялги нилъее кьун букIун гьечIин,
Ахират кьеги дуй, зодиб канаб цIва.

Автор. ЧIанкIаца хIукму гьабула ХIежалде ине.

МахIмуд. Ассалам гIалайкум, ЧIанкIа, дида рагIана мун ХIежалде инехъин вугин. Гьале дунги духъе щвана, хабар– кIалалъе ва мун тIовитIизе.

ЧIанкIа. ВагIалайкум салам! КигIан лъикI вачIарав, баркала, духъ валагьун чIун вукIана дун. Бицине жони гIемер бугоан, МахIмуд:

**Каранлъ ругъун щвараб мугIрул бис гIадин,**
**ГIодулеб буго ракI, къо бахъанагIан.**
**ГIела гьаб гIакъуба, къана дир талихI,**
**Тела дица росу, свина каранлъ цIа.**
**ЦIобалде вуссина, дойгин дандчIвала,**
**ЦIидасан гIищкъул чIор нурлъун кунчIила.**

МахIмуд. Дида мун цIакъ вичIчIула, дандияб билараб гагу кинигин мун хутIун вукIин лъала. Аби буго, ЧIанкIа, «хоб тIупун анагIан, ракIал тIолилан», тIадвусса, дир гьудул, дунги вачIина, гIемераб бицина, хъвараб цIалила.

ЧIанкIа. Аллагьас лъикIаб хъван батаги, МахIмуд.
*(Цоцазул квералги росун гьел уна).*

## ХIЕЖАЛДАСАН ХАБАР

Автор. Доб заманалда мугIрул росабалъ руччабазул гIумру захIматаб букIана, расги бигьаяб букIинчIо бекьечIдерил руччабазулги. Гьоко, хIама, чу гурони хIалтIулареб заманаялъ гьез мугъзада лъун баччулаан магьица кинабго. Рукъзал къачIалаан девуца рохьун, хIатI тIун. Балалъе щвезегIан баччизеги унаан гьел деги хIатIги. Квен гьабулаан гъанситоялъуб цIаги бакун. Чу, хIама, гьоко, хур бугев чи рикIкIунаан рес бугев чилъун.

КигIан захIматаб гIумру бугониги, бекьечIдерил руччаби рукIана ракIал гIатIидал, кеп-гIоркь бокьулел, цоцазе кумек гьабизе хIадурал, кIал пасихIал.

Бакъ инегIан хурзабахъги хIалтIун, свакарал руччабазе бокьулаан, магьалги гIодоре рехун, Хажал кIалтIа свак чучизе хабар-кIалалъе гIодор чIезе.

Хажа йикIана ЧIанкIал яц, Хунзахъ тIалъиялдаго цIар рагIарай, кIалзул гьунар бугей гIадан. Гьарулаан гьелъ магIабиги кучIдулги. Гьей йикIана гIакъилай, гурхIел ва бичIчIи бугей, гIемерал рухIалаби рихьарай, ритIухълъи бокьулей гIадан. Цо-цо цIакъго тIасан рорчIарал чIухIухъабаздаги сатирияб чIор речIчIулаан гьелъ.

Эбелги ЧIанкIал йикIана киназдаго лъалей магIихъан.

Гьале Хажахъ ралагьун, гьелъул кIалтIа рещтIун руго руччаби.

СахIи. Жакъа Хажа кватIулей йиго, щибдай гьалъие ккараб?

ХIалимат. Гьале, ячIуней хIалица магьги баччун.

СахIи. Хажа, щайха мун кватIарай? Дуда лъала гури ниж духъ ралагьун чIун рукIунеллъи. ХIалтIуца кIвекIарал нижее дур калам дарманлъун букIунеблъи. БитIун гьечIищ, яцал?

Руччаби. Валлагьги битIараб буго.

Хажа. ГIайиб гьабуге яцал, хIамизаз хуриб теларин абун, хIаракат бахъун хIалтIулаго, заман ун батана.

ПатIимат. КIваричIин, Хажа, рехе гIодобе магьги, ячIа мунги гIодой чIезе, хIалтIи киданиги лъугIулеб жо гуро.

СахIи. Хажа, дур рос ГIумарилав унтунцин гурищ вугев, боцIи гъезе араб мехалъ Куралав вихьана боцIуда?

Хажа. Валлагь гуроха, яцал, ЖахIбарицаги гьесул рахъ ккурацаги, ГIумарилавги нахъе рехун, ЖахIбарил дурц Куралав тун вуго боцIуда.

СахIи. ГIумарилав ракIбацIцIадго боцIи хьихьулев вехь вукIана, гьелъие гIилла щиб ккараб?

Хажа. ЖахIбарил дурц Куралав вукIунха, СахIи, боцIухъ мухь дозие лъикI гурищ нижеялдаса!

ГIапи. Дуца гьезда щибго абичIебищха, Хажа?

Хажа. Гьанже ЖахIбарилги тIагъур кIичIила,
Ясалъе росги щун, росдай вехьги щун.
Алгъинал гIачияз чамасдак хьала,
Вехьлъун дурц гьавидал, дирав рехидал.

*(Киналго релъула).*

ПатIимат. Унго гьел рагIабазул ритIухълъи, гьедин берцинго кин, яц, дуда абизе бачIунеб?

Хажа. Лъаларо, Аллагьас кьураб махщел батилаха, мацIалтIе бачIараб жо кьвагьун биччала.

Автор. Гьезда цевесан унев вукIуна МукIучIи МухIамад абулев чи жиндирго йокьулелъухъе, къоролай Баринихъе. Хажал кIалтIасан гурони Баринихъе ине нух букIинчIо. МукIучIи МухIамадие Хажал кIалтIа бугеб руччабазул годекIаналъ квалквал гьабулеб букIуна, балъго-гIатIго Баринихъе ине.

МукIучIи МухIамад. Хажа, кидалго къватIул руччабиги данде гьарун годекIан гIуцIизе дуе тIокIаб бакIгойищ гьечIеб, яги гьабизе хIалтIийищ гьечIеб чIужугIаданалъул?

Хажа. Баринил къавулъе къулун хутIаяв,
КъотIной йигей дунги дуе щибизе?
КъватIул картIинисан ригьин батаяв,
Ригьикь ругелазул ургъел щай кколеб?
Рокьуца гIорцIичIеб гIадалаб бугъа,
Бикъилин хIинкъунищ къотIной чIеларей.
Къулгьуялъе хъвеяб лълъар гьечIеб гIака,
Лъутун иниланищ мунги хIинкъарав?

МукIучIи МухIамад. Вай дур гьумер ччукIаялъул мацIалда бухьун букIуна рагIи, гIела. Дуда кIалъарав дунго гIабдал.

*(Руччаби релъула).*

СахIи. Унго, Хажа, тIуризавуна гури дуца дов МукIучIи МухIамад. Иццул кIалтIа аздагьаби гIадин нилъги асул нухда чIун ругелъул.

*(Руччаби нахъеги релъула).*

Хажа. Валлагь битIун буго, дун кIалтIа ятарайго, нужги данде гьарун, гъосул ццин бахъуна, балъго-гIатIго гъолъухъе ине санагIалъи кколеб батиларо. Дун йихьарайго гъулгъудула ццидалаб гьой гIадин. Гьа, гьанже гъосул бицун пайда гьечIин, нилъеего мунагьалъе.

Чаранил ГIашат. Хажа, ракIалда бугищ нилъеца тIаде босун букIараб Хунзахъго бечедав Шайихиласул хурзал лъилъизе?

Хажа. Валлагьги жакъа гIадин ракIалда буго, ГIашат. Хважаинас къотIи гьабун букIана радалги бакъанидаги цIияб гьан чIезабизе, рокъоре унеб мехалъ лъималазеги кьезе.

ХIалимат. Ккунищха гьес жиндирго рагIи, Хажа?

Хажа. Гьанже гIенекке дихъ, ХIалимат:
ГIусал чархитIа кквe, Чаранил ГIашат!
Чолго бугониги мегьедги щванин.
Шекъер цIвакизабе, цIоралъул бика,
ЦIобуртIил гьан бугин гвавулъе бачIун.

Чаранил ГIашат. Хажа, дида рекIехъе лъала дур хадусел рагIаби, рикIкIинищ цо?

Хажа. РикIкIе яц, ГIашат.
Чаранил ГIашат. РагIунго букIана гIи гIемерица
ЧIалда мохмохги тун, чIер гIанкулилан.
Биценги букIана къинсирикIасул
Къулгъу гьабуниги, гьеб бикьуларин.

*(Руччаби релъула)*

СахIи. Хажа, бице бегьулеб батани, дуца гъоб шагIил хъаба бараб малалъ боржинабураб куц.

Хажа. ГIашат, ракIалда бугищ МуртузагIалица нилъ гвавулъе ахIараб мехалъ гьабураб къотIи.

ГIашат. Валлагьиги бугоха, щай букIунареб, куйги хъун гьан кваназабизе. Амма гьес рагIи кквечIо, барахщун ватила. Гьанал бакIалда дуда цебе лъуна риди-щаралъул хъаба.

Хажа. Дицаги гьесие гьадинаб жаваб кьуна, тIокIаб гьабизе кIолеб жо букIинчIелъулха:

Радал къалъизегIан къвалиги квана,
КъваригIунго гьечIо нижей къаде квен.
КъалъутIаса хадуб тIинги бетIила
ТIерхьа шагIил хъаба дида цебеса.

*(Киналго, данд хъаталги кьабун, релъула).*

ПатIимат. Машааллагь, дуца гьабун бугеб битIараб. Дур калам гъосда гуллалъун речIчIун батила. БитIараб гьечIищха яцал?

Руччаби. ЦIакъ битIарабха.

Халун. Хажа, гьадаб цололъан ваккун-ун, нахъойги нилъехъ валагьун, гъецIолев чиго щив?

Хажа. Гьадав вуго нилъерго КIуматIар – Аллагьасул вали, кIудияв гIуниги лъимер. Дов гъецIеялъеги гьадинаб гIилла буго. Дица Залму кьелилан махсара гьабун букIана досие, къойил вачIуна кидал яс кьелеян. Гьелъие гьадинаб иш ккун букIана: дун Залмугун гIалахалде рак бакIаризе ун йикIана. Доб заманаялъ КIуматIар вехьлъун вукIана. Дица гьесда гьикъана:

– ГIемераб рак киб бугеб, КIуматIар?
– Дуца щиб кьелеб гьелъухъ дие, Хажа?
– Гьале гьай Залму кьела, разияв вугищ?

КIуматIарица рак бугебщинаб бакIалдеги рачана, бакIаризе кумекги гьабуна. Гьелдаса нахъе вачIуна Залму кьейилан. Сонги витIун вукIана некIсиял цIинидул хIухьдул ричIеян, нахъе инародаян. Гьелги ричIун ватана. Кинаб къуватгIаги букIине кколеб чиясул гьадал цIинидул хIухьдул ричIизе кIвезе?! Гьале гьанжеги жиндиего гьабураб къотIи ракIалде щвезабулев вуго.

КIуматIар, гьаниве вачIа, мун цололъ щиб гьабулев?

КIуматIар. Дол дур хIухьдул рихьанищ дуда, хIур гьабуна дица гъозул.

Хажа. Лъебелазул гIумру гIонсокь рехарал,
ГIумарил гIасруялъ тIокъо хьихьарал,
ЦIинидул хIухьдузда хIал лъазе течIев,
ХIалчIахъад щвечIони, щай гьаб дуниял!

КIуматIар. Хажа, кидал дуца дие Залму кьолей?
Хажа. ГьитIинав КIуматIар кIудияв гIела,
КIи-кIи ярагъ бала вацгIалзабаца.
КIудияв КIуматIар чотIе вахиндал,
Чарал шалал чIвала яцгIалзабаца.

*(КIуматIар кверги хьвагIун уна)*

Халун. Хажа, мун унго-унгояй гIакъил йиго, гIантасе кьеларин абичIого, дуца берцинго гъов нахъе витIарав куц.

Хажа. Аллагьас кьолеб жо буго гIакъиллъиги гIантлъиги, нилъер щиб ихтияр гьев инжит гьавизе. Сахлъи кьеги гъосие, ракIбацIцIадав вас вуго гъов.

ГIапи. Хажа, цо жо битIун бицинищ дуца гьикъани?

Хажа. Валлагьги бицина, нужедаса бальгояб жо дие щибизе къвригIараб. Гьикъея цо!

ГIапи. Хажа, дур рокьигойищ ккечIеб, рокьул кучIдул рагIичIо дида.

Хажа. Диргияли, гьудул, букIараб рокьи,
Насаб бацIцIалъиялъ юцIцIине ккана.
Дихъгияли, гьудул, бергьараб балай,
Рукъ мискинаб букIун нухда хутIана.

Автор. Гьедин кеп-гIоркьалда гьел рукIаго тIаде вачIуна ЧIанкIал гьалмагъ Гиничукьа Бибулатил МухIамад. Гьев цIакъ пашманго вугоан.

Бибулатил МухIамад. Хажа, цо бицине жо буго, жаниехун йилълъинарищ?

Хажа. Валлагь йилълъинаха, хабар лъикIаб батаги.

Бибулатил МухIамад. Хажа, нилъер ЧIанкIае Аллагьасул къадар щун буго. Нухасан унтун вуго гьевги ШайихгIалиги Вади Фатима абураб бакIалда. Гьенир рукъунги руго. Гьале чемоданги нужехъе щвезабеян абун букIараб.

Автор. Хажал чIчIичIчIий бахъуна, херай эбел лъавудаса ун цояб рокъое ячуна. Киналго жанире рачIуна. МагIирукъ лъола.

Хажа. Берзул канлъи араб дир КагIбаялде,
Кагъат бачIун буго вачIинарилан.
Каранзул ракI араб Мадинаялде,
СагIат буссун буго вуссинарилан.

ХалгIат бачIун буго ралъадги бахун,
Херай эбелалъе мусруде баян.
Маккаялда чIарал хIатIалги росун,
ХIуржа тIупулареб лъанго букIана.
ХIеж рукъалда чIварал квералги росун,
Каву рагьулареб гьаналъ бицана.
Дун гIадинай гъарим цойги йигодай,
Чемоданалда тIад чалма борчарай?
Цойги дун гIадинай гIадан йигодай,
Бекараб мугъалда мдюжихир бачарай?

***Пардав къала.***

# Дунялги динги

## ГІУРУСАЗУЛ КЛАССИК – ИСЛАМАЛДЕ НУХДА

ЦІакъго дагъал хъвадарухъаби гурони, чІаго рукІадго, классикаллъунги дунялалдаго машгъуралльунги лъугьунаро. Гъединав вукІана гІурусазул хъвадарухъан, граф Лев Николаевич Толстой (I828-I911 сс) XIX гІасруялъул ахиралдего гьесул цІар машгъурлъун букІана, Россиялда ва БакътІерхьуда гуребги, жеги Бакъбаккул улкабаздаги. Гъедин гьев машгъурлъиялъе кІудияб квербакъи гьабуна бакъбаккул улкабазул чІахІиял диниял ва бусурбабазул прессаялъ гьесул пикраби гІараб ва тюрк мацІазда гІатІидго тІиритІизариялъги. Толстоясул творчествоялдеги кІудияб жамгІияб хІаракатчилъиялдеги кІвар кьуна пачалихъазул хІаракатчагІаздаса гІадатиял чагІазде щун, миллионал гІадамаз. Гьезие бокьулеб букІана гьев гІадатияв гурев инсанасул хІакъалъулъ кІванагІан гІемер жо лъазе, газетазгун журналаз жиндир хІакъалъулъ цІакъ гІемер бицунев чиясул пикраби, мурадал лъазе, гьесул творчествоялде гъорлъе раккизе. Бакъбаккул улкабазул лъай бугел гІадамаз байбихьула гьесул асарал жидерго мацІазде руссинаризе (байбихьуда гьезул таржама гьабулеб букІана Европаялъул мацІазда ругездаса, хадуса байбихьана битІахъего гІурус мацІалдаса руссинаризе). Таржама гьабулеб букІана художествиял асаразулгун публицистикаялъулал асаразулги. КІудияв хъвадарухъан цеве вахъунев вукІана литературиялъул гьеб кІиябго къагІидаялда Аллагь валагьулев чи хІисабалдаги рухІияв гІакълучи хІисабалдаги.

Киналха рукІарал диниял пикраби Толстоясул, сунца гьев гьел пикрабазде вачунев вукІарав ва жиндирго гІумруялъул ахиралде кинаб хІукмуялде гьев вачІарав? Гьел суалазе чІванкъотІараб жаваб кьезе кІолищ нилъеда? Ва ахиралдаги, исламалъул хІакъалъулъ кинаб пикруялде гьев вачІарав?

Жигар бахъилин гьел суалазе жаваб кьезе. Хасгьабун абизе бокьун буго: кІудияв гІурус хъвадарухъан бусурбанлъанищ яги бусурбанлъичІищ абураб суал жакъасеб Россиялда мухІкан гьабизе цІакъ хІажат буго ва гьелъул хІакъалъулъ шавкъалда бицунебги буго. Гьелъул кІудияб кІвар буго тІолабго исламияб дунялалъего. Щай абуни, Толстой цевего рикІкІунев вукІана дунялалъулго классиказда гьоркьов ва кидаго гьев вукІана, гьабсагІаталдаги вуго, дунялалдаго бищун машгъурал ва жидер асарал бищун гІемер цІалулел хъвадарухъабазул цоявлъун.

Жакъа къоялда Россиялда билълъанхъулеб буго Толстоясул хІакъалъулъ диналда хурхараб кІиго батІияб пикру исламалъул гІемерал сайтазда рехсолел руго гьесул хасаб кагътидаса рагІаби: «Гьарула дун бусурбанаб диналъулавлъун рикІкІеян» абурал ва цо-цо чагІаз гьев гьединавлъун рикІкІинеги рикІкІуна. Литературиялги музеялъулалги сайтаздани щибгІаги гьечІо, школазулгун институтазул цІалул тІахьаздаги гьелъул биценго гьечІо.

Гьебго заманалда кIочонеб гьечIо ГIиса авараг кинав чи вукIаравалиги гьесул гIелмуги ва гьединго Инжил жакъа къоялде данде кколедухъ рекъезабизеги. Киназдаго цIакъ лъикI лъала I90I соналда Толстой православияб килисаялдаса нахъе къотIун вукIараблъи. Гьединго лъицаниги балъго гьабуларо, жеги хъвадарухъан чIаго вукIаго бижараб ва советияб атеизмалъ щущазабураб «толстовство» абулеб багъа-бачари (гIуцIи) гьанже цIилъулеб букIин ва диниял хIаракатчагIаз гьеб рикIкIуна протестантияб диналъул цо къагIидалъун.

Нахъеги бачIуна суал: бегьулевищха Лев Толстой бусурбанчилъун рикIкIине, яги бегьуларевищ? ГIурус ва дунялалъулго литератураялъул гьев гIакъилас жиндирго гIумруялъул ахиралда кинаб дин тIаса бищун букIараб?

Исламалъулги бусурбабазулги хIакъалъулъ щиб Толстоясда лъалеб букIараб? Бусурбабазулгун кинабгIаги бухьен, лъай–хъвай букIарабдай гьесул?

АнцIила лъабго сон барав чи гьев вугеб мехалда, гьезул хъизан гочуна Казаналде – Татарстан республикаялъул тахшагьаралде. Гьенив I8I5 соналдаса I820 соналде щвезегIан губернаторлъун хIалтIулев вукIана Толстоясул кIудада Илья Андреевич. I844 соналда Толстой лъугьуна Казаналъул университеталъул философиялъулаб факультеталъул бакъбаккулал улкабазул мацIазул отделениялде (хадуса гьев цогияб факультеталде уна, гьенивги кIиго соналъ гурони цIалуларо). Гьениб гьес гIурусазул востоковедениялъе кьучI лъуразул цоявлъун кколев кIудияв гIалимчи Мирза Казим-бекил нухмалъиялда гIараб мацI лъазабулеб букIана.

I85I соналда кIудияв вацас, Николайица, Лев Николаевич разилъизавула Северияб Кавказалде рилълъине. Гьениб лъабго сон бала гьез зама-заманалда Гъизляралде, Тифлисалде, Владикавказалде щун, рагъулал лъугьа-бахъиназулъги гIахьаллъун. Рагъухъабазул ишин абуни букIана, хасал кагътазда «Кавказ гIодоцинабиян» хъвалеб букIаниги, бакътIерхьулал халкъазул ракьал рахъиялдалъул Россиялъул империя гIатIид гьаби. Гьениб бакъбаккулал халкъазул гIемерисеб халкъ букIана бусурбаби. Исламияб дин тIибитIизабулел гьелъул церехъаби Кавказалде ва жеги Дербенталдеги щвана ХIижраялъул кIиабилеб гIасруялдаго. Кавказалъул захIматал мугIрузулал районазде ислам щолеб букIана цIакъго хIинцго, тарихчагIаз гьанже гьабураб хIисаб-суалалда рекъон, лъагIалида жаниб цо километралъул хехлъиялда. Лев Толстоясул лъикIаб бухьен букIана гьел халкъазулгун.

Кавказалъул хIикматаб тIабигIатги, рагъулел кIиябго рахъалъул гIадамазул рукIа-рахъинги, гIамал-хасиятги мугIрузул халкъалъул законалги, Исламияб динги бессун буго Толстоясул «Хъазахъал» абулеб автобиографиялъулаб къисаялъулъги, «ТIадекIанцIи», «Рохь къотIи» абурал харбазулъги ва ахирисел асаразул цояблъун кколеб «ХIажимурад» абураб къисаялъулъги.

Россиялде тIадвуссарабго хъвадарухъанас жиндирго дневникалда хъвала жиндие бокьанила «рагъги эркенлъиги гIажаибго цолъараб гIалхулаб гьеб улкаян».

Кавказалдаса гьудулзаби-гьалбал Толстоясда гІумруялъул ахираб къоялде щвезегІан кІоченчІо. Цо нухалда кагътал хІан гьесде тІаде ккола гІемераб гІарац. Гьеб кІудияб санагІат бахъиялдаса гьев хвасар гьавула Садо Мисербиев абулев чачанас.

Гьебни бегьула Толстоясул «гІолохъанлъиялъул гьалатІин» тезе, амма эркенлъиялъе гІоло къеркьолеб Кавказалъулги чияр ракьал рахъиялъул хъамалчилъиялъулаб Россиялъулги гьоркьоблъиялъул захІматаб ахІвал-хІалалъул заманалда ракълиде ва хІалгьабунгутІиялде ахІараб шайих Кунта-хІажи Кишиевасул тІалабалъ (учение) Толстоясул творчествоялъулъ хасаб бакІ кколеб асар гьабун букІана. Кунта-хІажил гІажаибаб «хІал гьабичІого дандечІеялъул» тІалабал Толстояс жиндирго асаразулъ гІатІид гьаруна ва жеги щулалъана Махатма Нагдил «сотьяграхаялда» ва кІудияб бакІ куна Англиялъул квершаликьа Индия эркен гьабиялъулъ.

Машгьурал «Севастополалъул харбал» Толстояс хъвана Крымалъул рагъда вукІадго. Гьенив гІолохъанав хъвадарухъан вукІана гІарадачагІазул батареялъул командирлъун ва медалазе мустахІикълъана. Крымалда гьесда лъана рагъул балагьал гурелги, бусурбаби-татаразул гІамал-хасиятги, гІадаталги, рукІа-рахъинги. Гьеб мехалдаго гІолохъанав офицерасулъ бихьизе бегьулаан вукІинесев Толстой – жиндир хасал пикраби ругев вагІзачи. Крымалда гьес анищал гьарулел рукІана цІиял рижарал къагІидабаздасаги «практикаялъулаб» христианствоялдасаги бацІцІад гьабураб цІияб дин гІуцІиялъул.

ГІажаибго щулалъулел рукІана бусурбаби-тюрказулгун Толстоясул бухьенал. Кагътал хъваялдалъун щулияб бухьен букІана татаразулгун. Гьесул рахІат хвезабун букІана диниял суалаз. Татараз диналъул хІакъалъулъ гІакълу-пикру дандбалаан гьесулгун. Кагътал хъван гІей гьабичІого, гьел гьесухъе Ясная Полянаялдеги унаан. «Толстой ва татарал» абураб тема – гьеб цІакъ гІатІидаб буго. XIX гІасруялъул ахиралда ва XX гІасруялъул авалалда татаразул цониги хъвадарухъан, яги жамгІияв хІаракатчи хутІун ватиларо кинабгІаги суалалъе Лев Николаевич Толстоясул творчествоялдасаги малъа-хъваялдасаги пайда босичІев.

Шейх-Къасим Субаевас Казаналдаса Толстоясухъе хъвана гьадин: «ГІамал-хасияталъул кІудияв учителасухъе. Диналъухъ, миллаталъухъ балагьичІого, нижее, Россиялъул киналго бусурбабазе лъай кьуралъухъ, гІемераб жо нижеда малъаралъухъ дуе кІудияб баркала. Дуца, гІумруялъул кІудияв учителас, гІемераб захІматги кьун, хъван буго, татаразул гІумру бихьизабулеб, гьитІинаб бугониги, къимат кІудияб «Ильяс» абураб хабар. Гьединлъидал, дица гьеб нижерго мацІалде буссинабуна ва бахъана».

КІвар бугеб хІужалъун ккола І862 соналда Толстой сах гьавизе татаразухъе ун вукІинги.

Исламалъулал улкабазде Лев николаевич Толстой щвечІо, амма исламияб диналъул кьучІал гьесда лъана Кавказалъул халкъаздасан: татараздасан, башкираздасан.

Россиялда кІудияб кІвар кьун букІана халкъалъги хасал чагІазги

татарав Асфандияр Воиновасулгун Толстоясул цоцазухъе кагътал хъваялдалъун букIараб бухьеналде. I90I соналъул 22 февралалда килисаялдаса Толстой нахъе къотIараб мехалда, Воиновас Стамбулалдаса хъвалеб буго: «МукIурлъун хъвалеб буго: гьеб ишалъул хIакъалъулъ цIалигун, дида сири бана. ТIадегIанас хвасар гьавила ва цIунила мун». Хадубги Воиновас хъвана: «Диналде дун бугеб бербалагьиялдаса дида бихьула Аллагь цо вукIиналда мун божулев вукIин. Гьеб цIакъ лъикI буго. Гьеб ккола исламияб диналда божи ва аварагасул малъи къабул гьаби».

Стамбулалдаса рачIарал кагътазе кIудияб гьираялда жавабал кьолел рукIана Толстояс. «Синодалъе дица кьураб жавабалъулъ дица загьир гьарурал диналъул хIакъалъулъ пикрабазда дур разилъиялъ дун цIакъго вохизавуна. Дица къимат гьабула бусурбабазулгун диналъул хIакъалъулъ рукIунел бухьеназулги гара-чIвариязулги».

Асфандияр Воиновасулгун Толстоясул букIараб гьоркьоблъиялъ рахIат хвезабулеб букIана гIурус пачаясул чукъбузул ва гьез гьеб цIакъ хIинкъи бугеблъун рикIкIунеб букIана. Толстойги цIунун, гьеб ишалда гьоркьоре лъугьана хъвадарухъан хIисабалда гьесул къимат гьабулел бусурбаби. Гьелъул хал гьабизе тIадкъан букIана Казаналъул миссионер Яков Кобловасда. Гьесул «Граф Л.Н.Толстой ва бусурбаби» абураб макъала бахъун букIана I904 соналда «Православный вестник» журналалда. Макъала хъван букIана Воиновасулги Толстоясулги цоцахъе хъварал кагътазул кьучIалда, амма гьелъул хIакъалъулъ рагIицин абун букIинчIо.

Пачалихъалъулгунги килисаялъулгунги Толстояс гьабулеб букIараб гьеб дагIба гьесие жиндиегоги Россиялъул бусурбабазеги рухIияб рахъалъ гIаммаблъун ва кIвар бугеблъун, социалияб рахъалъ хIинкъи бугеблъун лъугьун букIана.

ЦIалун лъай щвечIониги, исламалда хурхараб гIемераб жо Толстоясда лъалаан.

ЗахIматал щакдарабаз сверун ккураб заманалда цо кагътида Толстояс Воиновасухъе хъван буго гьадин: «Дун цIакъ вохилаан мун диргун динцояв вукIаравани. Дуда дагьабгIаги бичIчIа дир гIумру. ГIумруялъул киналгIаги бергьенлъаби – бечелъи, рецц-бакъ, шапакъатал – щибгIаги дир гьечIо. Дир киналго гьудулзаби, ва жеги хъизамалъулалцин, дидаса руссун руго. Цояз – либералаз ва эстетаз рикIкIуна дун гIабдаллъун яги Гоголь гIадав ахIмакълъун, цогидаз – революционераз ва радикалаз дун рикIкIуна мистиклъун, чIандачилъун; хIукуматалъул хIакимзабазин абуни рикIкIуна илбислъун. БитIахъе бицани, дие гьеб захIмалъун буго… Гьединлъидал, гьарула, мун дихъ лъикIав бусурбанчиясухъ гIадин валагьеян. Гьеб мехалда кинабго букIине буго лъикI».

Гьел рагIабазул кьучIалда абизе бегьулаан Лев Толстой бусурбанлъун вукIун вугилан, амма гьеб гьедигIан бигьаяб иш гуро.

Кинаб диналдеха Толстояс божи гьабураб?

ТIоцебе абуни, Толстояс ислам рагьараб куцалда гьабичIо къабул – гьелъие гьев хIадурлъун вукIинчIо. Нилъеда кIочене бегьуларо гьесие ГIиса аварагасул хIакъалъулъ хIакъикъат балагьиялда цадахъ рекIее

гIолел рукIана Буддаги Конфуцийги. Цого заманалда гьес кагътал хъвалел рукIана батIи-батIиял диназул хIаракатчагIазухъе ва церехъабазухъе. Масала, Индиялъулги Китаялъулги гIакъилзабазул пикрабалъ гьес балагьулеб букIана «инсаниятальул хIакъикъат».

Нилъеда мухIканго абизе кIола Толстоясул гIумруялъул ахирисел сонал ГIиса аварагасул гIелмуялъулъ ратарал хIужабазул ритIухълъи балагьиялда тIад анилан. Амма жиндица Инжил жиндирго пикруялда рекъезабиялъе ва гIамал-хасияталъул темаялда хъварал макъалабиги жиндирго цIех-рехалъулаб захIматлъун гьес рикIкIунароан. Амма гьеб гьедин рикIкIинчIо жеги хъвадарухъан чIаго вукIадго «Толстовство» абулеб багъа- бачари гIуцIарал гIадамазги. Гьес жиндицагоян абуни, гьеб цIияб гIуцIиялъулъ кинабгIаги гIахьаллъи гьабичIо ва живго гьелъул мугIалимлъун ва цевехъанлъун вукIиналдаса инкар гьабуна. Хадуса диналъул хIаракатчагIаз битIараб къимат кьуна «толстовствоялъе» ва гьеб рикIкIана гIурус диналъул цIияб чвахилъун. Гьаниб бихьизабичIого гIоларо, гIурус диналъул гьеб чвахи (къагIида), гьелъул гIамал-хасияталъухъги тIалабазухъги балагьун, исламалде лъикIаланго гIагараб бугилан.

Толстой, ахир-къадги, гIумруялъул ахирал соназда, мина-къайги тун, Шамордин-килисаялде жиндирго яц кашишай Марияхъе, цинги православияб Россиялъул машгъурал рухIиял насихIатчагIазухъе хьвадана.

Кашишалъулгунги стариамазулгунги Толстоясул гьел соназда рукIарал гара-чIвариязул кьучIалда православиялъул тарихчагIаз чIезабулеб букIана хъвадарухъанасе бокьун букIун бугила килисаялъулгун рекъел гьабизе ва гьелъухъ тIадвуссинеян. Цояз абулеб букIана «гьесдаса тIаса лъугьине кколин ва гьев ортодоксалияб христианствоялде тIадвуссинавизе кколилан», цогияз кьварараб куцалда лъазабуна «гьелъие гIилла гьечIо, Толстой гIумруялдаса ана православияб килисаялъул къуркьи гьечIев тушманлъун вукIаго», – ян.

Диналъе чиясул ритIухълъи бихьизабиялъе кIвар бугеблъун ккола я шагьадатъ битIи яги гьесул хвалда цебесеб амру. ТIоцебесеб Толстояс гьабун батичIони, рачIаха гIенеккизин рухI бахъилалде цебе гьес абуралъухъ.

I9I0 соналъул 6 (I9) ноябралда, хвалил бусада вугев Лев Николаевичас жинда сверун рукIаразда абула: «…нуж ралагье Левахъ… Бихьинал гьадин холаро…» ва ахираб хIухьел цIалаго абула: «ХIакъикъат бокьула…»

ХIикматал рагIаби! РекIелъ кинаб диналъул асаргун, кинав Аллагьасде хьулгунха Лев Толстой добаб дунялалде арав?

Гьеб суалалъе тIубан жаваб кьезе захIмат буго. Гьелъие рес Толстояс тун гьечIо, амма ракIчIун абизе бегьула: исламияб диналъул гьес хIурмат гьабулаан ва гьелъул гIемераб жо гьесда лъалаан; гьесда лъалаан гIемерал миллатазул диниял чагIи, гьезулгун гьесул букIана гьудулъиги бухьеналги; жиндирго асаразулъ гьес гIуцIана бусурбабазул гьайбатал образал.

Жакъа къоялдаги жидер къимат хвечIел гIемерал «исламиял тIанчал» нахъе тана хъвадарухъанас. Бусурбанчиясе росасе арай гIурус

чIужугIаданалъ, Елена Ефимовна Великовалъ, Толстоясухъе кагъат хъвала жиндир васазе бокьун бугин исламияб диналде руссине, щиб гьабун лъикIилан гIакълу кьеян. Гьес жаваб кьолеб буго: «…православияб диналдаса исламияб диналъул тIокIлъиялъул бицани… дида кIола гIицIго гурхIизе. Христианазул диналъул идеалалги цIалиги тIадегIан гьабулев дица абизе гIажаиблъилъун бугониги, дие ислам, гьелъул тIабигIат хIисабалде босани, кинабгIаги щакдари гьечIого, килисаялъулаб православиялдаса гIемерго тIадегIанаб буго. Чиясда цебе лъолеб бугони суал, килисаялъулаб православиейищ тIаса бищилеб исламищилан, кинавгIаги гIакълу камилав чиясе кинабгIаги васвасдиялъе жо гьечIо, бичIчIулареб Троицаги тун, цогояв Аллагьасе бетIер къулулеб ислам тIаса бищизе.

*Ясная Поляна 1909 соналъул 15 март».*

РакIчIун абизе бегьула гIурус ва дунялалъулго литератураялъул классик Лев Толстой вукIана Аллагь цо вукIиналда божулевлъун ва жиндирго гIумруялъул ахирал соназда хутIана Исламалъул рагьумахIудухъ.

Гьединаб божилъиялде вачIиналъе Толстояс гьабуна жиндегоги миллионал цIалдолезеги цIакъ кIудияб хIалтIи. Исламалдаса рикIкIадаб хъизамалда гьавурав, европаялъулаб тарбия щварав ва бечедал чагIазул цоявлъун кколев графас тIадчIун лъазабуна христианияб диналъул тарих ва хIакъикъат. Гьелъул хIасилалда гьев вачIана Аллагь цо вукIиналда божилъиялде. КIудияб шавкъалда ва рокьигун гIурус мацIалде гьес руссинаруна МухIамад аварагасул (с.гI.в.) хIадисал. Ахир-къадги гьес тана Къуръан цо жив гурони гьечIев Аллагьасул калам букIиналда ракIчIезабулеб нугIлъун.

Дунялияб гIумруялдаса добаб дунялалде гьев ана халиф гIадин. Гьелъулъ буго гьесул гIумруялъул нухлул рухIияб къисмат. Нахъияб кинабго лъала ТIадегIанав Аллагьасда. Гьесде руссарал руго нилъер киназулго ракIал.

*Босана Къуръаналъулги Исламияб диналъулги*
*хIакъалъулъ дунялалъул гIакъилзабазул пикраби*
*данде росун ГIадалло ГIалиевас гIурус мацIалда*
*къватIибе биччараб тIехьалдасан.*

# Юбилей

Дагъистаналъул халкъазул асарал
**МухIамад САИДОВ**



*Ункъого сон тIубана литературияв критик ва таржамачи МухIамад Саидов гьавуралдаса.*

*МухIамад гьавуна Хунзахъ районалъул ЦIада росулъ 1936 соналда. ЛъугIизабуна гьоркьохъеб школа, цIалана Москваялъул М. Горькил цIаралда бугеб Литературияб институталда. ХIалтIана республикаялъул «БагIараб байрахъ» газеталъул редакциялда, Дагътелерадиоялъул комитеталда авар редакциялъул бетIерав редакторлъун, Дагъучпедгизалъул редакторлъун.*

*Саидовасул тIоцересел литературиял асаразул бицарал, гьезие къимат кьурал макъалаби «БагIараб байрахъ» газеталдаги «Гъудуллъи» журналалдаги рахъизе байбихьана араб гIасруялъул кIикъоялда анцIабилел соназда. «ТIармил лъабабилеб чIва» абураб ЦIадаса ХIамзатил творчествоялъул бицараб тIехь МухIамадица къватIибе биччана 1977 соналда.*

*Саидовас магIарул мацIалде руссинарурал Дагъистаналъулги цогидал халкъазулги фольклоралъул ва хъвадарухъабазул асаразул къогониги тIехь бахъана батIи-батIиял соназда. Гьел ккола: М.Лермонтовасул: «Нилъер заманаялъул бахIарчи» ва «КучIдул ва поэмаби», А.Пушкинил «Маргьаби», Е.Пермякил «Чидар чIимгIа», гьединго Дагъистаналъул халкъазул кIалзул асаразул «Лъарал» «ГIисинал магIарулазе кучIдул», «ХIикматал накъищал» ва цогидалги тIахьал.*

*Гьес данде гьаруна Расул ХIамзатовасул анцIго томалде росарал асарал.*

*М.Саидов вукIана СССРалъул Хъвадарухъабазул союзалъул членги. Гьесие кьун букIана Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан абураб хIурматияб цIарги.*

## ЕРМОЛОВАСУЛ САПАРАЛДЕ

*(даргиязул)*

Башликент щущахъ бана,
Шамхал кверде вачIана.
Ярмул-пашал къасд ккана
Даргъи мутIигI гьабизе.

Пачаясде битIулеб
Баяналда гьес хъвана:
«Дица Башли босана,
Шамхал мутIигI гьавуна.

ЛъарагI авлахъаздасан
Авар мугIрузде гIунтIун,
Дур мутIигIав лагъасул
ХIатIикь буго тIолго ракь.

Дица магIарулазда
ГурхIел гьабичIо щибго,
ЦIа гъун рухIизе ккана
Росаби гьезул тIолго.

Къоролзабазул жеги
МагIу бакъвалеб гьечIо,
МугIрузда бесдалазул
ГIоди къотIулеб гьечIо.

Таркиялдаса Шамхал
Дир рагьдателлъун вуго,
Гъужумалъ Даргъив ине
Дунги къачIалев вуго.

БетIерчIахъад, гьарула
Гьеб иш тIубазе ярагъ,
Гьединго рателалъе
Дуца тун ругел полкал…»

…Ярмул-паша вачIана
Мун Даргъиве хвалченгун.
Рукъзал чIунтизаруна,
ЧIваднал лъугьинаруна.

Гьелъие квербакъана,
Киназдаго гьеб лъала,
ГIахъущдерил къадияз,
ЩIедехIдерил маллаяз.

Дуе кумек гьабуна
Росабазул тIадчагIаз,
Гьез, Шамхалас кинигин,
Бичана чорхол намус.

Амма, Ярмул-паша, мун
МахIги чIухIун хьвадуге;
ГурхIел лъаларев ягъзин,
Расниги кIичIардуге!

Надир-шагьги мугIрузде
Аскаргун щун вукIана;
Амма, нилъуги гъурун,
Нахъе ворчIана тIурун.

Рокъове щвараб мехалъ,
Гьев чIалгIаде вегичIо.
МагIарулазул рахъалъ
Гьес гIадада абичIо:

«Биччай Дагъистаналде
Киданиги хвалченгун
Чабхъен гьабунгутIизе
Къажаразул шагьаца!»

## ТАЛИХIКЪАРАЛЪУЛ КЕЧI

*(лъарагIазул кечI)*

ГIайиб чIваге абе херал руччабаз,
Хехго жеме абе черхалда мусру.
ТалихI къарал лъимал, гьанже дун гIадал,
Гьаругеян абе улбуз кидаго.

Хадубккунги лъалез,  гIага-божараз
Жужазе ккаги дир рукъалъул чIабар.
Цониги бакIалда магIирукъ лъуни,
МагIабазулъ дунги ракIалде щваги.

Жакъа къоялъ бараб цIияб гIазуялъ
ГIурхъи гьечIеб авлахъ хъахIлъизабуна.
ГIарцуда хъантIарав инсуй бечелъи
Хъван батаги щвезе дир ургъел гьабун.

Бихьугеги талихI дида кинигин,
Киданиги тIокIалъ дир эбелалда.
ГIолил соназда яс  басра гьаюрай,
Гьей чIаго йикIадго къоно тIад чIварай.

Абадиялъего бекана дир ракI,
Бихьиларо дида ракьалда талихI.
Вокьулев хутIана хадув валагьун,
Херав чиясе дун кьуна росасе!

## ТI Е ГЬ

*(лаказул кечI)*

Гьаб хъала бихьулаан
Балагьун рикIкIадасан;
Амма цIунулаан гьаб
ЩIакъго мухIканлъиялда.

Сверухъ ццидалал гьаби,
Гьединго хъаравулал,
Гьенив дун вихьаравго,
Ана мохъ-мохъалъ риххун.

ХIанчIил милъир хъвалареб,
Борхатаб тIогьиб бугеб,
Гордухъе харизе дир
БукIинчIо квар, я мали.

Дица хваченги бекун,
Гьелъул магIал гьаруна,
Цинги къадада гьел чIван,
Гьезул мали гьабуна.

Дица жигар бахъана, –
Бугеб рухI кьун харана.
Амма щиб гьабуниги,
Щоларо квер гордухъе.

Гьанже бащдаб нухги тун,
Нахъвуссин – рекIекъаб жо.
Дун цевехун гьункьана,
Гьале гордухъе щвана.

Гьеб цIералъ гвангъун буго,
ЩIакъ щулаго къан буго,
ГIарац-месед бекьараб
Рахай гьелда бан буго.

Дица горду рагьана,
Жаниве гIедегIана,
Гьениб даимаб макьид
Кьижун йиго Меседо.

Бер тIаса босичIого,
ЧIана гьелъухъ валагьун…
Ахир, хIехьезе кIвечIо,
КIаркьада къочана цо.

Цинги каранде къана
Гьелъул узданаб лага.
Гьей хIинкъун сородана,
Меседода рухI лъуна.

ЦIаюцIун ялагьана,
Гьавго щиван гьикъана:
«Аллагьищ, аварагищ,
Я зодил малаикищ?»

Дун Аллагьги гурилан,
Аварагги гурилан,
Мун йокьарав мисикнчи
База вугин абуна.

Меседо разилъана,
Йохун, хинлъун лъугьана,
Жиндирго ахикьа тIегь
ТIезе изну дий кьуна.

## РОКЬУЛ КУЧIДУЛ

*(лезгиязул)*

* * *

Риидал гIазу бана,
Бице, щайзе, гIадамал?
ГIорал, лъарал цIорона,
Бице щайзе, гIадамал?

Дир къврилъидул бицун,
Булбул сас къотIун чIана.
Дун ахакье яхъана,
Бице щайзе, гIадамал?

Рокъоб хIукму къотIана,
Дие заман щванилан, –
Сон хъахIаб кIаз бахъана,
Бице щайзе, гIадамал?

БотIрода чохтIо къана,
Чадра цебе бигъана,
Дуниял бецIлъун ана,
Бице щайзе, гIадамал?

Радал иццде къокъана,
Гьудуласда берчIвана,
Гьесда дир хIал бичIчIичIо,
Бице щайзе, гIадамал?

Дир вукIана херав рос,
ХъахIалъараб бетIералъул;
ГIумруги талихI кьечIеб,
Бице щайзе, гIадамал?

* * *

МугIрул рорхатал руго,
Иццал тIокIкIарал руго,
Огь, цо гьайбатал мугIрул!
Доба цIолбол ах буго,
Ахикь дир гьудул вуго,
Огь, цо талихIал мугIрул!

РагIдукьан чвахулелъул,
ГIансигIан цIорораб лъин,
Огь, гIажаибал мугIрул!
Вокьулесе дун ине
Эбел йиго дандечIун.
Огь, тамашаял мугIрул!

* * *

Дица жигар бахъула,
Киениги яхъани,
Дун йокьарал гIолилал
ГьечIеб нухдасан ине.

Амма дие вокьулев,
Чан ишан гьабунги,
Уна гIинтIамичIого, –
Гьесда дун йихьуларо.

## ТIАДВУССИНЧIЕВ КАЗАКАСУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЕЧI

*(нугъаязул)*

Бецlал накIкIал, нахъе къай,
Канлъи бихьизе биччай!
Роржа, роржа нуж, чуял,
Авлахъ хехго нахъ тезе!
Гьаб щиб дида бихьулеб, –
БоцIийищ, гIадамалищ?
ХIурул накIкIги нахъа тун,
КIванагIан гIагарлъулеб?
Гуро, гьеб боцIи гуро,
Халкъалъул руккел буго,
Гьезда гьоркьой йиго цо
Кьунсрул берцинай ясги.

…Биччанте гIалахалде
ГIазу «кьарияб» базе,
ГIолил ясал рукъзабахъ
Къан нуцIбигун рукIине.
Риччанте пашманлъизе,
Гьез кечI ахIунгутIизе,
Ниж ракIалде щвеялъе
БухIараб магIу тIезе.

ГанчIилъ хIетIе тункун чу
Тарун уна циндаго.
ТалихI кьечIев рекIарав
КIалагъоркье речIчIула.
Гьурмалъан би чвахула,
Чухъа багIар белъуна,
Чурун бацIцIалъуларо,
ЛъалкIал нахъе унаро.
Чияр ракьалда ругел
РикIкIадал авлахъазда
ХъахIаб хIурул накIкIуца
КIкIуй лъезабулеб буго.

Казакас ахирияб
Абулеб буго рагIи,
Амма рагIизе гьечIо
Гьасул калам лъадуда.

ГанчIилъ хIетIе тункараб,
ХIинкъараб гьасул айгъир
Пенхъелаго лъедолеб
Буго, Волга гIор къотIун.
Араб соналъ риидал
Лъадуй къо-лъикI гьабурав,
Гьав тIокIав киданиги
Вуссинаро рокъове.

Гьасул берцинай лъади
Малъкъосун хутIун йиго,
Гьелъул халатал гъалал
Угъдузда хъвалел руго.

Рос вачIиневлъи лъани,
ЧIаго вукIин хIакълъани,
Гьелъ бусен гьабилаан,
Гьайбатал гъалал къотIун.

Амма араб риидал
Лъадуй къо-лъикI гьабурав,
Гьанже тIокIав кидаго
Казак нахъвуссинаро.

Цинги чорхолъ гуч гьечIей
Гьелъ щибдайха гьабилеб?
Къуларaб мугъ гьетIила,
Гьелъул кверал далила.

## ЩИБ ГЬАБИЛЕБ?

*(табасараназул кечI)*

**ЯС**

Щивго гIадан-чи гьечIеб
ГIицIаб авлахъалда дун
ГIечул гъветIлъун йикIина.
Дуца дий щиб гьабилеб?

**ВАС**

Щивго гIадан-чи гьечIеб
ГIицIаб авлахъалда мун,
ГIечул гъветлъун йикIани,
ВукIина дун гъедулъун.

Дица дур гIеч кванала.
Кинаб жаваб дуй кьелеб?

ЯС
Мун гъедулъун вукIани,
Дуца дир гIеч кванани,
Ролъул мугьлъун лъугьина,
Ракьулъ гIумру гьабила.
Дуца дий щиб гьабилеб?

ВАС
Ролъул мугьлъун лъугьани,
Ракьулъ гIумру гьабуни,
Дица хIинчIлъунги лъугьун,
Мугь цо-цо ккун кванала.
Кинаб жаваб дий кьелеб?

ЯС
Нагагь хIинчIлъун лъугьани,
Ролъул мугь дуца квани,
Дун мокьроде сверила
СандукIалъуй яхчила.
Дуца дий щиб гьабилеб?

ВАС
Мун мокьроде сверани,
СундукIалъуй яхчани,
Дица кIулал ричIила,
КIул чвантиниб букIина.
Цинги кие кIанцIилей?

ЯС
Дуца кIулал ричIани,
КIул чвантиниб букIани, –
Хехаб чанлъун лъугьина,
Рохьазде лъутун ина.
Дуца дий щиб гьабилеб?

ВАС
Хехаб чанлъун лъугьани,
Рохьазде лъутун ани,
Лъугьина дуда хадув,
Дир гудраца бох квела.
Хадуй кие йорчIилей?

ЯС
Дида хадув лъугьани,
Дур гудраца бох ккуни,
Егила дун загIиплъун,
Дуца дий щиб гьабилеб?

ВАС
Къуват тIагIун, рухI лъугIун,
ЗагIиплъун мун егани,
Дица дару батила,
Дур унти сах гьабила.
Гьанже щиб жаваб кьелеб?

ЯС
Дуца дару батила,
Дир унти сах гьабила, –
Рокьуй гIоло хвезе дун
ХIадурайлъун лъугьина.
Дуца щибдай гьабилеб?

ВАС
Рокьуй гIоло хвезе мун
ХIадурайлъун лъугьани,
Дуда цадахъ рокъоса
КъватIиве лъутила дун.
Дуца щиб жаваб кьолеб?

## ДИЕ БИТIУН ККАРАБ КУЦ
*(татазул)*

Татар мацIалъ «беки» – нус,
«Корде» – жугьутI мацIалъ нус.
Бечедазул ясалъухъ,
Сабру хун, ккана рокьи.

Гьезул гIиял рехъаби,
Ригьзал, чIухIарал гьундул!..
Ахирги сордо щвана –
Сас тун гьениве ана.

**Гьуинаб макьид восун**
**Кьижун вуго хъаравул.**
**Дица нуцIа тункана…**
**Байтулман!.. Рахан буго!**

**Сверухъ бецIго… сас гьечIо…**
**Сири бан чвахулеб гIетI…**
**Гордухъанищ лъугьинев? –**
**Гьеб цIакъго борхат буго!**

**КIочон тана кинабго –**
**Кето гIадин харана.**
**ЦIорол ричIчIи гьабуна,**
**Дица горду рагьана.**

**Сас тун жанив лъугьана,**
**ЧIарбида хIетIе хъвана.**
**ХIинкъун соролев вуго,**
**КIутIби дир ракъван руго.**

**ЦIертIасан унев гIадин,**
**Накаби сукI-сукIула.**
**Гьаб щиб? БокIнилъ бихьана**
**Полоп гIадаб цо хъахIлъи.**

**Ясалъул бусен-къайи**
**Бер кIутIарабго лъана…**
**Гьесана хIетIе кквезе! –**
**КIухIалго кьур-кьудана.**

**Гьай кьижундай-гуродай? –**
**Дида шавкъалъ къвал бана.**
**Берцинго хIетIе къана,**
**ХIеренго квер бахъана.**

**РагIана угьди, зигар…**
**Огь, кьижун гьечIо сихIир!**
**Гьанже, тарун арав дун,**
**Ккана гьелда тIад щапун.**

**Кара биххун ана дир:**
**Дуцаго пикру гьабе, –**
**Гьелъул курмухзда тIад цун,**
**Каранда тIад лъуна квер.**

**Божилищ! СихI бахъинчIо, –**
**Бугеб рухIалъ вуго ккун.**
**Бокьун буго тIуризе…**
**Эбел йиго рагьдухъ чIун!**

**Эмен нольги вуссинчIо,**
**Кивниги ун ватила…**
**«Эбел! Гьав гIолиласул**
**ГIакълу биххун бихьула!**

**Гьас яс хIакъир гьаюна, –**
**Гьеб дуда кин рагIичIеб?**
**ГIадалъ жо бан, хIалихьат,**
**Хехго нахъе вачахъе!»**

**– «Лъимал, гьаб щиб**
**нужер хIай,**
**БукIдул тIами гIадинаб?**
**ЛьикIлъиялъе батаги –**
**КъанагIатаб иш гуро!»**

**– «Эбел, битIун бицани,**
**Дун гьасда гурхIун йиго!**
**Дир бегIерал курмуца**
**Гьасул керен борлъана!»**



# ПРОЗА

**Хъистаман**
**СУЛТАНБЕГОВА**



*ЛЪАБГО БОРЧIАРАБ ОРДО*

*Гумбет районалъул ЛъаратIаса Султанбегова Хъистаман гIумруялъул лъикIаланго хIалбихьи щвараб заманалда ячIана литератураялде. Гьелъул тIоцересел асарал басмаялда рахъана араб гIасруялъул ункъоабилел соназул ахиралда. Хъистаманил тIоцебесеб тIехьалда цIар букIана «ГIумруялъул хIасил» абун. Хадуб гьелъ къватIире ричана «ГIумруялъул хIисаб», «ГIумруялъул тIокIкIел», «КватIараб кантIи», «Эбелалде» абурал ва цогидалги кучIдузул тIахьал. «Лъабго борчIараб сордо» абураб цIар буго Султанбеговалъул кIиго тIехьалде жанибе бачараб романалда. Гьелъие лъикIаб къимат кьуна хъвадарухъабазги цIалдолезги. Гьадин абулеб буго «Лъабго борчIараб сордоялъул» хIакъалъулъ Дагъистаналъул халкъияй поэтесса Залму Батироваль:*

*«Хъистаманида кIун буго магIарулазул цебесеб гIумру, гьезда гьоркьор хьвадулел рукIарал гIадатал рихьизаризе. Ригьин гьабиялъулъги хвел-гIелазулъги гьел цIунулел рукIараб куцалъул бицине. Гьезда жаниб букIараб адаб-хIурматалъул рагьизе.*

*ЧIужугIаданалъул къисмат рагьулаго, цадахъ рагьулеб буго гьелъул рухIияб дунял, къадру хвезе биччачIого, чи нахъасан кIалъазе течIого гIумру гьабизе гьелъ бахъулеб жигар. ЦIуничIони, намусги къадруги холеблъи. Гьеб хваразул къимат росулъ гьабулареблъи.*

*БатIи-батIиял къисматазул бицунаго авторалда рагьизе кIун буго – жиндие квешлъи гьабурасе лъикIлъи гьаби, ракI хварав чиясда тIасалъугьин гIумруялъул бищун берцинаб аслияб рахъ букIин. Аллагьасда цебеги гIадамазда цебеги гьелъул бугеб кIодолъи».*

*Гьеб асаралъе гьадинаб къимат кьолеб буго магIарулазул машгьурай шагIир ТубхIат Зургьаловалъ:*

*«Гьале кIиабизеги цIалун бахъана Хъистаман Султанбеговалъул «Лъабго борчIараб сордо» абун цIар лъураб, лъабго чIужугIаданалъул къисмат нилъее рагьулеб, магIарул яшавалъухъги, авар мацIалъул*

бечелъиялъухъги урхъи буссунареб, цIализе гъира балеб темаялда хъвараб роман.

Цо-цо мехалъ ккола, киндай авторалъухъа бажарараб тIехьалда ругел киналго цIаралги, нухалги, алхинчIого, жийго гIадин, цIалдолевги хадув гъезавун, тартибалда рехсезейилан.

Аслиял героял руго лъабго магIарулай – Сакина, Зубаржат, Халисат. Къисаялъул тIолабго лъугьа-бахъин рагьизе Хъистаманица тIамун йиго гьел лъабаздаго гъорлъаги аслияй Сакина».

Гьале тIахьал цIалулев Багьаудин Жамаловасул пикру:

«ТIехь буго бацIцIадаб магIарул мацIалда хъвараб. ЦIакъ дагьал руго гIурус мацIалъул рагIаби. ЦIалулезда ракIалде щвезарулел руго унго-унгоял магIарул руччаби, гьезул – магIарул руччабазул рукIине кколел хасиятал, гIамал-тIабигIат, пикраби, магIарулазул рукIа-рахъин, яшав.

Аслиял героязул бищун ракI тIаде уней йиго Сакина. Абизе бегьула гьелъ жиндирго гIумру цогиязе гIоло кьунилан.

Цоги дие бокьараб рахъ – тIехьалда гIемер хIалтIизарун руго нилъер халкъалъул кицаби, абиял, биценал. Гьелъги гьаб тIехь бечед гьабула».

Нижеца кьолеб буго Хъистаманил «Лъабго борчIараб сордоялдаса» «Лъабабилеб сордо» абураб бутIа.

## ЛЪАБАБИЛЕБ СОРДО

– Эмен хвараб соналъ дица эбел дидаго аскIое шагьаралде ячана. Гьелъие дагьаб ургъелги бигьалъизе хъулухъги гьабилин, щиб унтун батаниги даруги гьабилин, – ян абун, Мирзаги Айзанаги гъорлъ гьечIеб жо Сакинас бицине лъугьана Нурбика.

– Гьей гьение щун дагьал къоял рахъараб заман букIана гьеб.

Цо къоялъ, хIалтIудаса ячIун, рокъое жание лъугьунаго, дида лъана, эбел гIемер гIодун, къаридго йикIин. Эмен ракIалде щун гIодун ятилин, дица гьелда щибго жо гьикъичIо.

– Гьалеха, течIо дун гьание ячинчIого, – ян абуна эбелалъ. – Гьадин ккезе букIин лъанго букIана. Эмен хун хадуйги гьелъухъе щвезе ине бокьун букIараб куц. ХIетIго бухьана, хваяй дун, – анги абун, дагьайги гIодизе лъугьана эбел, жийго къварид йикIин лъаниги, дун кIалъачIого чIарай мехалъ. – Вай пакъир, унтун йигиланцин рагIичIо, тIасалъугьайин абизеги щвечIо. Щай дун дур инсухъ гIенеккарай, – ян чвахун магIугун гIодулей йикIана гьей.

Киданиги, щив хваниги, гьедин эбел гIодулей дида йихьун йикIинчIо.

– Бице щиб лъугьараб жо? – ян гьикъана дица гьелда, гьелъие лъимги кьолаго.

Рокъой хIалтIулей гIаданалъ бицана:

– Нужер росулъа цо чIужу ячIун йикIана. Гьелъ абуна Сакинал эбел хванилан. Гьелдаса нахъе тIокIалъ чIечIого гIодулей йиго.

Дагьалъ гIодое йиччайгун эбелалъ бицана дида мунги гъойги рахьдал яцал ругин. Жий гьаюраб мехалда, жиндир эбел кутакалда бакъул

унтиялъ унтидал, рахь щоларого хвезехьин йикIун йигин жий. Цинги росулъ лъимер гьабурай гIадан йигищали цIехедал, нужер эбел ячIун йиго ячун. МоцIгIан заманаялъ, эбелалъе мадар лъугьинегIан, гьелъ хьихьун гIурай йикIанила жий. Гьедин, нижер эбелалъ бицанихъе, мунги гъойги рахьдал яцал кколел ругин. Цо нухалъ хаханигицин, шаргIалда рекъон, гьединал лъималазда гьоркьоб ригьин-цIа гьабизеги бегьуларо. Нижер эбелги мунги цого заманалда гьарурал, кIицадахъ гьаруралгIан, цIакъго гIагарал ругин абуна гьелъ. ГIадатияй гурей, батIияй, гIакъилай, гIамал берцинай гIадан йикIанила нужер эбел. Гьелъул керен хахун гIурай йикIиналъ, лъималазда гъорлъ релъ-лъарай лъугьанин жийгиян абулаанила гIагарлъиялъ. Гьеб бицаралдаса дун йикIунан мун йихьизе бокьун. Заман гIолароха нилъее лъикIлъиялъе.

– ГьадигIан чи гьечIел ниж! Дида щайха эбелалъ гьеб бицинчIеб? Уяб батизе бокьиялъ, каркарун beралгун гьелъухъ ялагьана Сакина.

– Дицаги кьуна эбелалъе гьебго суал, – ан абуна Нурбикаца. – Ниж дагьал кIудиял гIураб заманаялъ, жиндие балагьалъе гIадин, кисаяли лъалареб цо гьой бачIун букIанила росулъе. Цинги гъоб гьой, ракьа-гьан гIемераб букIунеб бакIалде нужер гъобе хьвадун, бекьараб хуриб гебегун, рагъиде бачIун, тIарс, лъим бегизабун, цIакъ санагIат бахъи гьабулеб букIанин бицана эбелалъ. Гьеб гьоялда гьабизе жо тIагIарав нужер инсуца, гьелъие кьезе загьру балагьеян тIадкъан буго дир кIудияв инсуда. Балагьун бачIараб гьеб загьру дир эбелалъухъе кьун буго инсуца.

Радал– бакъанида гьоркьо– гьоркьоб, тIехалъулъ гьоцIоги жубан кванай букIун буго гьезие даимлъараб квенлъун. Гьеб къоялъ тIех буцизе цIалкIараб тIахьдиялде цодагьаб нахги жубан, гъоб гьоялъе кьезе букIараб загьру гъорлъеги тIун, къачIан букIанила жинца. Гьелъие загьруги кьун, жиндиего цIар-рецц къваригIунги йикIун ятилаха гьей. Гъоб гьой, кигIан сверданиги, доб къоялъ кибниги батун гьечIо. БачIиндал кьезе, азбаралъубго тараб суркIа кIочон буго гьелда. Гьеб бицунеб мехалъ, бихьулеб букIана эбелалъухъа цо гъалатI ккун букIин.

Кутакалда чIахIиял, лъикIал гIачи рукIанила нужер. Рохьдолъа рачIун, азбаралъуре лъугьараб кIиго гIака хун буго. Гьойги хвечIого батараб мехалъ, загьру жаниб букIараб гъадароги чIобого батидал, лъаларищха щай гIачи хваралали. Нужер эмен хехав, кьогIав вукIанин абула эбелалъ. Щиб ккарабин, вачIунев жиндир инсуда кьабунин, нагIана батадинги абун. КIудияв эменги гъодинаб жо квеш бихьулев чи вукIана. Жиндие нагIанаги кьунин, щиб кканиги жинде квер борхизеги бегьулароанин, тIокIав нужер гъове нижер кIудияв инчIила. Ун ятани, гьеб къоялъго рокъое йитIилин эбелалдаги лъазабунила.

Гьедин ккечIебани, цере ниж рукIарал берцингойин бицана эбелалъ. Цояца гьабураб квен цоязе кьечIого кваналароанин, кIиязего, рахьдал яцалин, релълъараб гурони ретIелги босулароанин…

– Гьедин лъикI гьуинги рукIиндал, маслихIат гьабулев чигойищха гьезда гьоркьов вахъинчIев? – ан чIезе кIвечIого, бицунелда гьоркьой кIалъана Сакина.

– Дица гьикъичIо. Амма эбелалъ бицунаан цебе умумузул заманаялдаго, гьезул ккун букIун буго гьединабго къваригIел гьечIеб жо. Гьебги ракIалде щвезе гьабун, квешезе гьабураб жо гIадин гьоркьор мацIихъаби кIалъан, гьениб рекъел бачIун гьечIо. Щибкинин абизе нижги хIинкъун, гьедин гьоркьоб бакI батIалъун хутIанин абулаан эбелалъ.

Цодагьаб заманаялъ кIияйго гIадан кIалъачIого жиде– жидер ургъалида рукIана.

– Айзанаца ясалда Сакина абун, дур цIар лъеялдаса дун йохана, – ян абуна Нурбикаца, доб цебе жинцаго байбихьараб лъугьа-бахъин бицине бокьичIеб гIадин. – Гьеб дир эбелалъулгун кIибикьараб цIар бугелъул.

– КIибикьун цIар кIигьаруразда гурищ лъолеб, – ан гIажаиблъун йохун кIалъана Сакина.

– У-ха. Нижер эбелалъул цIар Сия букIинчIищ, Сия-Сакина букIине Аллагьасго рекъезабун лъураб букIанин абулаан эбелалъ. Гьанже нилъер цонигиязул эбелги гьечIелъул, дида ккун букIана дуда абун телин… Дун цо лъабго къоялдасан, рузман къоялъ гьел васазул хабадеги ун, рокъое Москваялде тIадюссине йиго, – ян абуна Нурбикаца.

Гьел васазул хабаде яхинейин абидал, Сакина гIодое ялагьун чIана. Гьелда ботIролъе бачIана доб Мирзаца бицараб хабаралъул ккарабщинаб.

– Дуца абухъе, гьел лъимал разилъани, дир тIокIав васги гьечIо, дица ахIарал мехалъ гьел дихъе Москваялде ритIе, – ян кIалъана цIидасан Нурбика. - Гьеб букIана дие дуда гьаризе бокьараб жо. Ясалдаги дуца, дур цIар лъурай йигелъул, дуего бокьараб гьабе. Аллагьас кьуни, щвелеб батила диеги дирго васасул цIар лъурав вас кодов кквезе. Киназул кинахъ бугониги щиб гьеб талихI? Дуе яс щун, дие вас щун – гьел руго нилъер лъимал. Гьелъул бицине нилъ тIокIалъ рихьиларо. Мун лъикIлъи босун сабабалъе Аллагьас йитIун ятила. Дида букIараб ургъел, киндай мун йихьилаян. Гьел лъималазул цебе букIараб гьоркьоблъи лъаралдасаги, гьелда тIад ургъулей, кин гьеб абилебали лъаларого йикIана дун. Мирзадаги абе дуца гIагарлъи бугин гьабуни букIунеб жойин, Нурбикаги йигин дур рахьдал ункъгIалин.

– Гьалеха цо-цо дица мунагь гьабулаан, дуда гьеб цебего лъалеб букIарабинги ккун, – ян рогьинехъин бугин, сагIтихъ ялагьана Сакина, гьеб цIигьабизе бокьичIого.

ХутIараб заман гьезул ана Нурбикал васасул лъикIал гIамалазул, гьесул гIумруялде букIараб анищалъул, Айзана лъимаде йикIиналдасан гьев вукIарав вохиялъул бицун.

АхIмадил тIоцее ячарай чIужуялъул доба рогьараб гIадаб, пашманлъи-рохел жубараб, цIар лъезе лъалареб гIажаибаб сордо букIана гьеб.

– Как базе рокъоего инаан дун, – илан яхъана тIаде Сакина– кIодо. РатIалъулелъул гьез, цоцада къвалалги ран, къулчIулеб букIана пикрабазулги, ургъалабазулги, хиялазулги цIураб къулгIа. ГIемер цоцаца данде къаялъ, гьазул букIана, гьел хIасратал эбелаз керен

хахараб рахь цоцазул рекIел бидулъе жанибе чвахун унеб гьаракь гIинда рагIулеб гIадаб асар.

РатIалъана гьал щибниги жо абичIого.

– Дун йикIунаан – дун цIакъай чIужу йигилан, – жиндиего абулей йикIана, рокъое унаго, нухдасан Сакина-кIодо. – Киназего рекъезе гьабулей, бихьарабщиналда щукруги лъолей, лъикIаб-квешаб жанибеги бачуней, гIакълу бугей гIадан йигин дун абун. Амма, гьай Нурбика лъикIлъиялъе гIемераб манзилалъ дидаса цеегIан йикIун йиго.

* * *

Лъималазда, я Айзанал эбелалда бицун, гьабизе бугеб ригьиналъул хабар Нурбикада рагIизабизе Сакина гIедегIичIо. Гьелда лъалаан, васасул йикIарай чIужу чияе уней йигин бицараб хабар рагIичIого гьоркьоб заман ани лъикI букIинеблъи. Щайдай гьабулеб гьечIоян Нурбикада анищ ракIалде бачIинегIан тани, гьелъие гьеб къварилъи бигьалъизе бугеблъи.

Айзанал эбел кинабго жо Нурбикаде тIамун тарай гIадан йикIана. Гьаюрай ясалдаса йохун гурони гьелъие батIияб талихI букIине гьечIин кколаан гьелда. Нурбикал ракI бакъвазабун, васасул ясалда батIияв эмен вихьизавизе, цоги гьелъул букIинеселдеги нуцIа щулаго къан букIунаан эбелалъ.

Айзанал эбелалъул букIана гьеб къоялъ хуриса бакIарун тIорщел рокъобе баччулеб гвай *(болхъа)*. Сакина-кIодол букIана, жидергоги хур-ракь гIемер бугелъул, хIалтIизе хьихьараб, росулъго бищун лъикIаб хIама.

Москваялдаса ячIарай Нурбикаде щвезе ячIаралдаса йихьулейго гьечIин, гьейги йихьизе гьеб тIощел баччизе хIама биччайинги абизе Айзанал эбел ана Сакина-кIодохъе. Дунгоги ячIинилан абуна гьелъ: кумек гьабизе кIвечIониги, кванзегIаги бегьилилан махсарги гьабун.

Хадуб щиб гьикъилебали лъаларей Сакинаца макьилъгIаги вихьичIищин дурцан, гьев ракIалде щвезавуна. Дуда гьеб бицинейин йикIанаян, цо лъикIаб жо гьелъ ракIлде щвезабураб гIадин, йохана гьей. Берцинго ретIа-къан, цо лъаларел лъикIал гIадамалгун вугоанин абуна гьев. Дица, гьесда аскIов гьечIелъул, вацасул вас кив вугев, гьев вихьуларищан гьикъанаян абуна Айзанал эбелалъ. ВихьичIинги абун, гьес дида бихьизабуна гьоцIоялда гъорлъ наялги ругеб цIорол ящикI, ясалъе босейинги абун. Айзанае талихI кьезе батагийин къотIун гурони, гьелде батIияб жо абизе Сакина-кIодо хIинкъана, Нурбикаца гьелда щибго бицун гьечIеблъиги бичIчIун.

Гьей ун хадуб йикIана, чанги къисматал сукIараб жиндирго ракIалда гьикъун, гьеб макьу батIа– баайиса къотIулей.

* * *

ГьитIинай Сакинаца лъагIелгун бащдаб бан хадуб Аллагьасул къадар къотIуде щун бачIана Мирзаги Айзанаги данделъулеб къо. Амма кигIан жиндиего анищлъун букIаниги, ХIосениеги Абакариеги гIадинаб бертин Мирзае гьабизе Сакина разилъичIо. Айзанал эбелалъул рокъобе, элъие цIар чIвараб чемоданги битIичIого, цойгидал нусабазе

кьураб щибго батIалъи гьечIеб хъалим кьуна Сакина-кIодоца бертадул къоялъ. Гьеб букIана бищун Сакинал гIакълу-адаблъун рикIкIин гьеб бичIчIулеца. БахIарай ячун рачIарал Айзанал гIагарлъи кIодо гьарун сайгъаталги кьуна.

Цого-цо зурма-къали гьечIолъи гурони, камураб жо гьечIого кинабго кколеб къагIидаялда букIана Сакинаца чIчIезабун.

НухIие чIужу ячуней мехалъ гIадинаб дандеруссин букIана гьеб. Лъималазул мурад тIубай, рохел бихьун, кваначIониги – гIорцIун, релъичIониги – йохун, рокьаразе рокьарал щун мурад тIубана Сакинал.

Цоял талихIалъулъ лъедолин абун, жинцаго анищ гьабулей йикIиндал, гьей жиндирго цIарги лъурай ясги щун, талихIалъулъ лъедолей йикIана гьанже Сакина-кIодо. Хадуй кIудияй гIурай мехалъ жийго хьихьизе, жиндирго бакIалда тезеги цIияй Сакинада тIадкъалеб жо гIемерлъун, йохизе рес щвана гьелъие.

Халисатин абуни, бищунго талихIайлъун йикIана Аликица жив эмен вукIине вугин бициналъ.

ХIосенги Асяги Ибрагимица гьезие Черкесскиялда сайгъат гьабураб секциялде рахъун, берцинаб магIишат гьабизе лъугьана.

КигIан Нурбикае бокьаниги, гьениве Мирзаги вачун, Москваялде тIадюссун ине, Айзана разилъичIо.

Щиб кканиги, гьезул ккарабщинаб лъалеб букIиндал, Сакина-кIодоеги Мирза гьениве ун гьезул вацалгун жувазе вокьичIо. Нурбикал ракI бохунги букIине, Айзанал эбелалъулгун цадахъ бугеб рокъоре рахъана гьел.

Абакарги ГIатигатги Сакина жийго жаний йикIараб минаялъур рукIана.

Цойги Сакинал ракI парахалъараб жо букIана, Зубаржатица бачIараб кагъаталда, жиндие вас гьавунин хъвалеб букIин. Дур гIадаб гIумруялда, васцин гьавизе бегьулин дуцайин, жинцаго абун букIараб ракIалдеги щун, гьеб уяблъун лъугьиндал ракI бохун йикIана гьей.

РитIухълъи берцинай Сакинаца, кинабго бихьарабщиналда гьоркьоб жиндиего бокьулеб гуреб, букIине кколеб ритIухълъи хIалтIизабидал, гьоркьоса нахъе къотIун ана къисматалъул согIлъаби.

# ЦІАЛДОЛЕЗУЛ КУЧІДУЛ

Шагьрудин КЪУРБАНОВ



## БЕТІЕР КЪУЛУЛА ДИЦА

Рагъда росал тIагIарал
ТIолалго руччабазе
ТIаса тIагъурги бахъун,
БетIер къулул дица.

Къисматалъ талихI кьечIел,
Къайицадахъал гьечIел,
БахIарзазул улбузул
Адаб гьабула дица.

Чан батIиял пикрабаз
БутIрул нужер квегъарал?
Кинабго лъикIаб гьарун,
РакIго гIорцIуларо дир.

ЗахIматал къварилъааз
Къан рачел борчаниги,
Чаран гIадин къвакIарал, –
БетIер къулула дица.

Къадру тIокIал росазул
ТIагърил къимат рехичIел,
КъвакIун чIаралщиназул
Адаб гьабула дица.

БитIараб къимат кьезе
Къуват дир гIечIониги,
ГIумруялъ кIочонарехъ
РакIго гIорцIуларо дир.

Хириял росал сверун
Къункърабазде ратани,
Нуж руго мугIрул бисал, –
БетIер къулула дица!

ХIалихьатаб къавмалъе
Къураб рагIи бицинчIел,
Нужер абадиялъго
Адаб цIунула дица.

Нужер хIурматги гьабун,
РагIи абула дица,
Нужее рецц-бакъ гьабун,
РакIго гIорцIуларо дир.

## ТIУКИТIАСА ГIАБДУЛНАСИРИДЕ

Огь, гьаб заманалда
ЦIар щибдай лъела,
ЦIваби гIадал васал
ГIужий росараб?

ГIабдулнасир гIадал
ГIаданлъи тIокIал,
ТIупанин рагIидал
Унтула керен.

Инсул къимат ккурав
КъамартIав хъергъу,
Къанабакь лъунинал
Дун божуларо.

Кинабго рекъарав
Къиматав гIалим,
Къадаралде щведал,
РакI пашманлъана.

Къиматал тIахьаца
ЛъалкI тарав устар,
Дур бажари, гьунар
Бицалъ хутIила.

Дуде шигIру хъвана,
Щакърахинаго,
Шигьабудин – дур вац
РакIалдеги щун.

Гъол цIалул кIалгIабаз
ЧIегIер бан буго,
ГIакълу– лъай гъваридав
Мунги гьечIого.

Дуца дие кьурал
КьучIал мажмугIал,
ЦIалун гIорцIуларо,
ГIабдулнасир, дун.

ГIакълу лъадарарал
ЛъикIал жугьаби,
Жиделъ лъай бечедго
Бессарал руго.

Дур инсул Зирарил
КучIдул цIалидал,
КантIизе гьарула
ЛъикIабщиналде.

Абадияб рокъор
Къанщарал нужей,
Къимат тIокIаб алжан
Аллагьас кьеги.

Нуж гIадал чагIазе
Хвел букIунаро,
Хазина даимал
Асарал тарал.

## ГЬОБОЛ ВАЧIУНАРЕБ КЪО БАЧIУНГЕГИ

Гьобол вачIунареб
Къо бачIунегеги,
Къварилъи кканиги,
Рохел щваниги.

Щибаб къойил вачIа,
Рохелгун вачIа,
Къварилъи-гIатIилъи
ЦIехезе вачIа.

ЧIалгIен буссинелъун
Сабругун вачIа,
СанагIат ккарабго
Ваккизе вачIа.

Мун вуго баракат,
Камилаб чIухIи,
Гьобол вокьичIесе
Кьоларо талихI.

## ТI Е ХЬ

ТIехь, дуца гIакълу кьола,
ГIадан кIодо гьавула,
ГIисинал, чIахIиязе
НасихIатал гьарула.
Дуца инсан куцала,
Кинабго жо малъула,
Космосалде гIунтIунги
ГIадамал тIоритIула.
КъваригIараб кинабго
Камилго бицунеб – мун.
Инсанасе дару – мун,
Дунялалъе рекъел – мун,
Мекъаб нухдасан унев
ВитIизавулебги мун.
Сабруялде ахIулеб
Инсанасул гIакълу – мун,
Сахлъи цIунулебги – мун.
Рохел бикьулебги – мун.
ТIехь цIаларав гIакъилав,
ТIехь цIунарав камилав.
ТIохьол гьудуллъи ккурав
Ккеларо кивго мекъи.

*ГIахьвахъ район,*
*Ингердехъ росу.*

**ГІайнаъ ХІАЙБУЛАЕВА**



## ГІИЩКЪУЯЛЪУЛ НАКІКІАЗУЛ БАКЬУЛЪ КЬИЖИЗЕ ВАЧІА

**Гьал дир беразул магІил**
**ГІурулъ чвердезе вачІа,**
**ГІищкъуялъул накІкІазул**
**Бакьулъ кьижизе вачІа.**
**Амма дир магІил гІурулъ**
**Гъанкъулев мун вугони,**
**Гьениса мун вахъизе**
**ГьечІо, гьудул, рухІ хутІун.**
**Дир гІищкъудул накІкІазулъ**
**Кьижун хутІанигицин,**

**Мун вигьине гьавизе**
**Гьунарги дир гІеларо.**
**Гьаб дир магІил гІоралъулъ**
**Лъеданиги щиб дуе,**
**Щущан дир гІумруги тун,**
**Тирулев вукІинчІого.**
**ТалихІал гьал накІкІазулъ**
**Кьижун ккани щиб дуе,**
**Даим мунан ахІдолей**
**ЮхІулей дун течІого.**

* * *

**Дунгун мун – цоцаздаса,**
**Гьудул, ратІалъаниги,**
**Гьоркьоб тІегьалеб буго**
**Нилъер цо меседил тІегь.**
**Гьеб меседил тІегьалъул**
**ТІанчал рортизе тоге,**
**ТІинкІизе тоге, гьелде,**
**Дир хинал магІил гарал.**
**КІиялго цоцаздаса,**
**Гьудул, рикІкІалъаниги,**

**АскІой гІагар гьарулеб**
**ГІарцул сагІатги буго.**
**КІиязулго гьоркьоблъи**
**Гьудул, лъугІун аниги,**
**РакІал журазарулеб**
**Бугин панаяб лахІзат.**
**Гьеб гІарцул сагІаталъул**
**Сверизабуге заман,**
**Панаяб лахІзаталъул**
**Тархал нахъе рахчунге.**

* * *

**Сабру гьечІел дир берал**
**Духъ ралагьун чІун ругин,**
**Унтараб дир рекІее**
**Дару дур кодоб бугин.**

**Дуца сах гьайила дун,**
**Амма кватІун букІина,**
**РекІеда ругел ругънал**
**Регьеладай гьанже дир.**

***Унсоколо район, Зирани росу.***

# ЛЪАЛИЩ НИЛЪЕДА?

## БОЖИЗЕ ЗАХIМАТАБ, АММАХА…

* * *

Бакъбаккулаб Канадаялда I967 соналъул марталда херлъун, «заман щун» хвана II сон бараб лъимер Рикки Галлант. Гьеб хун буго гIумруялъул заман цIакъго хехго иналдалъун.

* * *

Бищунго цIикIкIарал сонал рарав чиян Азербайжаналъул гIалимчи М.Н.Султановас жиндирго «Азербайжан – страна долгожителей» абураб тIехьалда рехсолев китаяв Ли Чункюница бан буго 252 сон. Гьесул букIун буго лъикIаб сахлъи, гьабулеб букIун буго дагьа-макъаб хIалтIиги. ГIумруялъул ахираб къоялде щвезегIан гьес Сечуа мугIрузда, гьединго Иеонан ва Кичу областазда ракIарулел рукIун руго даруял хурдул. Унтунги гьечIо цониги нухалда. ХъахIаб рас баккизе байбихьун буго I00 сон бан хадуса. Жиндирго халатаб гIумруялда жаниб гьес ячун йиго I4 лъади.

* * *

XIX гIасрулда йикIарай Индонезиялдаса Сурьяца доб дунялалде тIовитIун вуго 39 рос. I982 соналда Великобританиялда хъвай-хъвагIай гьабуна гьеб пачалихъалъул тIолабго тарихалда жаний бищунго херай бахIаралъул. Жиндицаго нусго сон баялъул юбилей англичанай Винифред Кларкалъ кIодо гьабуна 80 сон барав Берт Смитие росасе иналдалъун.

* * *

НекIо заманалдаса нахъего гIолохъанлъиялъул дарулъун рикIкIуна рокьи. НекIсиял греказул букIана гIолохъанлъизариялъул хасаб къагIида – герокомия – херав чи гIолохъанай ясгун цолъизави. Доминикан республикаялдаса Рамон Гарсиа Диасица чIужу ячун йиго II5 он бараб мехалда. Гьеб мехалда гьесул лъадул Майра Пересил букIун буго I6 сон.

Гьедианбго пикруялда гIумру гьабун буго Франциялдаса Пьер Дефурнелицаги. I20 сон бараб мехалда гьесул лъабабилей чIужуялъул букIун буго I9 сон ва гьезие гьавун вуго лъабго вас. ГIажаибаб жо, Дефурнелие васал гьарун руго батIи-батIиял гIасрабазда ва гьезул ахирисев вас кIудияв вацасдаса I02 соналъ гьитIинав кколев вуго.

I788 соналда хварав I60 сон барав норвегав Иосиф Суррингтон вукъулеб мехалда, гьенив вукIун вуго гьесул 9 сон барав вац.

Нилъер улкаялдаса адыгеяв Ходьз Хаджикимет Куримович Ягановасул, 25 сон барай ичIабилей лъади ячунеб мехалда, букIун буго I35 сон. КIудияб ВатIанияб рагъул соназда I00 онил гIумруялъул чияс жиндицаго гьес хъулухъ гьабулеб букIана бекьулеб ракьул гектаралъе. Гьесул аслияб квен букIун буго гIиял хIан, рахь, иццул лъим ва мугIрул гьава.

* * *

Академик И.Р.Тархановас абулеб буго чIужу йигев чиги, рос вугей чIужугIаданги гIумру хадатал рукIунин. Бищун халатаб цадахъаб гIумру гьабурал рос-лъадилъун рикIкIуна венграл Джон ва Сарра Ровелал. Цадахъ гьез бан буго I47 сон. Джон Ровелил лъади хун йиго I64 сонил гIумруялда, гьев – I72 сонил гIумруялда.

Тархановасул пикру ритIухъ гьабула къватIисел пачалихъазул гьанжесеб статистикаялъги. Къороллъуда хутIарал бихьиналги руччабиги рекIел унтуца, ракалъ унтун холел руго хъизан-рукъалда ругездаса 3,5 нухалъ цIикIкIун. Грузиялъул I00 ва жеги гIемер сонал рарав 626 чиясда гьоркьов лъабго бихьинчи ватун вуго лъади гьечIев, микьго чIужугIадан рос гьечIейги.

* * *

ЦIех-рехалъ чIезабураб жо буго, нусиялда хадур сонал рараб гIумруялдаги бихьинчиясе лъимер гьабизе бегьулеблъи. Масала, I64I соналда I52 сонил гIумруялда хварав ингилисав Томас Паррил гIумруялда жанив хисана 9 къирал; тIоцеесей чIужу гьес ячана 80 сон бараб мехалда, гьесие гьабуна кIиго лъимер. Нусиялда цо сонил гIумруялда гьев жанив тIамун вукIана гIолилай яс гуккунилан. I20 сон барав чияс, гьес, ячуна гIолохъанай къоролай ва гьезие гьавурав васас бан буго I23 сон.

Руччабазул рахъалъ абуни, чIел босун буго туркай Фатима Эдиргаралъ. I964 соналъул I9 сентябралда бахъараб «Правда» газеталда лъазабулеб букIана 96 сон барай гьей гIаданалъеги I26 сон барав росасеги игизал гьарун ругилан – васги ясги.

* * *

Медицинаялъул хасаб литератураялда хъван буго, заман щвелалдего балугълъарай 6 сон барай ясалъе лъимер гьабиялъул. Гьединго хъван буго 113 сон барай чIужугIаданалъе лъимер гьабиялъулги.

Гьединго хъван букIана СССРалда 90-ялдаса 132 соналде щвезегIан гIумруялъул гIадамазул 42 проценталъул анлъгоялдасаги цIикIкIун лъимер бугилан. 108 сон барав ингушав Мейрисев ХIадис Татаровичасул букIун буго 21 лъимер. 1782 соналда Шуйск уездалъул Никольскиялъул килисаялъул ведомосталда хъван буго векьарухъан Федор Васильевичасул лъадуца, 27 нухалда къинай яхъун, 60 лъимер гьабунилан. 1977 соналда газеталда хъван букIана Грециялда цо гIаданалъе цадахъ 8 лъимер гьабун бугилан (600-ялдаса 800-ялде щвезегIан грамм бугел).

1982 соналда Гиннесил рекордазул тIехьалде йосун йиго Чилиялдаса 57 сонил гIумруялъул Леонтина Альбина. ТIехьалде гьей йосун йиго 44 лъимадул эбел хIисабалда. Гьеб тIехь бахъизе хIадур гьабулеб мехалдаги гьей йикIун йиго лъимаде.

* * *

Бищун кIудияб (цIайи цIикIкIараб) лъимер гьабун буго Канадаялда 1897 соналда: борхалъи 76 см, цIайи – 10,7кг. Гьелъул эбелалъул цIайи букIун буго 224 кг. I982 соналда, ЮАРалда цо гIаданалъ гьабун буго лъимер борхалъи 70 сам цIайи 10,5кг бугеб ва кIиго ца баккараб. АнцIила цо моцI бараб гIужалда гьеб лъимер 8 сон бараб гIадаб букIана, гьелъул цIайи букIана 25 кг. ЧIаго хутIараб бищун гьитIинаб

лъимер букIана ирландияй Тереза. Гьей гьаюна заман щвелалдего 14 анкьалъ цее ва гьелъул цIайи букIана 625 грамм.

Гьеб кинабго бициналъул магIна ккола лъимал гьариялъги лъималазе тарбия кьеялъги цо къадаралда гIолохъанлъи цIуниялъе, ай херлъи нахъбуссинабиялъе кумек гьабулин абураб.

* * *

1986 соналда Ирландиялда хъвай-хъвагIай гьабун буго 100 сон барал игизазул, Брайан ва Грес Оландлиназул. Гьединаб гIумруялде щвезегIан игизал нагагьги хутIуларо.

* * *

Щай нилъ херлъулел ва холел? ГIажаибаб пикру загьир гьабун буго Ленинградалъул профессор В.М.Дильманица. Гьес абулеб буго унтун чи хвеялъе аслияб гIилла кколила нилъер гIадалнахулъ рукIунел Биологиялъулал СагIтазул механизм лъехей. Гьеб механизмалдаги абулила «гипоталамус». Нилъер чорхолъ ккoлеб кинабгIаги хиса-басиялъул баян нервабаз кьола гьеб гипоталамусалде. Черх нахъе кканагIан гьел баянал кьезеги гьел тIадруссинаризеги бажари, хIаракатчилъи холила нервабазул.

Ахираб заманалда гIалимзабаз чIезабун буго гипоталамусалъул хIалтIул къагIида хвей бараб букIин домафин (нейропереносчик) дагьлъиялда. Гьединго чIезабун буго кванилъе гьеб вещество баялдалъун хIайваназул гIумру 10 проценталъ халалъулеб букIинги. Амма инсанасул чорхолъе домофин гIицIго больницаялда тохтурасул хъаравуллъиялда гурони биччазе хIинкъи бугеблъун рикIкIунеб буго, гьелъул чорхол сахлъиялъе данде кколарелги хасиятал рукIиналда бан.

Нилъер гипоталамусалъе бищунго кумек гьабулеблъун рикIкIунеб буго «гипофез» абулеб железа (цIецI). Америкаялъул гIалимчи Доннер Денглаца хъвалеб буго инсанас сонал ранагIан гьеб железаялъ байбихьулила «жиндирго хважаинлъун» кколеб гипоталамусалъе «гъара» гьабизе, ай хасал «херлъиялъул гормонал» гьаризе. Доннер Денклол хьул бугила гьеб «херлъизарулеб гормон» хъулухъалдаса бацIцIад гьабуни (гьабизе кIвани), нилъер гIумру 400 сональги халалъизе бугилан.

Гьеб бутIаялда гIалимзабаз хьул лъезабулеб буго Е витаминалде. ЧIезабун буго гьеб витаминалъ хIайваназул гIумру 30 проценталъ халалъизабулилан. Витамин дагьлъиялъ рачунин херлъиялде, гIумру къокълъиялдеян.

Тохтурзабаз – гериатраз херлъи чIезабулеб дарулъун рикIкIунеб буго маточное молоко (наязул рахь). ГIалимзабаз чIезабун буго херлъарал – лъехарал тканал рукIалиде ккезарулин маточное молокоялъан. Гьеб хIалтIизабизе лъикIаб буго гьоцIогун 1:100 роцада.

Амма, кинан щиб бицаниги, херлъиги чорхол сахлъиги бараб буго кванида.

Гьаниб ракIалде щвезабизе рекъараб буго XV гIасруялда абурал венецияв Людвиго Корнарол рагIаби: «Дагьав кваналес гIемераб кванала». Холеб мехалда гьесул букIана 1010 сон.

# Гьабги, Добги, Добцоябги

## ГЪАКИДАСА ЙОРТАРАЙ

Цо мохIосев, чIужугун цадахъ, Гъумекиб базаралдаса тIадвуссун вачIунев вукIун вуго. Гьакида тIад кьижун ккарай чIужу цо гвендккараб бакIалда гьебги хьвагIун, гIодое йортун йиго. Гьакида тIад чIужу гьечIейлъи мохIосесда рокъове щвараб мехалъ гурони лъан гьечIо. Хадув арав гьесда гьей ятун йиго йортараб бакIалдаго кьижун. Тунк-тункун гьей йорчIизаюлеб мехалда, чIужуялъ абун буго:

– Щай гьоко чIезабураб? Кьабе оцазда! – ян.

## ГЕНЕРАЛАСУЛ МАХСАРА

Рагъулаб хъулухъалде ахIарав МуртазагIали, Петербургалдаса вачIарав цо генераласул тIалаб-агъаз гьабулев чилъун тIамун вукIун вуго. Херав генераласул гъураб берги, лъураб кIалги букIун буго. Гьединал гIаламатал гIумруялъ жинда рихьичIев МуртазагIалида цебе цо нухалъ генералас жиндирго цIорол бер бахъун лъел цIураб стаканалда жанибе рехун буго. Хадуб, бахъун цоги стаканалъуб кIалги лъун буго. ЧIваркьизарун бералгун, хаган жиндихъ валагьун хутIун вугев магIаруласул хIал бичIчIарав генераласул пикру ккун буго МуртазагIали махсароде кквезе, гьев валъаргъине. Кваранаб квер нилъалдаги чIван, квегIалъ гьес жиндирго гъванща ккун буго. Цинги рахъ-рахъалде кIичIардизабизе, кьур-кьурдизабизе, гьеб горбодаса нахъе бахъулеб ххвел гьабизе лъугьун вуго. Уйилан ккарав МуртазагIали, ракIбиххун, рокъоса къватIиве кIанцIун вуго ва тIокIалъ генераласда аскIове къазазавизе кIун гьечIо.

## ЛЪАБЦIУСА ЦIЕЗЕ КIОЛА…

– Гьаб хъаба дида, чIехьечIого, лъабцIуса цIезе кIола, – ян абула цо чияс аскIор рукIарал гьалмагъзабазда.

Гьел гьесда божичIо.

– Божуларищ? Балагье, – ян хъаба цIезегIан жанире ганчIал рала.

– ЦIунищ?
– ЦIуна.
Гьебго хъабинибе ганчIазде гьоркьобе хадуб салиги бала.
– ЦIунищ?
– ЦIуна.
– Цойги балагье, – янги абун гьес хъабинибе нахъеги лъим тIола. – ЦIунищ?
– ЦIуна, – ян разилъула гьалмагъзаби. – Гьедин абулеб жо батила, чохьонибги кванил жинди-жиндир бакI букIунилан.

## ЧОЦА РЕХИДАЛ…

РекIарав чоца гъоркье рехидал, тIаде щварас гьикъанила:
– Вай, гьудулха, гьеб хIалалъ гIодов речIчIизе бегьилищ? – илан.
– Щибха дицаги гьабилеб, зобалдаги ракьалдаги гьоркьов, гьаваялдаги чIунги бажаричIони, – ян жаваб кьола чоца рехарасги.

Къарзалъе гIарац гьаридал

Данде ккарав чиясда, нахъа кьезегIан гIарац кьеян гьаранила цояс.
– Дида мун щивалицин лъаларо, кин дица духъе гIарац кьолеб?
– Лъалез кьоларого букIиндал гурищха, дица лъаларев дуда гьарулеб бугеб.

## БАЛЪГОЛЪИ

Радал, кигIан цудунго вахъун, къватIиве аниги, Сулада, жиндасаго цеве годекIанивеги щун, маадугьал гIодов чIун ватулев вукIана. Цо нухалда гьес мадугьаласда цIехана:
– Я гьудул, Гула, кин дуда кIолеб гьадигIан цудунго годекIаниве щвезе? Мун радал кваначIогойищ гьаниве вачIунев? Бице дидаги дур балъголъи.
– Валлагь гуроха, гьудул Сула, чехь цIезегIан ражиги хун, хинкIалги кванан вачIуна. Дир йиго, гьудул, кIиго лъади. Цоялъ цудунго яхъун цIа бакула, хинкIал гьарула. Цогидалъ ражи бухула, гьумер– квер чуризе лъин хинлъула, чакмаби рацIцIуна. Гьединлъидал дунги гьаниве лъидасаго цеве щола…
РекIелъго Гуладе жахIдаги бачIун, Сулаца кIиабилей чIужулъун ячуна гIолохъанай къоролай.

ЦIияй бахIаралъ нуцIа рагьаралдаса хадуб гьесул рокъоб питна къотIараб къо бачIинчIо. Сордо рогьинегIан Сула вукIунаан, хIелкал гIадин рагъулел лъудбузда гьоркьове лъугьун, маслихIат гьабулев. Рокъоб бугеб ахIи-хIурги чIалгIун цо нухалъ гьев жеги канлъи рехилалдего вахъун годекIаниве вилълъана.

– Ассаламу гIалайкум, Сула! Мун жакъа дидасаги цеве щун вуго гури годекIаниве. Радал кваначIогойищ вилълъарав? – абун цIехана Гулаца.

– Гьанже дирги йигелъулха, Гула, кIиго лъади, – янги абун, Сулаца макьихарал берал кIвекIана.

## МЕТЕР ВАЧIА…

Малла Насрудиница мадугьаласухъа къарзалъе босараб гIарац кинго нахъбуссинабулеб букIун гьечIо. Мадугьал вачIинщинахъе гьес абулеб букIуна:

– Метер вачIа, – абун.

Метер къо кинго тIаде щолеб букIинчIо.

Цо къоялъ Малла базаралде ун вукIун вуго.

Азбаралъуй гьесул чIужу йихьидал, мадугьалас гьелда гьикъанила гIарац кида нахъбуссинабулебилан.

Азбаралда бугеб ганчIиде кверги битIун, гьелъ абунила:

– Гьале гьаб ганчIида хер бижарабго кьела, – ян.

Базаралдаса Малла вачIингун, гьелъ бицанила къарзалда хадув мадугьал вачIиналъул.

– Мун гIантлъунцин гурищ йигей? Щай гьедин абураб? Цо къоялъ гьаб ганчIида хер бижани щиб гьабизе бугеб? Щай абичIеб метер вачIаян? Метер къо киданиги щоларо!

## ХВЕЗЕГIАН ЯХI ГЬАБЕ

ГIумаржан хьулухъалдаса рехана. КIудияв хIакимасул тахалдаса махIрумлъарав гьев гьанже гьитIинлъун ана. Живго кIодолъиялда вугеб мехалъ гьесда рихьуларел рукIарал «гIисинал» гIадамалги рихьулеб хIал лъугьана гьанже живгоги гьитIинлъун арав ГIумаржанил.

Гьале цо къоялъ къотIнов дандчIвана жиндирго гIагарав чи. Доб тIадегIанаб хьулухъалда вугеб заманалда ГIумаржаница гьесде бер рехуларон, вихьичIеб ххвел гьабулаан. КIудияв хIакимасул бер тIаде щвезе гIечIев гьитIинав чилъун вихьулаан ГIумаржанида гьев гIагарав чи. КъотIнов данде ккарав хIакиммахIав чиясда гурони

кIалъаларев вукIарав гьев, жакъа, гьеб гIадатги хвезабун, гIагарав чиясдехун гьикъа-бакъарана:

– Дуе дидасан къваригIараб жогойищ букIинчIеб? Цо нухалъ-гIаги ваккичIо мун дихъе.

– Дие дудасан жо къваригIараб мехалъ, ГIумаржан, дуе дун къваригIун вукIинчIо. Гьанже щиб дуда абилеб? Дур гьоко тIаса гъоркье гирана. Дуда дирги цогиязулги къваригIел тIубазе гьанже кIвеларо.

– Дуе талихI кьеги, гIагарав чи, битIахъе бице: дир хIакъалъулъ щиб бицунеб бугеб гIадамаз?

– Валлагь, битIараб бицани, дур хIакъалъулъ лъикIаб рагIи абулев чиго рагIичIо. ЛъикIав чийилан дудего абизе бокьун батани, мунго хвезегIан яхI гьабе. Хварав чиясул хIакъалъулъ лъикIав чи вукIанилан абулеб гIадат бугелъул, мун хвараб мехалъги цо лъицаниги абизе бегьула дуде лъикIав чи вукIанилан.

***Рицана ПатIимат ГIабдурахIмановалъ.***



Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гьудуллъи

*БацӀцӀадаб магӀарул мацӀ,*
*МагӀнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе* ***«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гӀадат, гӀамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве* ***«Гьудуллъи».***

